КІиабилеб даражаялъул стандартал

# МИСАЛИЯБ ПРОГРАММА

## Авар адабият

**V – IX классал**

МахІачхъала
«Педагогикияб институталъул басмахана»

КIиабилеб даражаялъул стандартал

# МИСАЛИЯБ ПРОГРАММА

## Авар адабият

### V – IX классал

***ТIоцебесеб басма***

МахIачхъала
«Педагогикияб институталъул басмахана»
2016

Программа хIадур гьабуна ГI.ГI. Тахо-Годил цIаралда бугеб Дагъистаналъул гIелмиябгин цIех-рехалъул педагогикияб институталъул адабияталъул сектораль.

Программа гIуцIана Мух1идинова Б.Ш.

Примерная программа по аварской литературе для старших классов дагестанской школы с родным языком обучения. – 1 изд., – Махачкала: ООО «Издательство НИИ педагогики», 2016. – с. 134 (стандарты второго поколения).

ООО «Издательство НИИ педагогики», 2016

**Программаялъе баян**

Программа хIадур гьабуна Аслияб школалда лъай кьеялъул федералияб пачалихъияб стандартги цIалул предметазе гIуцIарал мисалиял программабиги кьочIое росун.

Программаялъ аслияб школалда стандарталъ бихьизабураб авар адабият малъиялъул мурадалда рекъон стандарталъул хIасил рагьула ва рагIа-ракьан бахъун мухIканлъизабула, гьединго цIалул предметалдалъун цIалдохъабазе лъай ва тарбия кьеялъул нух бихьизабула.

Программа ккола мисалияб, ва гьеб хIисабалде босула авар адабияталъул программаби ва учебникал хIадур гьарулел авторaз, ай гьелъул кьучIалда гIуцIизе бегьула авторазул программаби ва цIалул тIахьал.

Аслияб школалда авар адабият лъазабула гьал хадусел аслиял мурадазде щвезе:

- рух1ияб рахъалъ цевет1урав, г1адамазул адаб-х1урмат гьабулев, жиндирго миллат ва Ват1ан бокьулев инсан лъугьинави;

- жиндирго пикру билълъанхъизабизе, ц1алдохъанасул творческияб къаг1идаялъ х1алт1изе бугеб бажари цебет1езаби;

- аваразул ва дагъистаналъул цогидал миллатазул художествиял асарал рич1ч1и, гьел ц1али ва гьезул анализ гьаби;

- обществоялъ къабул гьабурал рухIиялгин эстетикиял нормаби лъазариялъеги, инсанасул гIумруялъул киналго рахъазул хIакъалъулъ лъай щвезабиялъеги, цоцазулгун гьоркьоблъи (ай бухьен) гьабиялъеги адабиялъ квербакъулеблъи бичIчIи;

- авар адабияталъул эстетикияб бечелъи ва авар мацIалъул берцинлъи, гьайбатлъи, пасих1лъи бичIчIи;

- художествияб текст ц1ализеги, гьелъул анализ гьабизеги, маг1на бич1ч1изабизеги, баян кьезеги бугеб бажари лъугьинаби;

- бат1и-бат1иял къаг1идабаздалъун художествияб тексталъул х1асил

бич1ч1изабизеги, жиндирго текст г1уц1изеги, ц1алараб жоялъе къимат кьезеги, гьелда т1аса жиндирго пикру загьир гьабизеги гъваридго лъазаби;

- щибаб къойилаб гIумруялъулъги, цIалулъги, х1алт1улъги авар адабияталъул асараздаса пикраби хIалтIизаризе бажари; калам камиллъизабизе, каламалдалъун цоцада ричIчIизе ва цоцада гьоркьоб бухьен чIезабизе бугеб бажари цебетIезаби; цIалиялда хурхарал батIи-батIиял хIалтIаби (ай мурад лъезеги, план гIуцIизеги, жиндирго каламалда хадуб халкквезеги, ц1алараб бич1ч1изеги, гьелъул анализ гьабизеги, материал балагьизеги (х1атта Интерненталдасанцин)) гъваридго лъай.

## Курсалъул гIаммаб характеристика

«Авар адабият» предмет х1исабалда чара гьеч1ого бухьараб буго авар мац1алда. Авар адабияталъул дарсаз к1удияб кумек гьабула ц1алдохъабазул мац1 бечед гьабизеги, гьезул каламалъул культура борхизабизеги ва берцинго цоцазда бечедаб мац1алдалъун гаргадизеги. Художествиял асарал ц1алигун, ц1алдохъабазда бич1ч1ула раг1ул берцинлъиялъул к1вар, ва гьезда лъала авар мац1 жиндиего хасиятаб гогьаргун бицине.

Авар адабияталъул дарсида к1алзул гьунарги гьелда т1ад х1алт1улеб г1елмуги (литературоведение) жубазабула.

Адабият, т1ад ургъун гьабураб берцинаб к1алзул гьунар х1исабалда, ккола г1умру лъазабиялъул хасаб къаг1ида, гьелъул берцинаб куц, нилъеда цебе ч1олеб дунялалъул г1елмияб сураталдаса бат1ияб, г1аданасул г1умруялде бат1ияб асар гьабун бажарулеб, хъвараб жо ц1алулаго жиндиргоги пикраби цадахъ ц1убалеб творчество.

Адабияталъул дарсазда ц1алдохъабаз лъай-хъвай гьабула художествиял асаразулгунги, гьел асарал хъварал маг1арулазул ва дагъистаналъул жакъасел ва цересел хъвадарухъабазулгунги. ЦУ

Художествиял асарал ц1алигун, нилъер лъималазул дунялалдехун бугеб бербалагьи г1ат1илъула, гьезда г1емераб жо лъала, маг1арулазул ва

дагъистаналъул цогидал миллатазул адабияталъул бечелъи ва берцинлъи бич1ч1ула.

Раг1абазул ва мац1алъул ишарабазул кумекалдалъун литературиял асаразулъ бихьизабураб г1умрудул художествияб сурат нилъеда бич1ч1ула рек1ел х1ал хисунги пикру х1алт1изабунги. Г1адада гурелъул адабият философиялда, тарихалда, психологиялда дандекколеб ва г1умрудул т1ехьлъун, г1адан вич1ч1иялъул г1елмулъун рик1к1унеб.

Курс гІуцІун буго тарихиябгун тематикияб тартибги цІунун. Гьелъ рес кьола лъималазул лъай гІамлъизабизе, литературиял асаразда кколел лъугьа-бахъинал чІванкъотІараб тарихияб заманалда хурхарал рукІин цІалдохъабазда бичІчІизабизе, ва гьезда бихьизабизе гьел асаразда жаниб батІи-батІияб тарихияб заманалъул гІадамазул гІумруги гІамал-хасиятги ва рукІа-рахъинги гвангъун цебечІезабун букІин; гьелдаго цадахъ лъималазе рагьула жакъасеб къоялдаги гьел малъулел асаразул бугеб кІвар: гьанжесеб гІумруялъе битІараб къимат кьун бажаруларо, аралда дандекквечІого.

Школалда малъизе тІасарищун руго хъвадарухъанасул художествияб рахъалъ камилал, тарбия кьеялъе мустахІикъал асарал.

Адабияталъул курс гІуцІун буго гьал хадусел бут1абаздасан:

1. Халкъияб к1алзул гьунар.
2. Хъвадарухъабазул маргъаби ва къисаби.
3. XIX г1асруялъул адабият.
4. XX г1асруялъул адабият (т1оцебесеб бащалъи).
5. XX г1асруялъул адабият (к1иабилеб бащалъи).
6. Дагъистаналъул халкъазул адабияталдасан.
7. Обзорал.
8. Адабияталъул теориялъул баянал.

Щибаб бут1аялъулъ кьун руго художествияб литератураялъул асаралги, гьезул аслияб проблема ва художествияб хаслъи рагьулел къокъал баяналги. Асарал малъулаго, хъвадарухъанасул гІумруялъул ва творческияб

нухалъул хIакъалъулъ баяналги кьезе ккола. Гьелъ квербакъула художествиял асарал гъваридго ричIчIизаризе гуребги, ВатIаналъе ритIухъав, халкъалъул рухIияб байрахъ борхатго кквезе къеркьарав рагIул устарасул хIалуцараб гIумру, жигараб хIаракатчилъи баян гьабизе.

## Ц1алул предметалъул г1уц1иялда к1вар кьезе кколел рахъал

Ц1алул предмет х1исабалда адабияталъул ц1акъ к1удиял ресал руго тарбия кьеялъул х1алт1иялъе. Гьелъ учителасе рес кьола, лъимадул пикру гьабизе бугеб гьунар, бажари ц1ик1к1инабизе гуребги, инсухълъиялъул классиказ цере лъолел ругел масъалаби рит1ун рич1ч1изе, ай хъвадарухъангун гара-ч1вариялде, бах1салде лъугьине ва гьелъул х1асилалда къиматаб, бит1араб рух1ияб нухде ккезе. Абадиялъго къиматаллъун хут1улел къадруял г1амалазулгун лъай-хъвай гьаби, гьездехун рак1 ц1ай ккола школазда адабият малъиялъул аслияб нух ва гьелъ рес кьола гьадинал бищунго аслияллъун кколел масъалаби церелъезе:

- рух1ияб рахъалъ цевет1урав, маданиятги лъалев ва щвараб х1албихьиялдасан жамг1ияб г1умруялъулъ пайда босизеги бажарулев инсан куцай;

- инсанасул г1умру къиматаб жо бук1ин, гьесул эркенго цевет1езе ва бугеб махщел, гьунар камил гьабизе ихтияр бук1ин бич1ч1иялъул кьуч1алда гуманизмалъулал, инсан вокьиялъулал пикраби бот1ролъе лъугьинаризе ва гьенир щула гьаризе;

- гражданин х1исабалда бич1ч1и буголъиялъул кьуч1ал, жамг1иялда ва дунялалда лъугьунеб бугеб жоялдехун жавабчилъиялъул бербалагьи ва жигараб ч1ара-хьараб пикру куцазе;

- патриотизмалъул асар, Ват1аналде ва гьелъул т1адег1анаб къадруялъул тарихалде ва культураялде рокьи, цогидал халкъазул тарихалде ва г1адатазде х1урматияб бербалагьи куцазе;

- х1акъикъиял лъугьа-бахъиназе эстетикияб ва адабазда данде кколедухъ къимат кьезе бажари, Ват1аналъул классиказул асараздаса т1адег1анал мисалал кьун, бугеб х1алалъ, г1адамазул берцинал гьоркьорлъаби ч1езаризе х1аракат бахъулеллъун рук1ине;

- ц1алул предмет ва искусствоялъул тайпа х1исабалда адабият камилго лъазабиялъе х1ажатаб бажариги лъайги щвеялде балагьараб творческияб зах1маталде ругьун гьаризе.

**ЦIалул планалда авар мацIалъ ккураб бакI**

Аслияб школалда авар адабият лъазабизе бихьизабун буго кинабниги 348 сагIат. Гьезда гьоркьоса 5 – 8 классазда 70 – 70 сагIат (анкьида жаниб 2 сагIат, 35 цIалул анкь), 9 классалда 68 сагIат (анкьида жаниб 2 сагIат, 34 цIалул анкь) кьун буго.

**Ц1алул предмет лъазабиялъул х1асилал**

ФГОСалъул т1алабазда рекъон авар адабияталъул программа лъазабун хадуб ц1алдохъаби гьал хадусел х1асилазде щола:

**Напсиял х1асилал:**

1. Жив Россиялъул ва Дагъистаналъул гражданин вук1ин бич1ч1и; Ват1аналдехун рокьи ва адаб-х1урмат бижизаби, Ват1аналдаса ва миллатал г1емераб Республикаялдаса ч1ух1и; жив маг1арулав (аварав) вук1ин бич1ч1и, г1агараб ракьалъул ва жиндирго миллаталъул маданият, тарих, мац1 бич1ч1и; Ват1аналда цебе жиндирго налъи т1убазе кколеблъиялъул ва жавабчилъиялъул асар куцай.

2. Щай жив ц1алулев вугев, щиб мурадалъе г1оло жинца лъай борхизабулеб бугебали бич1ч1ун, жиндирго лъай босиялдехун ва борхизабиялдехун, пикру-г1акълу цебет1езабиялдехун жавабчилъиялъул бербалагьи лъугьинаби. Сверухъе ругел т1асарищизе бегьулел, жиндиего рокьулел махщелазул х1исабги гьабун, лъай босиялде жиндирго бугеб ч1ара-

хьараб гъираги х1исабалде босун, лъай босиялъе хадубккун жиндаго хасаб нух, бич1ч1ун т1аса бищи ва гьелда рекъон ц1али г1уц1и.

3. Гьанжесеб дунялалъул обществоялда г1адамазул г1умруялъул, маданияталъул, мац1алъул рахъалъ ругел бат1алъаби х1исабалде росараб жакъасеб г1елмуялъул даражаялда ва жамг1ияб практикаялда дандекколеб цогояб бич1ч1и лъугьинаби.

4. Бат1ияв чиясдехун ва гьесул пикруялдехун, щивав чиясул цо сундениги бугеб бербалагьиялдехун, диналдехун, мац1алдехун, маданияталдехун, г1адатаздехун ва тарихалдехун х1албухълъи гьеч1еб балагьи лъугьинаби. Цогидазулгун гар-гар гьабизе, гьел рич1ч1изе х1адураллъун ва бажари бугеллъун куцай.

5. Г1ел бащадазда ва ч1ах1иязда гьоркьоб хьвада-ч1вадизе лъай, школалъул жидецаго жидеего нухмалъи гьабулел г1уц1абазулъ ва жидерго г1елалъе дандеккараб жамг1ияб г1умруялъулъ г1ахьаллъи гьаби.

6. Жинца гьарулел ишаздехун жавабчилъиялъул бербалагьи лъугьин.

7. Жамаг1аталъе пайдаял ишалги, ц1алулгин г1елмиял, ц1ех-рехалъулал, творческиял ва цогидал х1алт1абиги гьарулаго, ч1ах1иязулгун ва г1иссиназулгун, цадахъ х1алт1улел г1елцоязулгун гьоркьоблъи гьабизе бажари.

8. Х1инкъи гьеч1еб ва сах-саламатаб г1умру гьабизе лъай; г1адамазул сахлъиялъеги г1умруялъеги х1инкъи бугел лъугьа-бахъинал ккараб мехалъ, хьвада-ч1вадизеги транспорталда ва нухазда хьвадиялъул къаг1идабиги лъай.

9. Сверухъ бугеб т1абиг1аталдехун ц1уна-къараб бербалагьи бук1инаби.

10. Инсанасул ва жамг1ияталъул г1умруялъулъ хъизаналъул к1вар бич1ч1и, хъизамалда гьоркьоб гьабулеб г1умруялъул къиматал рахъал къабул гьари, ва жидерго хъизамалда гьоркьоре унел г1адамаздехун х1урматияб ва т1алабалъулаб бербалагьи гьаби.

11. Россиялъул ва Дагъистаналъул халкъаз нилъее тарал художествиял хут1елал лъазариялдалъун, эстетикияб бич1ч1и цебет1езаби.

**Метапредметиял х1асилал:**

1. Жинца гъабулеб ц1алияльул, живго жиндаго ч1ун, мурад бихьизабизе, ц1алиялъулъ жиндиего ц1иял масъалаби лъезе, лъай борхизабиялъулъ гъира ц1ик1к1инабизе.

2. Жиндирго мурадал т1уразариялъе г1оло, живго жиндаго ч1ун, планал гъаризе; ц1алул ва лъай борхизабиялъул масъалаби т1уразе,

х1асил кьолел къаг1идаби рич1ч1ун т1аса рищизе.

3. Калам ва гаргар гъабиялъул къаг1идаби дандрекъон кколедухъ х1алт1изаризе лъазе, каламалъул монологиял ва диалогиял формабаздаса ва гьезул бат1и-бат1иял тайпабаздаса пайда босизе.

4. Жинцаго т1орит1улел х1алт1аби планалда рухьинаризе (дандеккезаризе); жинцаго гъабулеб х1алт1уда хадуб халкквезе; цере лъурал масъалабазул ва т1алабазул г1орхъода гъарулел х1алт1абазул къаг1идаби ч1езаризе.

5. Ц1алул масъала т1убаялъул дуруслъиялъе ва гьеб т1убазабизе жиндирго бугел ресазе бит1араб къимат кьезе лъай.

6. Жиндиего бит1араб къимат кьезеги жиндаго хадуб халкквезеги бажари; ц1алул ва нахъг1унт1иялъул х1алт1аби т1асарищизе лъай.

7. Раг1абазул маг1на бихьизабизе, г1аммаб х1асил гъабизе, цоцада релълъинаризе, цоцада релълъарал предметал тайпабазде рикьизе; гьел тайпабазде рикьиялъе, кьуч1 ва роцен балагьизе; г1иллаялъулаб бухьен ч1езабизе, ц1ех-рех гъабизе, цоцалъ рекъезарун пикраби загьир гъаризе, ургъун х1асил гъабизе ва ц1ияб х1асилалде вач1ине бажари.

8. Муг1алимасда ва г1ел бащадазда цадахъ ц1алиялда хурхарал х1алт1аби гъаризе, къокъаялъулъ живго цох1о, бат1аго х1алт1изе; даг1ба-раг1и ккараб мехалъ, киназулгунги рекъезабун, киназулго ругел мурадалги х1исабалде росун, г1аммаб х1укмуялде вач1ине; жиндирго пикру загьир гъабизе; жинца загьир гъабураб пикру бит1араб бук1ин бихьизабизе, далил бачине ва

къеркьезе бажари.

9. Жиндирго ишалъул план гьабизе ва гьеб рук1алиде ккезабизе, жиндирго рек1ел асар, пикраби ва т1алабал рич1ч1изаризе, гара-ч1вари гьабиялъул мурадалда калам гьабиялъе х1ажалъулел къаг1идаби рич1ч1ун х1алт1изаризе бажари.

10. Информациялъулабгин-коммуникативияб технологиялдаса пайда босизе бажари.

11. БатIи-батIиял пикраби загьир гьаризе ихтияр букIиналъе мукIурлъизе ва, гьебги х1исабалдеги босун, цадахъ рекъон х1алт1изаризе жигар бахъи.

12. Жиндирго пикру ва рак1ч1ей цогидазда бич1ч1изабизе, гьелъие кьуч1ал х1ужжаби рачине; цадахъ рекъон х1алт1улаго ва г1аммаб х1укмуялде рач1унаго, жиндирго пикру цогидазул пикругун рекъезабизе бажари.

13. Х1укму гьабилалде ва бит1араб пикру т1аса бищилалде цебе бат1и-бат1иял пикраби мух1кан гьаризе ва дандекквезе бажари.

14. Цадахъ х1алт1улаго, дандекколарел мурадал ругониги, г1аммаб х1укмуялде рач1ине бажари.

15. Жиндирго иш г1уц1иялъе ва дандиявгун рекъон х1алт1иялъе дандекколел суалал лъезе бажари.

**Предметиял х1асилал:**

1.Маг1арулазул ва цогидал халкъазул фольклоралъул, авар ва цогидал Дагъистаналъул миллатазул адабияталъул лъазарурал асаразул аслиял суалал ва цереч1арал масъалаби рич1ч1изе.

2.Жинцаго ц1ализе, фольклоралъул асарал т1асарищизе.

3. Жинцаго загьир гьабураб к1алзул ва хъвавул каламалъулъ фольклоралъул г1исинал жанрал (кицаби, абиял ва гь.ц.) х1алт1изаризе.

4. Дандекколеб интонацияги ц1унун, маргьаби ва къисаби пасих1го ц1ализе.

5. Жиндирго каламалъулъ халкъиял маргъабазе хасиятал художествиял къаг1идабиги х1алт1изарун, маргъаби рицине.

6. Маргъабазулъ гьезие хасиятал художествиял къаг1идаби ратизе ва гьелъул кьуч1алда маргъабазул жанрал рат1агьаризе, литературияб маргъа фольклориялдаса бат1абахъизе.

7. Бат1и-бат1иял халкъазул маргъаби дандекквезе, гьезулъ щибаб халкъалъул хьвада-ч1вадиялъул мурадлъун бугел рахъал кин рихьизарун ругелали бихьизе (цогидал халкъазулги жиндирго халкъалъулги мурадлъун ругел хасиятазулъ (идеалазулъ) г1аммаб жо ва бат1алъи батизе).

8. Маргъа, яги къиса ургъизе (цо кициялда рекъонги бегьула), яги хадуб-цебе рекъараб, цо маг1наяб мухъ ц1унараб хабар ургъизе.

9. Бат1и-бат1иял халкъазул коч1одалъун хъварал бах1арчилъиялъул тарих бицунел асарал дандекквезе ва гьезул миллиял хаслъаби рат1агьаризе.

10. Мух1канал хасал рихьизариялги нухмалъиялъе росун, живго жиндаго ч1ун ц1ализе, бат1и-бат1иял халкъазул к1алзул асарал т1асарищизе.

11. Темабазул, цереч1арал масъалабазул ва сипатазул рахъалъ бат1и-бат1иял халкъазул фольклоралъул асаразда гьоркьор ругел хурхенал ч1езаризе. (релълъенлъи ва бат1алъи х1исабалде босун).

12.Тексталъул жанралъулгин-сипаталъул т1абиг1атги х1исабалде босун, дандекколедухъ анализ гьабулеб къаг1ида т1асабищизе.

13. Художествияб тексталъулъ поэтикаялда хурхарал бак1ал ратизе, гьелъул художествияб ва маг1наялъулаб к1вар бихьизе.

14. Баян кьураб хасияталъул цогидазул текстал дандекквезе ва х1ужжабаздалъун гьезие къимат кьезе.

15. Искусствоялъул бат1иял алатаздалъун г1уц1арал художествияб тексталъул баяназе (интерпретациялъе) къимат кьезе.

16. Литературиял асараздаги гьел хъвараб заманалдаги гьоркьоб бугеб бухьен бич1ч1изе; гьезулъ бугеб заманалъ хисизабулареб, ай киналго заманазе дандекколеб рух1ияб бечелъиялъул жакъа къоялдехун бугеб хурхен

загьир гьабизе.

17. Литературияб асаралъул анализ гьабизе, гьеб кинаб тайпаялъул, жанралъул бугебали ч1езабизе, литературияб асаралъул тема, идея, рух1ияб пафос баян гьабизе ва бич1ч1изе, гьелъул героязе къимат кьезе, цо яги чанго асаралъул героял дандекквезе бажари.

18. Асаралъулъ сюжеталъул, композициялъул бут1аби, мац1алъул хаслъаби рихьизари, асаралъул идеялъулабгин-художествияб маг1на рагьизе гьезул бугеб к1вар (филологияб анализалъул бут1аби) бич1ч1и, литературияб асаралъул анализ гьабулаго, бищунго г1адатаб литературоведениялъул терминология лъай.

19. Авар адабияталъул ва маданияталъул рух1иялгин-хьвада-ч1вадиялъул, адабалъул къиматал жалазда рак1 хурхинаби, гьел цогидал халкъазул рух1иялгин-хьвада-ч1вадиялъул къиматал жалгун дандекквей.

20. Адабияталъул асараздехун жиндирго хасаб пикру лъугьин ва гьезие къимат кьей.

21. Малъарал, лъазарурал литературиял асаразул х1акъалъулъ (цо-цо мехалъ, х1ажалъиялда рекъон) жиндаго бич1ч1улеб баян кьей

22. Героялдехун авторасул ва жиндирго гьоркьоблъи загьир гьаби.

23. Г1енеккун бат1и-бат1иял жанразул литературиял асарал рич1ч1и, пикру гьабун ц1али ва ц1алараб асар дандрекъон кколедухъ бит1ун бич1ч1и.

24. Харбидалъун, ай прозаялдалъун хъварал асарал яги гьезул бут1аби, рахьдал мац1алъул сипатиял алатаздаса ва тексталдаса росарал цитатаздаса пайдаги босун, ц1идасан рицинеги, ц1алараб яги г1енеккун раг1араб тексталда т1аса лъурал суалазе жавабал кьезеги, к1алзул формаялда бат1и-бат1ияб тайпаялъул монологал загьир гьаризеги, диалог г1уц1изеги бажари.

25. Лъазарурал асараз тематикаялда, проблематикаялда хурхарал темабазда т1аса изложениял яги сочинениял, классалда яги рокъор кьурал

творческиял х1алт1аби, адабияталъул ва г1аммал культуриял темабазда т1аса рефератал хъвай

26. Раг1абаздасан г1уц1араб искусствоялъул гьунар х1исабалда, адабияталъул дандекквеязул т1абиг1ат, адабияталъул асаразул берцинлъи, эстетика бич1ч1и.

27. Рахьдал мац1алъул раг1ул бугеб эстетикияб к1варги адабияталъул асаразул художествиял сипатал г1уц1иялъулъ, мац1алъул бат1и-бат1иял алатазул бугеб к1варги бич1ч1и.

## Ц1АЛУЛ КУРСАЛЪУЛ Г1УЦ1И

### 1. ХАЛКЪИЯБ КIАЛЗУЛ ГЬУНАР

***«ГанчIил вас»***

ВатIан хиралъи — маргьаялъул аслияб магIна. МагIарулазул къвакIи, ВатIаналъе гIоло рухI бичизе хIадурал рукIин гьитIинав васасул мисалалдасан бихьизаби. Залимав талавурчи Тимурида ва гье- сул чукъбузда тIад васас рухIияб бергьенлъи боси. ВатIан хириясе хвел букIунаро.

***«Лъабго гьунар гьабурав бахIарчи»***

Инсанасе бищун тIадегIанаб рухIияб бечелъи ВатIан букIин маргьаялъул аслияб магIна. Инсанасул лъикIал рахъазе рецц гьаби. ЛъикIлъиялъ квешлъи къезаби. ТIабигIат мукIур гьабизе инсанасул букIараб анищ. Маргьабалъ кколел гIажаибал ишал.

Маргьаялъул мацI ва гьеб гIуцIун букIунеб куц. Маргьабазул гIадатлъи ва пасихIлъи.

***«ХIамаги бацIги»***

БоцIуца гIорцIиялъ цулъарав бечедав чиясул бацIилаб гIантлъиги, бокьа-бокьараб гьабизе бегьулин ккейги, хIалтIуца чурхъарав мискин- чи

хIисабалда хIамил цIодорлъиги маргъадулъ бихьизабун бугеб куц. ХъантIи, зулму гьаби халкъалъ какулеб букIин. РитIухълъиялъ бергьен- лъи босизе букIиналде халкъалъул хьул.

***«Кьурулъ хутIарав ГIали»***

ХъантIиялъ, бахиллъиялъ ва жахIдаялъ чиясул инсанлъи лъугIизабулеб ва гьев хIилла-рекIкIалде вачунеб куц кочIолъ бихьи- забун бугеб куц. КочIолъ хIалтIизарурал маргьаялъе хасиятал рахъал. Гаргаралъул кIвар.

***БицанкIаби***

БегIераб пагьмуялда, гвангъараб сипатияб нухалда халкъалъул гIакълуги берзул цIодорлъиги бицанкIабазда жаниб загьирлъи. БицанкIабазул хаслъи.

***Кицаби ва абиял***

Кицабазулъ ва абиязулъ гIагараб ракьалде рокьи, инсанасул саха- ватлъи, бахIарчилъи, гIакъиллъи, рухIияб бечелъи, гьединго хиянатлъи, макру, кIухIаллъи, чIухIи-пахрулъи, къарумлъи, кIвар гьечIолъи гван- гъун загьир гьаби. Кицаби ва абиял — халкъияб гIакълуялъул хазина.

Кицабазул ва абиязул хаслъи — пасихIлъи ва къокълъи. МацIалъул камиллъи ва гIужиллъи. Кицабазул битIараб ва хъвалсараб магIна.

***«Къайицадахъал»***

РакI бащалъи, чехь бащалъи — гьудуллъиялъул кьучI. Хиянатчи, гьереси — гьудуллъиялъул тушман. ХIалтIуларев чиясул хIалихьалъиги, хиянатги, макруги камулареблъи царал мисалалдалъун бихьизаби. Халкъалъ чиясе къимат хIалтIухъ балагьун кьолеб букIин.

***«Ралъдал чу»***

Гьунар цIикIкIарасул цIар гьаби. ЛъикIаб чу бахIарчиясда гурони квегъизе кIунгутIи. ГьитIинав вацасул гьунарал. Ахиралде гьитIинав вац талихIавлъун вахъиналъе гIилла. ЖахIда-хIусуд какун бугеб куц.

Миккиясалъул цIодорлъи. Ханасул хъантIи ва гьелъул хIасил. БахIарчилъи гьабичIого, гIолохъанчи мурадалде щунгутIи. Маргьаялда кколел гIажаибал лъугьа-бахъинал.

*«Бокьуларо, эбел, рии бачIине»*

ВахIшияб гIадат хIисабалда чабхъен каки. Гьелъул балагьаб хасият бихьизабизе кочIолъ хIалтIизарун ругел ресал.

*«ХIожоги гуржиявги»*

Талавурчилъи, чабхъад хьвади — миллатазда гьоркьоб питна бекьи хIисабалда къисаялда какун бугеб куц. ХIожоца гуржияв лагълъун гьавичIого, васлъун теялъе гIилла. Гьелдаса бижараб гьудуллъи ва гьелъул хIалбихьи.

МагIарулазулги гуржиязулги рухIияб бечелъи, миллияб гIамал- хасият ХIожолги гуржиясулги сипатаздалъун загьир гьаби. Къисаялъул гIадатаб, сипатияб мацI.

*«Суфичи — хиянатчи»* **(халкъияб къиса) Нахъе босизе «Бахтика»халкъияб кеч1лъезе**

Цо-цо диниял чагIазул чарлъи халкъалъ какулеб куц. МацIихъанлъиялъ ва бугьтанлъеялъ гIадамал балагьалде рачин. Къисаялъул пикру. МацIалъул сипатлъи.

*«Хочбар»* **(З. ХIажиевас къачIараб)**

Гьидерил эркенал росаби жиндирго кверщаликье рачине хундерил ханас гьабураб питна ва талавурчилъи кочIолъ каки. Лагълъиялда дан- де, эркенлъи цIунун, гьидерица гьабураб къеркьей. Гьидерил ва гьезул цевехъан Хочбарил бахIарчилъи, яхI-намусалъул кIодолъи, рухIияб бечелъи.

Хундерил Нуцалил гIамал-хасият. Хочбарица ханасул васал цIадаре рехиялъе гIилла.

## 2. ХЪВАДАРУХЪАБАЗУЛ МАРГЬАБИ ВА КЪИСАБИ

## ЦIадаса ХIамзат.

**«ГъалбацIги ГIанкIги»**

Зулмучиясул ахир хвалдалъун лъугIулеблъи — маргъаялъул аслияб пикру. Бищун хIинкъараблъун толеб ГIанкIил бахIарчилъи — гIакъилаб букIин. ГъалбацI хвеялъе гIилла — жиндаса бергьунеб жанавар бегьула- рин абураб пахрулъи, къуваталда мугъчIвай. МагIирукъалъул бакIалда гIалхуда бертин гьабиялъе гIилла. Маргьаялъул хъвалсараб магIна. Маргьа хъвараб кочIолаб каламалъул чвахи, пасихIлъи, сипатлъи.

## ГIабдулмажид Хачалов.

**«Шахламаз»**

РакIалда канлъи бихьулей бецай ессарухъаналъул цIодорлъи, пах- руяв ханасул лъавукълъи ва пахрулъи. ЗахIматчагIазул сахаватлъи, сабрулъи кIодо гьабун, тIадчагIазул магIна гьечIеб чIобогояб гIумру какун бугеб куц. Халкъияб маргьаялъул гIадатаб мацI, ритIухълъи бергьин, тIекълъи къей — гIумруялъул закон.

## ГIабасил МахIамад.

**«ЧIибирикъ»**

«БахIарчи хъабчилъ ватула» абураб кици-маргьаялъул аслияб магIна. Маргьаялъул багьадур ЧIибирикъил гIадатлъиги мискинлъи- ги, махсара хIалае ккун, бихьизабун бугеб куц. ЧIибирикъил гьунар. Ханасул «баркала». Ханасул ясалъ ЧIибирикъ тIасавищиялъе гIилла. Бечелъиялъе ва чилъиялъе авторас кьолеб къимат. Инсанасул талихI, бечелъиялъулъ гуреб, чилъиялъулъ букIин. Махсараялъул (юморалъул) хIакъалъулъ баян.

## Заирбег ГIалиханов.

**«Беццаб сапар»**

Маргьаялъул багьадурзабазул гІамал-хасият. Гьезул калам. РакІбацІцІадаб гьудуллъиялъ хІилла-макруялда тІад бергьенлъи боси - маргьаялъул аслияб пикру.

## ГІумархІажи Шахтаманов.

**«Халкъалъул ццин» - поэма пересмотреть (никакой не маргьу)**

ВатІаналъул хиянатчи —халкъалъул тушман. БоцІуда хъантІиялъ чи вачунеб бакІ. МагІарул халкъалъул яхІ-намусалъул байрахълъун ЗагІалги ГІазизги рихьизари. Чанхъи — рогьоялъул мугъру. Поэмаялъ- ул мацІ. Хиянатчиясда «Чанхъи» — ян цІар теялъе гІилла. Хиянатчи халкъалъул тамихІалдаса ворчІунгутІи.

**«МугІрузул ГІали» З. Х1ажтиевас къач1араб лъезе халкъиял асаразда гъорлъ лъезе.**

Бугьтан лъей, мацІихъанлъи — инсанасул бищун квешаб гІамал. Загьруял борхьазда мацІихъаби релълъинариялъе гІилла. Лъадул яцІцІалъи, хІалимлъи, рухІгІан ГІали вокьулев вукІин бихьизабулел сипатиял рагІаби. КочІолъ гаргаралъул кІвар. ТалихІаб хьизан балагьалде тІамуразе кочІолъ кьун бугеб къимат.

## 3. XIX ГІАСРУЯЛЪУЛ АДАБИЯТ

## Инхоса ГІалихІажияв.

ГІалихІажияв — аваразул литературияб мацІ къачІарав рагІул устар. Поэтасул гІумруялъул ва творчествоялъул хІакъалъулъ баян.

ГІалихІажиясул поэзиялъулъ насихІат, лирика ва сатира. ГІалихІажияс насихІатияб поэзия тІадегІанаб даражаялде бахинаби.

**«Бечедал чагІазде», «Рицинин цо хабарал», «Кицабиял алфазал»**

«ЗахIмат бихьичIого...», «КъабихIлъун чи вихьун...», «Гьерсил чода рекIарав...», «Калам дагьлъи беццараб...», «Чидае гвенд бухъани...», «Жиндийго гьавудичIев...», «Найица тIегь кванала...».

Чияр гьиналдалъун боцIи данде гьабурал бечедал чагIазул гIамал-хасият. Жиндирго захIматалдалъун бетIербахъи гьабулев инсанасул сахаватлъи, рекIел бечелъи. КочIол багьадураздехун жиндирго бугеб гьоркьоблъи бихьизабизе шагIирас ратарал сипатиял рагIаби. КочIол мацIалъул пасихIлъи.

**«ГIелму ва жагьлу»,** Инсанасул гIумруялда жаниб гIелмуялъ кколеб бакI. ГIелму — хвел гьечIеб хазина. Асаралъул насихIатаб хасият.

**«Гьекъел-мехтел».** Гьакълил «баракат» — бокьун гIадаллъи; мехталил «тIоклъи — тIутIлъун гIадан лъугьин» — кочIол аслияб пикру.

**«Исрапчиясде».** Щибго жо инсанас исрап гьаби кочIолъ какун бугеб куц. НигIматалъул къадру-къимат гьабизе, гьелдехун инсаплъия- лъул бербалагьи букIине ккей. КочIол пасихIаб насихIатаб мацI.

Инсанасул цIодорлъи, рухIияб тIадегIанлъи бихьизабулел алфазал ва гьезул насихIат.

**«Ракь».** Щивав чиясда нахъа буго хвел, гьесул ахират букIуна ракьулъ. Гьенир ращалъула киналго: мискинавги, бечедавги, чIухIаравги, гIакъилавги, гьудул-гьалмагъги, рос-лъадиги — кочIол философияб пикру. **«ГIакълудал ралъад», «ГIадада чIоге».**

**Лирика. «Мукъур сурмияб микки», «Балагье, йокьулей», «Гьурмада берцинлъи гIун».** ЧIужугIадан кIодо гьайи. ГIадатай магIарулалъул берцинлъи, недегьлъи, хIеренлъи, хIалтIулъ бажа- ри, хIурматалъе, гIаданлъиялъе гьунар, къохIехьей, къвакIи ГIали- хIажиясул лирикаялъулъ гвангъун бицунеб куц.

РекIел бечелъи, рухIияб берцинлъи лирикиял кучIдузул цIияб рахъ. Рифмаялда хъварал рокьул кучIдул — поэзиялъул цIияб форма: **«Аман ракIги угьун», «БагIарбилил хъала».**

**Сатира.** Чияр гьин кваналел бечедазде, мискинзаби гуккулел будун-дибиразде, нигІмат исрап гьабулезде, мехтун гІадаллъулезде поэ- тас хьвагІулеб сатирияб цІал. (Цереккун малъарал сатириял асараздаса пайда босун: **«Гьекъел-мехтел», «Исрапчиясде», «Яс бечедасе кьезе бокьаразде»).**

ГІалихІажияв — философ. ГІумруялъул диалектикияб закон рагьулел философиял асарал. **«Хьул», «ХъахІаб расалде», «БухІ- бухІараб кьехь гІадаб».** Кицабиял алфазал.

ГІалихІажиясул поэзиялъул мацІалъул пасихІлъи, камиллъи, магІнаялъул гъварилъи, гІадатлъи, сипатияб рагІул гугьар.

19 векалъул кІиабилеб бащалъиялда авар халкъалъул тарихалда жанир ккарал лъугьа-бахъиназ поэтасул тематикаялда кколеб бакІ.

**Критика. Чакар Юсупова. «Алигаджи из Инхо» («Инхоса ГІалихІажияв»).**

## Элдарилав.

**«Хъуру-хъара». «Алданил яс Меседо» лъеезе** Инсанасул гІумруялъулъ ритІухълъи гьечІолъи шагІирас каки. ТІадчагІаз «хъуру-хъара» — ян мискинзаби инжит гьариялде данде шагІирасул гьаракь.

**«Росу берцин»,** ЧІужугІаданалъул берцинлъи, напс кІодо гьаби шагІирасул лирика-

ялъул хаслъи.

**«Жергъен гьартун ккана».** ГІадатал гІадамазул тІадегІанаб рухІияб бечелъи, чилъи, бацІцІадаб намус-яхІ бецци.

## ЦІадаса ХІамзат.

**«ГІакдал кечІ».** БечІчІулеб гІака хвеялдалъун мискинаб хъизамалъе бачІараб къва- рилъи. МагІарулазул къо бухІараб мискинлъи ва язихълъи

бихьизабун бугеб куц. КочIол пасихIлъи, мацIалъул камиллъи. ХIамзатил махсарадул хаслъи.

**«Дибирги ГIанхвараги».** Диниял къануналги дибирасул ишалги дандеккунгутIиялъул кьучIалда хъвараб сатирияб асар.

Мискинчиясул гIумру ГIанхрилалда релълъинаби — асаралъул хъвалсараб магIна. Дибирги ГIанхвараги гаргазе тIамиялъул мурад. РухIияб тунка-гIусиялда ГIанхвара бергьиналъе гIилла.

**«Ашбазалде»**. ГIадамал гуккун, боцIи данде гьабизе лъугьарал даранчагIазда велъулаго, ХIамзатица кьабулеб сатирикияб цIал. ХIажиясул хъантIи бихьизабизе шагIирас хIалтIизарурал эпитетал.

МацIалъул гIадатлъи, пасихIлъи, бечелъи, кицабаздаса махщалида пайда боси.

## МахIмуд.

МахIмудил гIумру ва творчество.

Диналъ, шаригIаталъ гьукъараб чIагояб гIумруялъул рохел, аваданлъи, инсанасул рухIиял тIалабал, хIасрат, къеркьей цIунулеб ярагъ хIисабалда МахIмудица лирикияб кечI цебетIезаби. Рокьуе гурони лагълъи гьабизе ккунгутIи кочIолъ ахIи.

**«РекIелъ ияхI бугев...», «ХъахIилаб зодихъе багIарбакъул нур», «Рокьул конторалъул кавуги рагьун», «Почтовой кагътиде керенги чучун»**

Чияр захIмат кваналел макруял чагIазул къасдал къватIир чIвазарун ругеб куц. ЦIияб гIумру тIаде щолеб букIин бихьизабизе шагIирас хIалтIизарулел ругел сипатиял рагIаби. КочIол сатирикияб мацI. Эпи- теталъул кIвар.

МахIмудил поэзиялъул тIадегIанлъи, кIодолъи, пасихIлъи. Лирикиял багъадуразул сипатал. ГIишкъуялъул хIалуцин. Рокьиги кьалги. Йокьулей рикIкIалъанагIан ракI гьелъухъе цIалеб куц.

ШагIирасул асаразул мацIалъул камиллъи, каламалъул гIадатлъи.

**«Макьу», «Эбел-яс», «Почтовой кагътиде», «ГIишкъул цIеца»,**

**«Марям», «РекIел гьаваялъул гьундул рихханин».** МахIмудил поэзиялъул цIилъи, магIнаялъул гъварилъи, мацIалъул пасихIлъи. КочIолъ пикруялъулги хIасраталъулги хIалуцин. РекIел хIал борцине тIабигIаталъул берцинлъиялдаса пайда боси. МахIмудил лирикаялъул художествияб камиллъи, магIнаялъул бечелъи. Халкъияб лирикаялъул бечедал формабазул кьучIалда, МахIмудица пасихIлъи бахинабураб борхалъи. Аваразул литературияб мацI цебетIезабиялъулъ поэтас лъу- раб бутIа.

**Критика.** ЦI.ХIамзат. **«ХъахIабросулъа МахIмуд».**

## ЧIикIаса МухIамад.

**«Имам ГъазимухIамад чIваялде» «Рач1а маг1арулал, г1ат1иракьалде» лъезе**

Имам ГъазимухIамадие кочIолъ кьолеб бугеб къимат. МагIарулазул рахъ борхизабун, кIодо гьабун, кочIолъ бихьизаби.

Генуб росулъ ккараб рагъул сурат. Тушманзабазул гIалхулаб тIабигIат къватIиб чIвазаби, гьезул гIамал-хасияталъе къимат кьей.

КочIол аслияб пикру. МацIалъул бечелъи ва пасихIлъи.

## ЧIанкIа.

ЧIанкIал гIумруялъул ва творчествоялъул хIакъалъулъ баян. Инса-

насул рухIияб гъварилъуде, чиясул напсалде кIвар кьеялъе гIилла. Гьеб заманалъ социалияб цебетIей. Капитализмалъул махI магIарухъеги бахин.

Империалистиял рагъазулъ (1905-1917 соназда) дагъистанияз гІахьаллъи гьаби. Революциялъул идея Дагъистаналда тІибитІи.

**«Сайгидул БатІалиде».** КочІол хІакъикъияб аслу. Мухьдахъ япониязул рагъде ритІарал дагъистаниязул къисмат. МагІарул гІолохъабазул бахІарчилъи, къо хІехьей, гьезда гьоркьов ШапигІиласул васасул чилъи. Щибго магІна гьечІеб рагъда холел бахІарзазул гІумруялда шагІир ба- рахщи. Гьезул хвел пачаясул хІукуматалда чІвалеб гІайиб букІин.

МагІуялъул бакІалда пасихІаб баллада. Камилаб сипатияб мацІ. ШапигІиласул сабру ва къвакІи бихьизабулел эпитетал.

**«ТІалхІатиде».** Вокьулев вихьизе ясалъул хьул-анищ. Гьелъул рекІел хІал, рокьул гІишкъу загьир гьабизе шагІирасул гьунар, мацІалъул бечелъи.

**«ТІаде магІарухье», «Гулишатиде», «ГъаракІунисей», «Шумайсат»** абурал кучІдузулъ магІарулалъул образ. РухІияб бечелъи, гІишкъул гьайбатлъи, мацІалъул пасихІлъи. Лирикияб кочІода ЧІанкІаца лъураб цІияб рухІ.

Рокьи — тІабигІаталъ инсанасе кьураб тІадегІанаб асар.

## Инхелоса Къурбан.ил бак1алда (Этил Г1али лъезе«Гьолокье сапар», «Анцухъа Мах1адиде»)лъезе

**«Борхатаб магІарда», «ГІенекке, йокьулей», «Бахъа, къалам»**

**«Наибзаби хІелун».** Наибзабаз гуккун, япониязул рагъде ритІун арал магІарул гІолохъабазул рекІел хІал, гьезул яхІ-намус, бахІарчилъи бихьизабизе шагІирасул бажари. КочІол пикру, мацІалъул пасихІлъи.

**Рокьул лирика.** Къурбанил рокьул лирикаялъул хаслъи. ГІидра тІегьалда, бакъ-моцІалда, цІвабзазда, алжанул хІурулгІиналда йокьулей релълъине гьайи. Къецалъул, диалогалъул къагІидаялда кучІдул гІуцІи. МагІарулалъе эркенлъиялде нух рагьизе шагІирас бахъулеб бугеб хІаракат.

## 4. ХХ ГІАСРУЯЛЪУЛ АДАБИЯТ (т1оцебесеб бут1а)

### ЦІадаса ХІамзат.

**«Гъудуллъи лъилгун кквелеб?»**

КочІол насихІатаб хасият. Гъудуллъиялъул хІакъалъулъ шагІирасул пикраби. МацІалъул пасихІлъи ва сипатлъи.

**«Шамил».** Халкъияв багъадурасде бугьтанал лъей, къучІ гьечІел чІорал, рагІи рехи — мекъаб иш бугин абураб шагІирасул пикру кочІолъ загьирлъи. Шамилил бахІарчияб тарихалъе къимат кьезе, гьелъул кІвар рагьизе ХІамзатица хІалтІизарурал сипатиял рагІаби.

**«Чоде».** Жиндирго хъахІаб чол хІакъалъулъ ХІамзатил кучІдул. КочІохъанасул махсара, чода бадир чІваял, ва гІайибал гьари. Гьел гьа- риялъе гІилла. МацІалъул пасихІлъи.

**«Пилги ЦІунцІраги».** Жиндирго къуваталде мугъчІвайги гьабун, чІухІи бихьизабураб Пилалъул мисалалдасан шагІирас гІадамасулъ рекъечІеб пахруяб чІухІи какулеб куц.

Баснялъул насихІат.

**«Маймалакги цІулал устарги».** Баснялъул аслияб магІна жин- дир гуреб иш тІаде босарав чи сурулеб куц бихьизаби. Маймалака- лъул гІамал бугел гІадамазда гвангъараб мисалалдалъун ХІамзатица речІчІулеб сатираялъул чІор. Кколареб ва жинда лъалареб иш гьабулев чиясул гІамал жиндаго багъи.

Баснялъ кьолеб гІакълу.

**«Айдемир ва Умайгьанат».** КІигьумерчилъи, цІогь, хІилла-макру, гІадан хІакъир гьави гІадал инсанасул квешал рахъал къватІир чІвазари. Аслиял сипатал, гьезул хаслъи. Жаниса турарал Асмаги, ясги, гьезул хъатикь вугев Гъазиги жал цІакъал чагІилъун хІазе лъугьиналъ ккеза- бураб комедияб хІал.

Каламалъул хаслъиялдалъун багъадуразул хасият-гІамал рагъизе авторасул махщел. Асиятил, Умайгъанатил, Айдемирил сипатал.

**«ГІумруялъул дарсал»** (къокъ гъабураб). ЦІадаса ХІамзатил устар-лъи халкъияб кІалзулаб гъунаралда бухьараб букІин. Поэмаялъулъ ин- санасул рухІияб дунялалъе, гІамал-хасияталъе ва хьвада-чІвадиялъе къимат кьей. Лъималазе ва гІолилазе лъай ва тарбия кьеялъул ра- хъалъ аза-азар соназ халкъалъ хІалтІизарурал кицабаздаса, абияздаса, гІакъилал пикрабаздаса ва малъа-хъваяздаса шагІирас гІатІидго пайда боси.

Поэма — магІарул халкъалъул адабияб ва гІадилияб хьвада чІвадиялъул бечедаб хІалбихьи загьир гьабураб асар.

**«Балагьалъул гъамас»**

Меседгун гІарцуца халкъ хвалде цІаялъе гвангъараб мисал. Бечелъи-ялъ гІадамазул гІамал-хасият хисизабулеб куц. Жидер захІматалдалъун, гІурхъулъа ун, гІадан бечелъизе рес гьечІолъи. Бечелъиги намус-яхІги цадахъ хІебтІунгутІи, гьезул цоялъ цояб чІвай — гІумруялъул закон букІин авторас кІудияб махщалида бихьизаби. Жакъасеб гІумруялъул матІулъун гьеб трагедия букІин.

ЦІадаса ХІамзат — аваразул советияб литератураялъе кьучІ лъурав рагІул устар. ГІумру ва творчество.

Революциялда цересел асарал. (Анализалъе росила цереккун малъа-

рал **«Ашбазалде», «Дибирги ГІанхвараги», «ГІакдал кечІ» (Оцол г1умру)лъезе** ва гь.ц.).

Поэтасул асаразул тематикаялъул цІилъи ва героязул хаслъи. ЦІадаса ХІамзат — кІудияв сатирик. Революцияб нухда цІияб

чІаголъи гІуцІизе квалквал гьабулебщинаб поэтас гІужие гъей.

**«ГІадатазул жул», «МагІарул мискинзабазде», убрать«ХІамабагъадурлъи»,**

**«Багъизе гьве хьихьи», «Эбел, яс ва базарган», «Гьидерил гІадат».**

Поэтасул политикияб лирика ва гьелъул хаслъи. **«Барка».**

ЦІадаса ХІамзатил рагъул кучІдузулъ ВатІан хиралъиялъул асар.

**«Къисас»** абураб тІехь. **(«Рахъа дида хадур»** — (малъараб), **«ГІемер лъадахъ ани», «Дунял гьаргьадулеб», «ГьитІинай ПатІиде»),**

ХІамзатил драматургия. **(«Айдимер ва Умайгьанат» —** (малъараб), **«Хьитазул устар»** — (класстун къватІибехун цІалараб).

**«ГІисинил гьвел кечІ»** — 15 сонил гІумруялда ХІамзатица хъвараб кІиабилеб асар. БачІинахъего гьеб лъугьин какун беццулеб, беццун какулеб шагІирасул сатираялъул аслияб мугърулъун. Гьимиги (ирония), тІадвелъиги (юмор), хъачІго какиги (сарказм), гьеб асаралда жаниб гІатІидго хІалтІизабун бугеб куц. ГьитІинаб, гьадингояб жо кІодо гьабун. кІудияб гІад-хочІ гьабун, жамгІиял гІузраби къватІир чІвазари. Херлъун бода сурараб гьведе кочІодалъун кІалъай — ХІамзатил адаби- яб хІаракаталъул цІилъи.

ХІакъикъияб лъугьа-бахъинги кьочІое босун, хІакъикъиял гІадамазул цІаралги рехсон, жамгІиял гІузраби понцІон рихьизари.

Халкъалда рагІизабун, къватІибе бахъараб тІоцебесеб кІиябго кечІалъ **(«ГІалибегил гьве» ва «ГІисинил гьвел кечІ»)** аваразул кІудияв шагІир вахъун вукІиналъе нугІлъи гьабула гьвел бетІергьанас автор чанцІулго судалде кьеялъ. МацІалъул бечелъи, роцІин, пасихІлъи, мегафоразул, дандекквеязул кутак.

**«Советазде щал рищизе кколел?» убрать** абураб кечІ халкъалъе ритІухълъиялъул нухбихьизабилъун букІин. Гьанжесеб гІумруялда гьелъул кІвар. ХІамзатил гІакълу гІадахъбосичІолъиялъ кьолел кьогІал хІасилал.

**«ХІамабагьадурлъи».** ГІиси-бикъинаб, гьадингояб жоги кІодо гьа-бун, ццин балъаргъиналъ ва гьелъие бокьараб гьабиялъ, гІантаб чІухІиги кьолон, кьалде лъугьиналъ балагьалде цІалеб куц. «ГІакълу — цебе, ццин —

нахъе», — ян абураб халкъияб кициялъул сан гьабичIолъиялъ кьолеб хIасил ва ХIамзатил насихIат.

**«Москваяльул гIунгутIаби»** какун бецциялъул гвангъараб мисал, ХIамзатил юморалъул хаслъиялъул нугI.

ХIамзатил юморалъул (махсараялъул) хаслъи, мацIалъул пасихIлъи, бегIерлъи, гIадатлъи.

Аваразул советияб литература ва культура гIуцIиялъулъ ва цебетIезабиялъулъ ЦIадаса ХIамзатица лъураб бутIа.

## МухIамад Шамхалов.

**«Зурмихъабазул нохъоде»**

ГIисалги Расулилги гьудуллъиялъул щулалъи. ГIиял гьой Игитги лъималги. Расулилги ГIисалги захIматалдехун бугеб бербалагьи. Хъвадарухъанас ГIисаеги, Расулиеги, Игиталъеги кьолеб къимат. Бахъизе

**«Тамашаяв гьобол»**

Асаралъул аслияб тема — революциялда цересел соназда МахIач Дахадаевасул хIаракатчилъи. ГIолохъанго МахIачил букIараб гьунар ва, макъратIисалъ махх гIадин, гIадамал жиндехунго цIалеб рагьараб ритIухълъи.

МахIачил сипат рагьизе авторас хIалтIизарурал сипатиял рагIаби ва гьезул кIвар.

**«Вац»**

Ригьнада гьоркьор хутIарал басриял гIадатал цIияб гIелалъ хIатIикь лъолел рукIин — хабаралъул тема. Яцалъул талихIаб къисматалъе гIоло вацас рагIи аби гIад гьабулеб гIадат МухIамадица хвезаби.

МухIамадил ва Алипатил цоцаздехун бербалагьи. Алипатил цIодорлъи, намуслъи, адаб буголъи, жиндирго талихIалъе гIоло къер- кьей. Бахъизе

«Ват1аналъул унти» роман лъезе

## МухIамад Сулиманов.

**«ХIинкъараб сапар»**

ЦIияб гIумруги гIагараб ракьги Самиеги Набиеги хирияб букIиналъе нугIлъи гьабулел гьезул ишал. Набилги Самилги гьудуллъи. Мекъалде- ги битIаралдеги лъималазул бербалагьи ва гьелъул хIасил. Лъималазул бахIарчилъи.

**«Васигат»**

ЦIаруйго берцин рихьарал ясал хъами, цогидал хIинкъизарун, пит- на балагьизе рахъин гIадинал инсаплъи хварал некIсиял гIадатал по- эмаялда каки.

БахIарчияй ясалъул сипат. Гьей магIарул ясалъул бахIарчияб намус- яхIалъул гIаламатлъун йихьизайи.

Бидулас хъачагълъи рехун теялъе гIилла. Ярагъ ракьулъ букъиялъул магIна.

Поэмаялъул мацIалъул пасихIлъи, чвахиялъул дуруслъи.

## Расул ХIамзатов.

**«Вера Васильевна».** Халкъазда гьоркьоб гьудуллъи щулалъи ва цебетIей — кочIол аслияб пикру. ГIурус чIужугIаданалъ магIарулазе гьабураб ракIбацIцIадаб кумек. Миллатазда гьоркьоб рагъулъги хIалтIулъги тIегьан бачIараб щулияб гьудуллъи — къуват.

**«Маша».** Рагъда лъадарараб гьудуллъи-вацлъи хадубккунги тIегьай.

«Маша» абураб цIар лъеялъе гIилла. КочIол рохалилаб ва пашманаб бакъан. Лъималазде бугеб кIудияб ва хIеренаб рокьи загьир гьабизе шагIирас хIалтIизабураб махсара, сипатиял рагIаби. Дандекквеялъул ва эпитеталъул кIвар. Убрать!

**«Россиялъул солдатал».** Поэмаялъе кьочIое босараб хIакъикъат. Халкъазда гьоркьоб гьудуллъи. ГIадамазе ВатIаналъул хиралъи. Рагъ-ухъабазул бахIарчилъи, рухIияб бечелъи, тушманасдаса бергьун гуро- ни, къун чIезе кIунгутIи. ГIабдулманаповасул рухIияб бечелъи рагьизе шагIирас хIалтIизарурал сипатиял рагIаби. Гаргаралъул кIвар.

**«Къункъраби».** ВатIаналъул намус-яхI цIунун рагъарал, хIалтIарал бахIарзазе сайгъат гьабураб кечI. ГIадан хиралъиялъул тIадегIанаб асар загьир гьабун, авторасда ратарал сипатиял рагIаби.

**«Эбелалъ дир кинидахъ», «Дагъистаналъул рохьал», «МагIарулал»**

ГIумруялъул ицц — эбелалде гIурхъи гьечIеб рокьи шагIирас кочIолъ загьир гьабураб куц. Эбелалъул рокьиялъ лъимадул чи лъугьи- нави, гьелъухъ лъимап улбузда цере даим налъулаллъун хутIи хIеренаб, пасихIаб, сипатияб мацIалъ бицунеб куц.

МагIарулазул яхI-намусалъул, рухIияб бечелъиялъул, тIабигIаталъул, гIагараб ВатIаналде гьезул бугеб рокьул кIодолъиялъул бицунел **«МагIарулал», «Дагъистаналъул рохьал»** абурал кучIдул. Жиндирго ВатIаналдаса ва гьелъул миллаталдаса шагIирасул чIухIи.

КучIдузул магIнаялъул гьварилъи, мацIалъул сипатлъи, формаялъул рекъонккей.

**«Дир ракI мугIрузда буго».** Поэмаялда жанир шагIирас жин-дирго халкъалъул хасияталъул лъикIал рахъал загьир гьари: къвакIи, гIадатлъи, рекIел гIатIилъи, захIмат бокьи, гIадан хиралъи. Поэмаялъул аслияб пикру — шагIирасул хIасратаб, жив халкъгун вугин, гьелъулгун жиндир бухьен тIун гьечIин абураб калам.

**«Дир Дагъистан».** Асаралъул хIакъалъулъ цеберагIи. Жинде щвезегIан лъиданиги батун букIинчIеб хIикматаб жанр Расулица бижи- заби. «Дир Дагъистан» — инсанасул ва дунялалъул хIакъалъулъ пик- рабазул тIехь.

**«Эбелалде».** Лъималазде эбелалъул рокьул кIодолъи ва гъварилъи, гьезул ургъалида ва рухIалида гIумру унел улбузда цере лъимал кидаго налъулаллъун хутIи. Эбелалъул сипаталда ва цIаралда цеве шагIирасул недегьлъи ва рекIел тIеренлъи.

**«Авар мацI».** Рахьдал мацI гьечIони, гьечIо миллат, гьелъул маданият, рухIияб бечелъи. Умумуз ирсалъе тараб гьеб хазина наслабазе цIуничIони, цIунуларо халкъ. КочIол каламалъул хIалуцин. Лирикияв багьадурасул монолог.

**«Милъиршаби».** МагIарул тIабигIаталъул ва гIадамазул рукIарахъиназул сурат кIудияб рокьиялда ва махщалида бихьизабун бугеб куц. Сипатиял рагIабазул кIвар.

**«Инсулгун гара-чIвари»** — поэтасул программияб асар. Поэзиялъул кIвар, шагIирасул борч, — кидаго тIекълъигун, мекълъигун рагъда вукIин. Авторасул аслияб пикру рагьизе инсул каламалъул ва тIабигIиял сипатазул кIвар.

Расулил лирикаялъул хаслъи, цIилъи. ЦIиял тайпабаздалъун (жанрабаздалъун) миллияб адабият бечед гьаби.

**«Хъулбузул хIакъалъулъ», «Гьудулзаби цIуне», «КечIали щайгурин, щибаб рагIиги...», «Дихье рокьи бачIана».** МацIалъул пасихIлъи, метафоразул бечелъи, магIнаялъул гъварилъи.

ВатIаналъул ва тIолабго дунялалъул къисматалъул тIалабалда хъварал асарал. Инсул тIалъиялъул ва тIолго дунялалъул шагIирин цIар кьеялъе гIилла. **«ГIумруялъул гьоко», «Руччабазул чIинкIиллъи»,**

**«Концерт»** гIадал асаразул тематика ва гьезул кIвар.

Расул ХIамзатовасул творчествоялъул цIилъи. Поэт Пачалихъаялъулаб ва Ленинилаб премиябазе мустахIикълъи, Социалистияб ЗахIматалъул БахIарчи абураб цIар кьей.

**«Инсулгун гара-чIвари», «Васигат», «Хъулбузул хIакъалъулъ», «Гъудулзаби цIуне», «КечIали щайгурин, щибаб рагIиги...», «Дихъе рокьи бачIана».**

Поэтасул асаразул аслиял темаби: эбелаб ракь, хIасратаб рокьи, гIагараб халкъалъул къисмат, дунялалъе рекъел, инсанасул рухIияб бе- челъи.

Халкъазул гьудуллъи, вацлъи кIодо гьабун ахIарал кучIдул **(«Цо рукъалъул лъимал», «КIудияв вац», «Вера Васильевна», «Маша»).**

«Киниги гъанситоги» т1ехьалдаса цикл «улкаялъул рахъалъ куч1дул» яги «коч1ол рукъалъул ункъго цили»

**5. ХХ ГIАСРУЯЛЪУЛ АДАБИЯТ (к1иабилеб бут1а)**

## ГIабдулмажид Хачалов.

**«ТIаса лъугьа, гьалмагъ майор»**

ВатIанияб рагъда гIадамазул таваккал, къвакIи, бахIарчилъи ва тушманасде ццин загьир гьабун бугеб куц. Саша Горбуновасул цIодорлъи. бахIарчилъи, къвакIи, тушманасде гьалагаб ццин. Майор Горбуновасул гIамал-хасият. ГIурусав Горбуновасулги, магIарулав Гъазихъовасулги, гуржиясулги рагъда лъадарараб гьудуллъи.

**«Хваразул цIаралдасан»**

КIудияб ВатIанияб рагъда халкъалъ бихьизабураб бахIарчилъи, къвакIи, къохIехьей. Гьеб кинабго бачIунеб гIелалда кIочене бегьунгутIи.

Халкъалъе гIоло рухI кьурал гIадамал хвел гьечIеллъун лъугьин — поэмаялъул аслияб пикру.

Поэмаялъул гIуцIиялъул хаслъи, мацIалъул пасихIлъи. Хвараздехунги чIагояздехунги авторасул бербалагьи.

## Фазу ГIалиева.

**«Рии тIадбан буго дир тIалъиялда»**

Гьавураб ва гIураб ракьалъул тIабигIат ккола ВатIаналде рагьулеб рокьул каву. Гьелдасан байбихьула эбелаб ракьалде рокьул асар тIирщизе. ГIазизаб тIалъиялъул тIабигIаталъ шагIиралъе гьабураб асар. Гьелде бугеб жиндирго хIасрат загьир гьабизе шагIиралда рата- рал сипатал.

**«ЦIад»** балеб мехалъ мугIрузул тIабигIат хисулеб куц, ЧIагояб тIабигIат гьелдаса бохиялъул сипат. Лъималазе гьелъ гьабураб асар. ЦIад тIабигIаталъе ва гIадамазе рахIматлъун букIиналдаса шагIиралъул рохел.

**«Дир рахьдал мацI»**

МацI гьечIони, гьечIо миллат. Миллат тIагIарал къавмал — рухIияб ицц къараб къулгIа. Рахьдал мацIалде магIарулаз мугъ рехулеб букIин бихьарай шагIиралъул рекIел бухIи, гьеб рухIияб хазина цIунеян балеб ахIи.

Къадахъанги хвелги лъезе!!! Гьалъул бак1алда

**«МугIрузул закон»** — азарил соназ магIарулаз жидеда рекъон гIумру гьабурал гьайбатал гIадатал. Цо хъизанлъун, росдал жамагIаталъ гъункун гIумру гьабизе гьезул бугеб рухIияб кIвар. Гьел хъвачIел зако- назул гIорхъи бахарав чи жамагIаталъ рикIкIунгутIи, гьев гIадамазул берзукьа ворти рогьо-ничлъун букIин.

**«Эбелалда гьикъе»** — эбелалъул рухIияб кIодолъи кочIолъ ахIи. Эбелалъул рекIеда бикIун букIуна щибаб жиндир лъимадул лъугьа-бахъинги, рохел-пашманлъиги, гьел гIурал куцги. КIочарабщинаб абула эбелалда гьикьеян. Даимал налъулаллъун лъимал эбелалъе хутIи.

**«Кини»**

МагIарул чIужугIаданалъул гIакъиллъи, сабруялъул кIодолъи. Гьелъул рухIияб дунялалъул камиллъи. Васасдехун, йикIинесей нусал- дехун, цогидаздехун Халунил бербалагьи. Закарил ва Меседул сипатал.

Рагъул магъалоялъул бакIлъи. Гаргаралъул, сипатиял рагIабазул кIвар.

**«Кьолбол мугьру».** Жакъасел магIарулазул гIумруялъул ва рукIа-рахъиналъул гIатIидаб сурат цебечIезабулеб куц. Умумузул ир-силаллъун кколел гIолилазул рухIияб дунялалъул гIатIилъи, бечелъи. Эркенаб захIматалда куцарал устарзабазул рекIел бечелъи, сахаватлъи, гIадамасул къадру борцунеб роценлъун хIалтIудехун бугеб бербалагьи лъугьин.

**«ЛъагIалил свери»** — жалго жидедаго чIун цIализе ва анали-залъе цадахъ къазе.

## МухIамад ГIабдулхIалимов. -----

**«Инсул мина»**

Эбел-инсул адаб-хIурмат гьабизе ккола, гьел чIаго рукIаго. Инсул рокъове Ибрагьим тIадвуссиналъе гIилла. Ибрагьимидаги гьесул вас Сапиюладаги гьоркьоб ккараб гара-чIвари, гьелъул магIна ва кIвар.

**«Госпиталалъул вас»**

ХIамзатилги Сахратилги гьудуллъи ккей. Лъукъарал солдатаз ХIамзатил эбелалъул хIурмат гьаби. Дзгуевас васасе орден кьей. Ка- питан Симоновги ХIамзатги. Эбел фронталде иналъе гIилла. Орден бикъи. Эбелалъул кагъат бачIин. ХIамзат фронталде лъути.

ВатIаналъе хилиплъи — кIудияб такъсир — къисаялъул аслияб пикру.

## Заид ХIажиев.

**«ХIанчIикIкIал».** Эркенаб цадахъаб захIмат талихI-рохелалъул кьучI букIин хIор бахъарал хIанчIазулги хIалтIудаса нахъе кIанцIараб Гагулги мисалалда бихьизабун бугеб куц. ЦIодораб тIинчI хIанчIалъе ин ва цадахъ хIалтIиялдаса щвараб рохел. Гагул макрулъи. ХIанчIазул эр- кенаб захIматги Гагул пахрулъиги бихьизабизе шагIирас хIалтIизарурал сипатиял рагIаби.

ТIабигIаталъул сурат цебечIезабизе шагIирасул махщел.

**«Цакьуги Циги».** РекIелъ чаран букIин чилъиялъул аслияб шартI

кколеблъи Цакьулги Цилги мисалалдалъун шагIирас загьир гьаби.Цилги Цакьулги хасият-гIамал рагьулел сипатиял рагIаби. Баснялъул насихIат.

Заид ХIажиев аваразул советияб поэзиялъе кьучI лъуразул цояв ва авар мацIалда тIоцересел драмаялъул асаразул автор. ГIумруялъул ва творчествоялъул хIакъалъулъ къокъаб баян.

ВатIаналде Заид ХIажиевас ахIарал кучIдул **«ТIогьол магIдан», «Тушманасе хвел», «ЦIияб гIел»** — (цебеккун малъараб).

Поэтасул сатира. **(«Лъадаве щив инев?», «Цакьуги Циги» —** (цереккун малъарал), **«ЧIагояб экран»).**

Поэзиялъул кIваралъул ва поэтасул борчалъул хIакъалъулъ пикраби **(«Къебелъухъ»).**

Заид ХIажиевасул кочIол мацIалъул дуруслъи, пасихIлъи.

## Ражаб Дии-МухIамаев.

### «Хиянатчи»

ВатIаналде къо ккараб мехалъ, нахъе къан чIарав чиясул рогьояб гIумру ва гьелъул кколеб инжитаб ахир. ВатIаналъе хилиплъарав чияс жиндирго гIагарлъи, йокьарай яс учузго ричулеб куц. Хиянаталде МухIамадил нух. Хъвалис ХIамзат — жанисел тушбабазул цо тайпа. Багьадураздехун ва гьезул ишаздехун авторасул бугеб бербалагьи эа- гьир гьарулел эпитетал, дандекквеял, метафорал ва гьезул кIвар.

## ХIусен ХIажиев.

### «ГIалибегил къулгIа»

ГIалибегилги гьесул чIужу Айизалги гIаданлъи, рекIел сахаватлъи, адаб-хIурматгун инсан кIодо гьави. ГIадамазе жив хIажатав вукIиналдаса ГIалибегил чIухIи. Херав магIаруласул гIамал-хасият. Сверухъ бугеб

тIабигIаталдехун гьесул бугеб рокьи ва тIалаб. ГIалибегица чанил цIцIе хвасар гьаби. Иццуда «ГIалибегил къулгIа» абураб цIар лъеялъе гIилла.

Харбил пикруялъул гъварилъи.

## Багъатар.

**«Дихъ ралагьун чIа, мугIрул»**

МагIарул хъизамалда ва школалда захIматалде рокьи базаби ва гьеб бечелъилъун рикIкIин. ГIадамазе, гIаммаб магIишаталъе пайда гьаби- ялдаса къисаялъул багьадуразул чIухIи ва рохел. Къисаялъул аслиял багьадуразул сипатал. ГIисиназдаги чIахIияздаги гьоркьоб гьудуллъи. Къисаялъул хIеренаб сипатияб мацI. Аслиял багьадураздехун автора- сул бербалагьи загьир гьарулел сипатиял рагIаби.

**«Чадил кесек»** Инсанасул гIумруялда жаниб чадица кколеб бакI. Кванидехун хIурмат гьаби — асаралъул пикру. Хабаралда авторас рорхун ругел суалал.

**«Севералда бугеб дир милъиршо».** Жакъасел анищал, къасдал. Миллатазул рухIияб бечелъи. Къисаялъул аслиял багьадурал, гьезул си- патал. Эбел-инсудехун, чIахIияб гIелалдехун гIолилазул гьоркьоблъи.

Автор — къисаялъул багьадур. Лъугьа-бахъин аслияв багьадурасул цIаралдасан бициналъе гIилла.

Багьадуразул рекIел хIал, къасдал рагьиялъе мугIрузул тIабигIаталъул, Каспий ралъдал суратазул кIвар.

**«ЩIадакьа бахчулеб дир чанил бурутI».** МагIарул гIолилазул гIумру-хасияталъул тема. ГIолилазул цIали, анищ, къасдал, рокьи ав- торас махщалида рихьизари. Циноевасул кIигьумерчилъи. Месей — гIадатай магIарул яс. Месейил гъалатI ва жинцаго жиндиего гьабураб тамихI. Гьимат — яхI, намус, гIишкъу цIунизе лъалел гIолилазул це- вехъан.

Къисаялъул гIуцIиялъул хаслъи. МацIалъул пасихIлъи. РакIал- дещвеязул, монологазул кIвар.

## Асадулагь МухIамаев.

**«МагIарулай» (гьелдаса кIиго кесек): «АхIмад тIадвуссин», «Миккикъор»**

Лъалареб хIалалъ ругъназул согIаз хисарав АхIмад рагъдаса вачIун эбел-инсуда рещтIин. ЛъазегIан ккараб гара-чIвариялда фронталдаги тылалдаги къеркьарал гIадамазул рухIияб бечелъи, тIадегIанлъи.

## МухIамад Хуршилов.

**«ГIандалал»**

Къисаялъул хIакъикъияб аслу. Гьеб хъваялъул мурад ва заман. ВатIан хиралъиялъул асар ва гьеб цIунизе рухI кьун рагъарал умумузул ирс цIунизе ккей — асаралъул тема. МагIарулазул чилъи борцунеб ро- цен — таваккал, бахIарчилъи, къвакIи. Херав ХIасанил, Чупаласул ва цогидалги багьадуразул сипатал.

Надир-шагь инжитго къеялъе гIилла.

**«Сулахъалъ нугIлъи гьабула» («Кьода нус», «Боркьараб рагъ»)**

**Романалъул хIакъалъулъ баян.** Кьода батараб носол балъголъи. Хъаравуласул хабар. БоцIуе гIоло бечедаз гьабулеб вахIшилъи. Ми- скиназдаги бечедаздаги гьоркьоб тушманлъи цIикIкIиналъе гIилла.

ГIумарил нухмалъиялда гъоркь мискинхалкъалъ гьабураб боркьараб рагъуе нугI — Сулахъ. (Нахъе бахъизе из за неактуальности)

## Муса МухIамадов.

**«Инсул гьалбал»**

Гьоболасул адаб-хIурмат гьаби — магIарулазул гьайбатаб гIадат букIин. Гьалбал хирияв ГIабдулагьил ва гьесул лъадул рухIияб бечелъи.

ЛъикIаб гIадат, цоцахъе кьолаго, рухIияб хазиналъун наслабаз цIунизе ва бечед гьабизе ккей — хабаралъул аслияб пикру. Аслиял багьадуразул сипатал. Асаралъул пикру рагьизе тIабигIаталъул сураталъул бугеб кIвар.

**«Манарша» (къокъ гьабураб)**

МагIарул гIолилазул гIуцIарухъанлъи ва рухIияб дунялалъул гIатIилъи. ХIайдарил, Манаршал, ПатIиматил сипатал. Манар- шал гIумруялда жаниб эбел Гулжагьаница ва херай Катураль кколеб бакI Манаршаги мугIалимги. Манаршал рухIияб дунял гIатIилъизе мугIалималъ лъолеб бутIа.

**«Къисас».** Тема, идея, аслиял образал. Революциялъул нухда магIарулазул гIакълу-лъай цIубараб ва гIумру цIилъараб куц. (ГIаммаб лъай-хъвай).

**«Бакъдасел».---** Къисаялъул идея, аслиял образал. Жакъасел магIарулазул гIумруялъул ва рукIа-рахъиналъул гIатIидаб сурат. Сове- тиял гIадамазул рухIияб бечелъиялде ва берцинлъиялде авторас кьолеб кIвар. Къисаялъул гIуцIиялъул хаслъи.

Ч1ег1ераб гамач1

## ХIажи Гъазимирзаев.

**«Васасде», «Гъудуласде», «Лъалхъуге, дир барти»**

ШагIирасул гIумру ва адабияб хIаракатчилъи.

Умумузул гIамал-хасият, гIагараб ракь, магIарул халкъ, миллияб мацI — шагIирасул адабияб гьунаралъул аслияб-тема.

Гъазимирзаевасул кучIдузул пасихIлъи, мацIалъул бечелъи, пикра- базул гъварилъи.

## Машидат Гъайирбекова.

**«Эбелалъул ракI», «Эбелалъул кечI», «КочIолъ батана дир рухI»**

ШагІирапъул гІумру ва адабияб хІаракатчилъи.

МагІарул чІужугІаданалъул къадру, намус, захІмат, гьелъул напс ва тІадегІанлъи кІодо гьаби — Машидатил асаразул аслияб темабазул цояб. Лирикияб сипат гІуцІизе шагІиралъул бугеб махщел ва бажари.

## ГІабасил МухІамад.

**«Анлъжугьаби»**

Халкъияв шагІирасул гІумру ва адабияб хІаракатчилъи. Авар адабияталда ХІамзатил Расулица гІатІидаб нух рагьана рагІаби дагьаб, магІна гъваридал анльго мухъил къокъал кучІдузе. Гьеб форма берцин бихьарав ГІабасил МухІамадица цІикІкІун кІвар кьуна анлъжугьабазе.

САба меседо, Камалил Башир

## ГІумар-ХІажи Шахтаманов.

**Лирика: «Къаралазул гІор», «РачІа, гьудулзаби», «ГІандадерил хІор»**

Шахтамановасул лирикаялъул хІакъалъулъ баян. Гьелъул философия, хаслъи.

ВатІан, гІагараб халкъ хиралъи, инсанасул намус-яхІ, гІамал-хасият, шагІир ва заман, шагІир ва поэзия Шахтамановасул лирикаялъул аслиял темаби.

Халкъалъул щцин

## ГІарип Расулов.

**«Хазина»**

Хъвадарухъанасул гІумру ва адабияб хІаракатчилъи. Хабаралда жаниб хІакъикъияб ва гьересияб цоцада данде тунки. Инсанасул гІумру — даимаб чвахи.

Жиндирго намусалда, гIумруялда, тIабигIаталъ кьураб пагьму-гьунаралда цебе унго-унгояв устарасул ритIухълъи ва жавабчилъи — хабаралъул аслияб пикру.

**МухIамад АхIмадов.**

**Лирика: «Дие бокьун буго», «Сардалги къоялги къацандулелъул...», «Гьале гIазу балеб...», «ЧIужугIадан»**

АхIмадов — авар поэзиялъул цIияб наслуялъул вакил. ШагIирасул гIумру ва адабияб хIаракатчилъи.

ВатIан, гIумру, гIадамал, жакъасеб къоялъул рохелги ургъелги, миллияб тарих — чIужугIаданалъул къисмат, заманалда цебе шагIирасул жавабчилъи — АхIмадовасул лирикаялъул аслияб тема.

Рахьдал мацIалдаса пайда босизе, гьеб махщалида хIалтIизабизе шагIирасул бугеб гьунар.

**МухIамад Гунашев.**

**«ЩIадулал соназул учитель».** Жиндиего бокьун, КIудияб ВатIаниб рагъде арав учителасул къис- мат. Поэмаялъул хIакъикъияб кьучI. Рагъул авлахъалда бохги тун, школалде тIадвуссарав учителасул рухIияб бечелъи. Жиндир цIулал бох букIинцин лъазе течIого, окопазул форма хисичIого, гулбуз борлъ- борлъараб шинелалда гъорлъ, бергьенлъиялъул къо бачIинегIан гьев хьвадарав куц. Фронталда улбул ругел лъималазе эменлъиги учительлъиги цадахъ гьаби. Жиндирго мукъсанаб квен ракъарал цIалдохъабазе кьун, кIудияб яхI-намусалда вукIин.

Учителасул камилаб сипат гIуцIизе шагIирас хIалтIизарурал дандекквеял, метафорал, эпитетал ва гьезул кIвар.

Дида Игьалиб цо мина бихьана, Дир байрахъулал,

## 6. ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХАЛКЪАЗУЛ АДАБИЯТАЛДАСА

**ЛъарагIазул халкъияб кечI «Янгъизасул кечI».**

**Табасараназул халкъияб кечI «Мискинлъи».**

**Даргиязул халкъияб кечI «Рагъ рикIкIад бугониги...».**

### Сулейман Стальский.

**«Бечедал чиновниказде», «Маллаязде»,**

**«Эркенлъи», «Октябралъул революция», «ХIалтIухъан»,**

**«Нилъер къуват».**

Лезгиязул советияб литератураялъе кьучI лъурав шагIир — Сулейман Стальский. Поэтасул гIумру (цебеккун малъараб жиндирго хIакъалъулъ хабарги гъорлъе бачун). Бакуялъул нартихъабазулгун хурхен. КучIдул гьаризе байбихьараб куц. Цересел тIадчагIи ва рухIаниял кучIдузулъ каки. **(«Бегавуласде» —** (малъараб), **«Бечедал чиновниказде», «Маллаязде»).**

Социалистиял гIуцIарухъабазул хIакъалъулъ кучIдул **(«ХIалтIухъан», «Нилъер къуват», «Комсомол»).**

Лезгиязул советияб литература цебетIеялъе Сулейманил асаразул кIвар.

**М.Горькица** поэтасе кьураб къимат.

### ГIазиз Иминагъаев

ГIазиз Иминагъаевасул литературияб хIаракатчилъи. Н е к I с и я л гIадатал гIужие гъезе, рухIаниязул рухIияб хъарцинлъи, хъантIи къватIир чIвазаризе **(«Муллаги ясги»),** хIалтIухъанасул букIараб кьогIаб къисмат рагьизе **(«НекIо хIалтIухъанасул гIумру»)** поэтасул гьунар.

КӀудияб ВатӀанияб рагъда бергьенлъи нилъехъ букӀиналда ракӀ чӀезабун, ГӀазизица ахӀарал кучӀдул: «Тушман тӀагӀинавизин», «Бергьенлъи нилъехъ букӀин».

**«ХӀалтӀухъанасул гӀумру»**

НекӀо хӀалтӀухъабазул букӀараб кьогӀаб къисмат кочӀолъ гван-гъун бихьизабун бугеб куц. Гьеб асар пачаясул хӀукуматалда чӀвалеб гӀайиблъун букӀин.

ШагӀирас хӀалтӀухъаби эркенлъи тӀалаб гьабиялде кантӀизари.

## Эффенди Капиев.

**«ГанчӀида накъищал» (обзор), «Поэт» («Гуч» абураб бетӀер)**

ГӀумруялъул ва литературияб хӀаракатчилъиялъул хӀакъалъулъ къокъаб баян.

Дагъистаналъул миллияб литератураялъул хазина данде бакӀаризе (**«ГанчӀида накъищал»** абураб тӀехь), хъвадарухъаби куцазе Э. Капи- евас бахъараб жигар.

**«Поэт»** абураб къисаялъул хаслъи — гӀумруялъул ритӀухълъи.

**«Гуч»** абураб бутӀаялъул идея, образал.

Дагъистаналъул миллияб литература цебетӀеялъулъ Э. Капиевас лъураб бутӀа ва гьелъул кӀвар.

**«МагӀарухъ чвахунцӀад».** МагӀарул тӀабигӀаталъул берцинльи. Хабаралъ рекӀее гьабулеб аваданаб асар. ГӀагараб ракьалде авторасул бугеб рокьи бихьизабизе сипатиял рагӀабазул кӀвар.

**«Разведчикал».** Хъвадарухъанасул асаразулъ КӀудияб ВатӀанияб рагъул тема.

Рагъулаб тӀадкъай тӀубазе тушманасул тылалде арал разведчика-зул къвакӀи, таваккал ва гъунки. Тушманасдаса рецӀел босизе бугеб гӀишкъу. ИсмагӀиловасул сипат.

**«Сабаб».** Очеркалъе кьочІое босараб хІакъикъияб лъугьа-бахъин. Рагъда лъадарун рахъарал бахІарзал. Разведчиказул командир ХІажи Ибрагьимовасул сипат. Бергьенлъиялъул ицц — халкъазул гъункараб цолъи, ВатІаналде гъваридаб рокьи. Рагъда хвалдаса цІунулеб сабаб — цІодорлъи, бахІарчилъи, хІинкъи лъангутІи.

## АбутІалиб Гъафуров.

Поэтасул гІумруялъул ва адабияб хІаракаталъул хІакъалъулъ гІатІидаб баян. Анализалъе пайда босила цебеккун малъараб **«Дир гІумру»** абураб асаралдаса ва **«Квешлъиялъе квешлъи»** (6 кл) малъ- изе: **«Баси», «Дида бичІчІана», «ДугІа», «ГІакъилал рагІаби»,**

**«МугІрул», «Катил хІеж».** РагІуе бакІ къварибаб, магІна бечедаб халкъияв поэтасул асаразул камиллъи.

**«Дир гІумру»**

НекІо магІарулазул мискинзабазул букІараб кьогІаб, язихъаб гІумруялъул сурат. Бечедал устарзабаз ругьун гьаризе ккун рукІарал лъималазул гъин кваналеб букІараб куц. Чалабил сипат. Гьесул вахІшилъи, къарумлъи, рухІияб мискинлъи. Мискинав васасул рухІияб бечелъи, эркенлъиялде цІайи ва гьелде батараб нух.

**«Квешлъиялъе квешлъи».** ЛъикІлъи гьабуразе лъикІлъи, квешлъи гьабуразе квешлъи батулеб гІумруялъул закон рагьизе шагІирасда батараб тема.

Гьабураб квешлъи кида-къадги жиндаго речІчІулеблъи бихьизабун бугеб куц. АбутІалибил насихІатиябгун философияб магІна. РагІабазул гІадатлъи, магІнаялъул гъварилъи, гІакълуялъул камиллъи.

## Абулмуслим Жафаров.

**«Куркьбал ругеб хъачагъ»** (гьелдаса кIиго бетIер**), «Вехьасул хабар», «ГьацIул кьураби», «ЧIагоял рукъуларо».**

Табасараназул советияб литератураялъе кьучI лъурав **Абулмуслим Жафаровасул** гIумруялъул ва творчествоялъул хIакъалъулъ къокъаб баян.

Эркенаб захIматалъул, цIияб гIумруялъул гIуцIарухъанлъиялъул темаялда кучIдул, харбал, пьесаби хъвазе поэтасул букIараб гьунар.

**«Куркьбал ругеб хъачагъ»** (цебеккун малъараб **«СихIираб ци»** абулеб бутIаги дандекъан, анализ гьабила). **«ЧIагоял рукъуларо»** абураб поэмаялда рагъул тема рагьиялъул хаслъи. Асаралъул идея, образал.

**«СихIираб ци».** ГIалхул жанаварал — гIагараб тIабигIаталъул берцинлъи. ТIабигIат цIуни — инсанасул налъи. МутIрузул тIабигIаталъул сипат-сурат цебечIезабизе хъвадарухъанасул бугеб махщел. Ци чIвачIого теялъе гIилла.

## АхIмадхан Абу-Бакар.

Хъвадарухъанасул гIумруялъул ва творчествоялъул хIакъалъулъ къокъаб баян, **«Даргиязул ясал».**

**«ХъахIаб сайгак»** абулеб къисаялда борхулеб аслияб суал — тIабигIат, гьелъул берцинлъи ва бечелъи цIуни. Аслиял образал. Къи- саялъул художествияб хаслъи. Гьанжесел рухIиялгун-инсанлъиялъул суалал рагьизе АхIмадханил махщел. Даргиязул хабариял асарал церетIезариялъулъ хъвадарухъанас лъураб бутIа.

**«Магьидул хъалиян», «КIиго херлъи».** Халкъазда, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи-вацлъи. КIиго батIияб улкаялъул вакилзабазда гьоркьоб гьудуллъиялъул асар бижи хабаралъ- ул аслияб пикру. Даниялъул ччугIихъабазул образал. Кубачи росдал су- рат, гьелъул машгьурал устарзабазул сипатал.

**«КӀиго херлъи».** Инсанасул рухӀияб бечелъи захӀматалда бухьараб букӀиналъул хӀакъалъулъ авторасул пикраби. Сахаваталлъун, гурхӀел- цӀоб бугеллъун рукӀин - гӀумруялда нур базаби.

ГӀумругун къеркьеялъ чиясул рекӀелъ рухӀияб чаран лъей, жиндирго черх куцаялъ, гӀакълу лъадариялъ инсан камил гьави - хабаралъул аслияб магӀна. Инсанги тӀабигӀатги дандекквей.

## Аткъай Аджаматов.

**«Дун чӀухӀула», «РитӀучӀил лълъурдул» (обзор) (3 сагӀат)**

Поэтасул гӀумруялъул ва творчествоялъул хӀакъалъулъ къокъаб баян.

**«Дун чӀухӀула»** абураб къисаялъул идея ва аслиял образал. Рагъдаса хадуб Аткъайил кочӀолаб гьунар цӀубай. **«РитӀучӀил лълъурдул»** абураб поэмаялъул идея ва аслиял образал.

## МутӀалиб Митаров.

**«Чагуралъул къиса».** Поэмаялъул тема ва идея. Жиндирго къагӀидаялъ рагъул тема рагьизе поэтасда ратарал ресал. Аслияб об- разал.

**«Устар» (къокъ гьабураб).** ШагӀирасул гӀумруялъул хӀакъалъулъ къокъаб баян. Поэмаялъул гӀуцӀи ва аслияб пикру.

Махщел тӀокӀай ессарухъан Перил сипат. Гьелъул махщалие халкъалъ кьолеб къимат. Поэмаялъул пикру рагьиялъе тӀабигӀаталъул сипатазул кӀвар.

## Хизгил Авшалумов.

**«Вас», «Дербенталдаса Шими» (цо-цо харбал)**

**«Дир мадугьал - дир тушман.** Хъвадарухъанасул гӀумру ва адабияб хӀаракатчилъи.

МацIихъанлъи ва базарганлъи гъабулел чIукIнабазда авторас кьабулеб сатирияб цIал.

Гамбарил сипат. ЧIукIнаяс какулев Сары-Самад - ракIбацIцIадав инсан.Сатириял сипатал рагьизе авторасул бугеб махщел.

## Кадрия.

**«Дир льимерлъиялда хиял букIана»**

ШагIиралъул гIумруялъул хIакъалъулъ къокъаб баян. ГIагараб хал-

къалъе хъулухъ гьаби, гьелда цебе щивав чияс жиндирго налъи тIубай - кочIол аслияб пикру.

## Кочхюралдаса СагIид.

**«Милъиршо», «АхIе кучIдул, ашуг»**

ТIабигIаталъул берцинлъи — милъиршо. Ихдал бачIунеб, хаслихъе унеб эркенаб хIанчIида шагIирасул бахиллъи. Живги эркенлъиялде ца- дахъ вачеян милъиршоялда гьари.

**«АхIе кучIдул, ашуг»** — машгьурав лезгияв ашугасул программи-яб асар. Жиндир тIолабго шигIрияб гьунар гIадатал гIадамазул ракIал гIатIид гьаризе ва гьезул пашманлъи тIаса босиялде кочIохъаби ахIи.

**«Мурсал ханасе нагIана», «Дир къисматалъул гьоко»**

## Батирай.

**БахIарчиясул кучIдул «Жамав ханасул илхъи цо ду- цаго хъамулев...», «Варакъалъул жалги ккун...», «Рагъ-кьал тIаде бачIани...», «БахIарчияв инсуе...», «ЧIаго таги бахIарчи...», «ЦIар рагIарав бахIарчи...»**

ШагIирасул гIумруялъул ва кочIохъанлъиялъул хIакъалъулъ баян. Батирайил заманаялъ ВатIан цIуниялъул букIараб цIарги кIварги.

Нусгоясде данде цохIо живго вагъулев бахIарчиясул романтикияб сипат ва гьелъул кIвар.

Батирайил кочIолаб каламалъул гъварилъи, гIадатлъи ва къокълъи.

19 гIасруялъул ахиралде Дагъистаналъул поэтаз инсанасул эркенаб гIишкъуялъул тема тIасабищи ва, рухIаниязул ахираталде хIадурлъиялъул тIалабазда данде чIун, дунялалъул, чIагояб гIумруялъул гьайбатлъи кочIолъ ахIи. Дуниял гIуцIизе, гьелъул тIагIам босизе гьукъ- улеб рухIаниязул идеологиялда кIал гьикъун, инсанасул гIишкъуялъул, гIумруялъул берцинлъиялъул кочIолъ ахIулезул цояв **- ГIумарил Батырай.**

Батырайил гIумруялъул ва творческияб нухалъул хIакъалъулъ баян. БахIарчилъиялъул хIакъалъулъ кучIдул. Батырайил кучIдузулъ ритIухълъиялъе гIоло къеркьолев бахIарчиясул романтикияб хасия-

талъул образ.

**Рокьул кучIдул.** Батырайил лирикиял кучIдузулъ асаралъул хIалуцин, гIишкъуялъул нухда дандчIвалел захIмалъаби, чIужугIадан кIодо гьайи — дунялалъул кеп босизе гьукъулеб диналда данде къер- кьейлъун букIин. КигIан гьитIинабги гIишкъул гугьар гвангъун загьир гьабизе поэтас хIалтIизарурал художествиял рагIабазул бечелъи ва хас- лъи.

Мискинзабазул би цIулеб обществияб гIуцIи Батырайил кучIдузулъ какун бугеб куц. **«Дир бадиб хьухь лъугьана», «Доб борхатаб магIарда», «Огь, кин дица кечI ахIилеб», «Дица кечI ахIулаан»,**

**«Векьарухъанасде», «Бечедасде», «Алмасалъ цIер гIадинан», «Ро- хьор гIаркьелаздаса гIемер гьудулзаби дир».**

## Ахтиса ХIажи.

**«Мискинас гIакълу кьуни»,** гьесухъ гIинтIамунгутIи, гIадгьави. Бечедасул гьури-мучI гъваридаб пикрулъун тей — ращалъи гьечIеб жамгIияталда билълъараб закон. Мискинчи — хIалтIуда, хIалихьат-— тахида.

**«Цо кагъат битIе»**— Бакуялда кигIан хIалтIаниги, кодобе жо щоларого вугев шагIирасул чара бухIи. Кибго мискинчиясул тIом ччукIи рекIеда захIмалъи. СихIирги саяхъги бетIералда, мискинзаби гьезул зулмуялда гъоркь гIазаб чIамулел.

## Йирчи Гъазахъ.

ШагIирасул гIумруялъул ва гьесул заманаялъул хIакъалъулъ къокъаб баян.

**«Икъбал».** Бечелъиялде балагьун, чиясул къадру борцунеб социа-

лияб гIуцIиялде авторас гIунтIизабулеб гIайиб.

БахIарчилъиялде, гьунаралде, гIакълу-лъаялде балагьичIого, гIарац цIикIкIарасул цIар гьабулеб букIиналдаса шагIирасул пашманлъи.

**«Сибиралдаса кагъат».** ВатIанги тезабун, Сибиралде ритIарал дагъистаниязул кьогIаб гIумруялъул сурат цебечIезабун бугеб куц. Тус- нахъ къотIаразул рижараб ракьалъухъ урхъи.

Зулмуяб хIукуматалде дандечIеялъул бакънал кочIолъ загьирлъи.

**«Векьарухъанасул кечI»**

Чияда цеве хIалтIизе ккарав мискинав векьарухъанасул угьди-зигара — кочIол тема. Мискинзаби инжит гьаризе рес кьолеб социалияб гIуцIиялде шагIирас гьабулеб гIайиблъун кечI букIин.

**Йирчи Гъазахъил** кучIдузулъ мискинзабазе бугеб зулмуялъул, гьезул гьин бечедаз цIцIуялъул тема рагьи. **«Векьарухъанасул кечI»**, цебе малъараб.

I9 гIасруялъул бащалъиялда гIурус пачаяс лъарагIлъиялъул ракьалда кверщел гьаби ва гьелдаго цадахъ Дагъистаналъул гIодоблъиялда капитализмалъул гьоркьорлъаби тIиритIи. Гьелда бан лъарагIлъиялъул росабалъ некIсиял обществиял гьоркьорлъаби хвезе лъугьин гьеб заманалъул кучIдузулъ загьирлъи.

Пачаясул туснахъазда бугеб хIалалъул хIакъикъат рагъулел Сибиралдаса ритIарал кучIдул: **«Сибиралдаса кагътал».**

КьогIаб гIумруялъул, рухIияб бечелъиялъул хIакъалъулъ кучIдул:

**«ГIакъиласул сабру», «Бихьинчи кинав вукIине кколев?», «БатIияб мех», «Асхар-тау».**

Хадубккунги лъарагIазул реалистияб поэзия цебетIеялъе Йирчил кучIдузул кIвар.

## Кьуркълиса Шаза.

**«Саву ккана каранда», «Къваридаб хIараялъуб къараб гулла киниги...». «КIанцIи хехаб мугIрул чан...»**

Шазал гIумруялъул хIакъалъулъ кьокъаб баян.

Бечедав вукIиналъ жиндие щоларев васас, ячинилан гуккун, рехун тарай ясалъул кьогIаб къисмат, рокьул гIазаб, рухIияб бечелъи рагьизе кочIохъаналъул бугеб гьунар.

**«Дир хирияв хьергъу!», «Къваридаб хIараялъуб къараб гулла кинигин», «ГIидрадал гIуруялда кенчIолеб гIазу».**

## Къалухъа Мирза.

**«Ханасе жаваб», «ТалихIаб булбул»**

ШагIирасул гIумруялъул хIакъалъулъ кьокъаб баян.

**«Ханасе жаваб».** Ханзабазул, бегзабазул рахIму гьечIолъи, халкъалъе зулму гьаби кочIолъ какун бугеб куц. Рубас жаниблъиялда квер- щел гьабурав, хъантIарав ханасе халкъалъул рахъалдасан Мирзаца кьолеб жаваб.

Гьидалъа Хочбарилги Мирзалги ханзабазе кьолеб жавабалъул гIамлъи букIиналъе гIилла.

**«ТалихIаб булбул».** ТалихI къарал мискинзабазулгун гIумру дандеккун, Мирзаца ахIараб кечI. ТIугьдул магIилъ ччурал, хер бечIан гIодоб

чIварал гIадамазул къварилъи бигъалъизе бакъан тIамеян, бул- булалде хитIаб гъабун, ракIчучи.

Мирзаца булбулалда жиндир талихIаб бацилан абиялъе гIилла.

ХъантIарал, вахIшиял ханзаби какарал, эркенлъиялде, цолъиялде халкъ ахIарал Мирзал кучIдул. **«Ханасе жаваб»** (цебеккун малъараб анализалъе), **«Айгъиралде», «ГIашикъаб булбул», «Халкъалде ахIи бай».** ГIумруялъул кьогIаб хIакъикъат рагьун бихьизаби, тIекълъиялде рокьукълъи, эркенлъиялде цIайи, ВатIан хиралъиялъул асар гвангъун бихьизаби — Мирзал кучIдузул хаслъи.

## Ятим Эмин.

**«Васият», «КъватIул харбал цIалкIулел херал руччабазде».**

ШагIирасул гIумруялъул хIакъалъулъ къокъаб баян.

**«Васият».** Бечедаздаги мискинзабаздаги гьоркьоб шагIирас чIвалеб рухIияб гIурхъи. Жив хвараб мехалъ, жинцаго гIадин, гIазабалъул лълъар гьекъарал мискинзаби гурони, вукъизе чагIи рачIунгеян васият гьабиялъе гIилла.

**«КъватIул харбал цIалкIулел херал руччабазде».** МацI гьабуге- ян херал руччабаздехун Эминил гьари. КъватIул харбаз, мацIихъабаз шагIирасул гIумру хвезаби. МацIихъабазе къимат кьезе, гьезул гIамал- хасият рагьун бихьизабизе кочIолъ хIалтIизарун ругел сипатиял рагIаби, эпитетал.

**«Ле, халкъ», «Гьудулзабазде», «Огь, нилъер гIумру».** Миллияб эр- кенлъиялъе гIоло гьабураб къеркьеялъулъ къеялда ва жанисеб зулму цIикIкIиналда бан, Эминил кучIдузулъ ахирал соназда дунялалдаса ракI буссарал пашманал бакънал рагIизе лъугьин. **«Васият, «Огь, па- наяб дунял». «Дир ракI батизе гьабулезде», «Эминил васигат».**

**Ятим Эминил** гIумру ва творческияб нух. Ашугазулаб поэзиялдаса литератураялде вачIин. Азербайджаназул классияб поэзиялъ Эминил творчествоялъе гьабураб асар (Вагиф, Видади).

Обществияб гIуцIи ва халкъалъе бугеб гIазаб какулел асарал. (цебе малъараб).

**Ятим Эминил заманалъул лезгиязул поэтал (2 сагIат)**

Мискинзаби зурулеб обществияб гIуцIи какулел, бечедаздехун классияб рокьукълъи загьир гьабулел, рес къотIиялъ бетIербахъиялъе къватIире рахъине ккарал мискинзабазул угьди-зигара загьирлъулел **Мазали ГIалил («ВатIан», «Мискинлъи», «Ханасде»), Ахтыялдаса ХIажил («ХIалтIухъанасул кагъат», «Бице», «Баку»)** кучIдул.

Дагъистаналда киналго миллатазул мискинзабазул къисмат цого букIиналъе гьез гьабулеб нугIлъи.

## Мунги АхIмад.

**«КъатIра ритIухълъи гьечIеб, панаяб дунял», «Шамилил суд»** ШагIирасул гIумруялъул хIакъалъулъ къокъаб баян.

**«КъатIра ритIухълъи гьечIеб, панаяб дунял».** РитIухълъи гьечIеб гIумру мискинзабазе гIазаблъун букIин кочIолъ ахIун бугеб куц. Цебе- себ социалияб гIуцIиялъе шагIирас кьолеб бугеб нагIана.

Жидер кьогIаб къисматалда тIад мискинзаби ургъизе тIами - кочIол аслияб мурад.

**«Шамилил суд».** КочIолъ бодул цевехъанасул тохлъиялъул багьа. Тохлъи биччарасе Шамилица гьабураб тамихI.

Рогьо чуризе рес кьей - кьалда рагъухъаби лъадариялъул цо къагIида. БахIарчиясул цIар хехго тIибитIиялъе гIилла.

## Манай ГIалибегов.

Пачаяс тIад тарал цIиял хIакимзабазул ин- житаб гIадлу-низам, чамгIалаб рукIа-рахъин, хъантIи, рухIияб язихъ- лъи къватIир чIвазарулел кучIдул: **«Нижер тIадчагIи», «ХIакимазул ишал», «Аксаялдаса ясазул гIарза».**

**ЗайнулгIабид Батырмурзаев.**

Эркенлъи босизе, революцияб къеркьеялде ахIи бан хъварал кучIдул: **«Халкъалъе гIоло къеркьолесде», «Къокъа ана», «Рогьалил цIва».**

**ХIасан Гузунов**.

**«ГIункIкIги цIулакьоги».** Свин гьечIеб, талихI кьечIеб рокьул, магIарулалъул кьогIаб гIумруялъул, гIадамазул рекIкIалъул хIакъалъулъ.

**СагIид Габиев.**

**«Анищ», «Мурад».**

**Гьарун СагIидов.**

**«Партизаназул кечI»** (цебеккун малъараб — анализалъе), пьеса **«ГъалайчагIи».**

**МухIамад-Султан ЯхIяев.**

**«Питна».** Лъималазул гьудуллъи-вацлъи. Гьезда гьоркьоб питна бекьулев ягъзин. Гьудулзаби рагъизе тIами ва гьелъул хIасил. КIиялго рекъон, питнадулав вухи.

**«ГIурул ханал»** — гьалмагъзаби гуккун, цIар босизе къваригIарав цIалдохъанасул къухьаб гIамал. ХIарам кида-къадги тIатинчIого хутIунгутIи. Лъималазда гьоркьоб хIалихьалъи бегьунгутIи.

МацӀалъул бечелъи. Диалектиял (бакӀалъул) рагӀаби. Басралъарал рагӀаби. Сипат-сурат цебечӀезабиялъул ва лъугьа-бахъиназул хӀакъалъулъ баян.

## Хашагиса Беццав Къурбан.

**«Мискинав Шахул яс». Авар мацӀалъулгун бухьен**

МацӀалъул бечелъи. Диалектикиял (бакӀалъул) рагӀаби. Басралъарал рагӀаби. Сипат-сурат цебечӀезабиялъул ва лъугьа-бахъиназул хӀакъалъулъ баян.

## Къияс Мажидов.

**«МугӀрузул цӀумазе хвел букӀунадай»**. Хъвадарухъанасул гӀумру ва адабияб хӀаракатчилъи.

Къисаялъул тема ва пикру. Радал гӀужалъе хъвадарухъанас гьабураб сипат-сурат. ГӀадарие Нурали-бабаца кьураб къимат. ГӀолохъанав чанахъанасе херас рагьараб балъголъи. Нурали-бабал сипат.

Хабаралъулъ хӀалтӀизарун ругел сипатиял рагӀабазул бугеб кӀвар. Къияс Мажидовасул асаразул мацӀалъе хасиятал рахъал.

## Багьавудин Митаров.

**«Бице гьудулзабазда».** ШагӀирасул гӀумруялъул хӀакъалъулъ къокъаб баян.

Рокъобе кагъат хӀисабалда хъвараб кочӀол пикру — Советияб Армиялъ бергьенлъи босиялда ракӀчӀей ва гьелдаса чӀухӀи.

ВатӀаналде къо ккараб мехалъ, керен кьун, гьеб цӀунулезда гьорлъ вукӀине щвей шагӀирас талихӀлъун рикӀкӀин.

Фронталъулги тылалъулги цолъи, рухӀияб гъунки загьир гьабизе шагӀирас хӀалтӀизабураб кочӀол форма.

## ГIалирза СагIидов.

**«ГIазул тIаргъал», «РачIа гьудулзаби».** КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босиялдаса чIухIиялъул асар загьир гьабизе тIабигIияб сипаталдаса пайда бугеб куц. ХитIабияб къагIидаялда кечI гIуцIиялъ рекIел асар гIатIидго рагьизе кьолеб рес.

**«РачIа, гьудулзаби».** Дагъистаналда гьудуллъиги вацлъиги бищун тIадегIанаб рухIияб бечелъи букIин кочIолъ загьир гьабун бугеб куц. ВатIан хиралъиялъул, гьелдаса чIухIиялъул асар шагIирасда кьезе кIун бугеб куц ва гьелъие ратарал ресал.

## МухIамад-Расул.

**«Эбелалъул рахIму».** Васасдехун эбелалъул бугеб кIудияб рокьи ва божилъи сабураб гIорхъода чIезабизе Насибатил цIодораб махщел.

ГьитIинлъиялъ ва гIанчIлъиялъ Алмасил ккарал гъалатIал. Квешлъиялдаса вас цIунизе эбелалъул божилъиялъул бугеб кIвар.

Щивав багьадурасе авторас кьолеб къимат загьирлъулел сипатиял рагIаби.

**Анвар Аджиев.**

**«БахIарчиясул куркьби».** ШагIирасул гIумру ва адабияб хIаракатчилъи. Заман аниги, дун- ял хисаниги, халкъалъе гIоло гIумруги рухIги кьурав бахIарчиясе хвел гьечIо. Гьесул цIарги ишалги думалъго хутIизе руго халкъалъул рекIелъ, шагIирзабазул кучIдузулъ.

## Юсуп Хаппалаев.

**«Оцбай», «Халкъияб кечI».** Халкъияв шагIирасул гIумру ва адабияб хIаракатчилъи.

**«Оцбай».** МагІарухъ ихдалил оцбаялъул байрам бихьизабун бугеб куц. НекІсияб гІадаталда цІияб рухІ лъей. Ракьул рухІги махІги лъалев машгьурав векьарухъанасул захІматалъе шагІирас гьабулеб рецц.

**«Халкъияб кечІ»** — миллаталъул рухІ. Гьелъулъ загьирлъула хал-

къалъул тарихги, гІамал-хасиятги, рохелги, пашманлъиги ва къисматги.

## Нурадин Юсупов.

**«Гьавураб къо» (поэма).**

ШагІирасул гІумруялъул хІакъалъулъ къокъаб баян.

ЗахІмат бокьулев чи кидаго жиндирго мурадалде щола. ХІалтІуца гурони инсан берцин гьавуларо, гьесул магІишат цебетІезабуларо - поэмаялъул пикру.

Маргьа шигІруяб къагІидаялда хъван букІин — гьелъул хаслъи.

## Феликс Бахшиев.

**«Минаялда тІад бомба».** РакІбацІцІадго хІалтІулев, гьунар тІокІав хирургасул намус-яхІ гІарцул сайигъатаз чурун, чучлъулеб куц, жиндаго лъачІого, гьесул гІамал-хасият хисулеб, ракІалда кьаву чІвалеб, гьелъ хъизаналда жа- нибгицин гьуинаб гьоркьоблъи бикьулеблъи ва гьеб закон букІин ав- торас бихьизабун бугеб куц. Марат ГІалихановичасул, лъади Мариял сипатал. Сайгъатилан ришват боси — советияб заманалъго гІадатияб жолъун лъугьин. Гьанже кІалгьикъун гьеб бахъулеб бугеблъи — рухІияб асар гІарцухъ хисиялъул хІасил.

## Ибрагьим ХІусейнов.

**«Имам Шамилги ягьудияв Юсупги».**

ШагІирасул гІумруялъул хІакъалъулъ баян. Гьесул поэзиялъул хаслъи. Шамилил хІаракаталъе шагІирас кьолеб къимат. Эркенлъи цІунулеб халкъ — камилаб халкъ — поэмаялъул аслияб пикру.

## АхІмад Жачаев.

**«ГъотІоркІо», «ГьитІинав чанахъан».** ГІисинлъималазул гІумру ва гьезул рухІияб дуниял бихьизабизе авторасул бугеб гьунар. Гьезул кІарчанлъиялъ ва пикрабаз шагІирасе кьолеб рухІияб лазат.

### 7. ОБЗОРАЛ

## 18-19 гІасрабазда хъвавулаб адабият (обзор)

Кочхюралдаса СагІидил, Къалухъа Мирзал литературияб хІаракатчилъи. **«Мурсалханасе нагІана», «Ханасе Мирзал жаваб».**

ГъаракІуниса СагІид, ГІаймакиса Абубакар. Къудукьа МухІамад, Кудалиса ХІасан — авар мацІалда хъвавулаб литератураялъе кьучІлъурал чагІи. Гьезул насихІат— кучІдул.

ГІарабазул хІарпал авар мацІалъе рекъезари ва хъвавулаб литература цебетІеялъе гьелъул кІвар.

Дагъистан Россиялъул кверщаликье ин ва гьелъул пайда. Эркенлъиялъе ва жалго жидедаго чІеялъе гІоло магІарулаз гьабураб къеркьей. Дагъистаналда лъугьараб обществиябгун-политикияб ахІвал-хІал.

19 гІасруялъул литература. Гьеб заманалъул литератураялда жаниб эркенлъиялъе гІоло къеркьеялъул тема.

Дунялалъул тІалаб гьабичІого, ахираталде хІадурлъизе ахІулеб тІарикъатчагІазул квачІикьа рорчІиялъе нугІлъи гьабулеб лирикияб ва социалияб гІуцІиялъул гІунгутІаби какулеб поэзия цебетІей. Диналда- са тІун, халкъалъул рухІияб эркенлъи кучІдузулъ загьир гьаби.

ГIурусазде ва гьезул культураялде гIагарлъи, гьелъул кIвар. (А. С. Пушкин, В. Г. Белинский, М. Ю. Лермонтов, Л. Н. Толстой, А. Полежа- ев, А. А. Бестужев-Марлинский, П. К. Услар).

**ГIалихIажиясул заманалъул аваразул поэтал (обзор)**

**ГIанхил Марин.** РухIияб эркенлъиялъе гIоло поэтессаялъ гьабураб къеркьей. Бечелъиялъухъ гIишкъу бичун босулезда, рокьуе хилипазда гьелъ чIвалеб гIайиб.

**Хьаргабиса Бегиласул** асаразулъ мискинлъиялъул ва эркенлъи-ялъе гIоло къеркьеялъул тема.

Пачаясул зулму какарал Сугъралъа МуртазагIалихIажиясул кучIдул. **ЧIикIаса МухIамадил** лирика. **«МутагIилзабиги гIухьбиги». Ругъжаса Элдариласул** лирика. ЧIужугIадан кIодо гьайи, рухIияб

эркенлъи бецци. ЧIужугIаданалъул берцинлъиялъе, цIодорлъиялъе, гIишкъуялъе бетIер къули — бищун тIадегIанаб дин. **«Аваданай гьу- дул», «Нур балеб чирахъ».** Бечедазул вахIшилъи, намус тIагIин каки **(«Хъуру-хъара», «Жергъен гьартун ккана»).**

**ЧIанкIал ва МахIмудил заманалъул поэтал (обзор)**

19 гIасруялъул ахиралда аваразул обществияб гIумру ва рукIа-рахъин **Этил ГIалил («Билараб гIакдаде», «Гьудуласде»), Кьохъа МухIамадил («РагIи кIодо, кIал гIемер», «Эркенлъи»), Инхелоса Кьурбанил («Рокьул кьо», «Кундуховасде»)** асаразулъ загьирлъулеб куц.

Язихъаб гIумруялъул сурат, эркенлъиялде цIайи.

**1917-1945 соназда Дагъистаналъул советияб адабият (обзор)**

Дагъистаналъул миллатазда цIияб рухI лъезе, канаб чIаголъиялъул нухде лъугьине, жагьиллъиялдаса рорчIизе КIудияб Октябралъул рево-

люциялъул кIвар. Социалияб гъумер хисиялъе халкъалъул гIумруялда культурияб революция тIобитIизе гьелъ рагьарал нухал.

Миллияб литература социалистияб реализмалъул нухде лъугьине гьел лъугьа-бахъиназ рагьараб каву.

Хъвадарухъаби ва поэтал данде ракIари ва гьезул тIалаб-агъаз гьа- би. Республикаялда хъвадарухъабазул Союз гIуцIи, халкъиял поэтазул- гун гьабураб хIалтIи.

Дагъистаналъул литературиял къуватал щулалъиялъе, гIеялъе **А.М. Горькил** квербакъи. Дагъистаналъул хъвадарухъабазул тIоцебесеб съезд. Хъвадарухъабазул тIолгосоюзалъул съездалда Дагъистаналъул делегациялъ гIахьаллъи гьаби ва гьелъул кIвар.

Дагъистаналъул миллатазул литератураялъул цоцадехун хурхен ва идейнияб гIагарлъи. Дагъистаналда хабариял ва драмалъул аса- рал раккиялъе ва церетIеялъе гIурус литератураялъул ккараб сабаб. **(Э. Каписв «Поэт», М. Хуршилов «Сулахъалъ нугIлъи гьабула». 3. ХIажиев «Къиямасеб къо», «ХIаскъил ва Шамил», Ражаб Дин-МухIамаев «Хъабчилъ бахIарзал», Рабадан Нуров «Зулму»,**

**«ГIайшат гIадатазул квачIикь», «КъватIив чIвазавурав щайих», Алим-Паша Салаватов «БагIарал партизанал», «Айгъази», М. Ча- ринов «ХIабибат ва ХIажияв», «Шумайсат», «Шагалай».)**

Дагъистаналъул советияб литератураялъе къучI лъурал рагIул устарзаби: **Сулейман Стальский, ЦIадаса ХIамзат, Заид ХIажиев, Эффенди Капиев, АбутIалиб Гъапуров, Рабадан Нуров, ГIабдула МухIамадов, Гъазияв ГIали, Абулмуслим Жафаров, Аткъай Аджа- матов, ГIазиз Иминагъаев.**

Революциялъул нухда цIияб чIаголъи гIуцIи, социалистияб ВатIан цIунизе, бецIал гIадатаздаса рорчIизе, цIияб гIумру гIуцIулезул жигар- чилъи - гьел соназул Дагъистаналъул литератураялъул аслияб тема.

Дагъистаналдаги социализм бергьин, гьелъул хIасилалда советияб миллияб литерату ра цебетIей.

Граждан рагъазул темаялда хъварал асарал. **(М. Хуршилов «Су- лахъалъ нугIлъи гьабула», Алим-Паша Салаватов «БагIарал пар- тизанал», Ражаб Дин-МухIамаев «Хъабчилъ бахIарзал», Аяв Акавов «Аздагьо чIвараб гIужрукь»).**

ХIалтIухъабазул класс бижиялъул ва цIубаялъул хIакъалъулъ асарал. **(ГI. ФатахIов «Ударник ХIасан»).**

Дагъистаналъул миллатазул поэзия цебетIей ва тIегьай: **Хурюгал- даса ТIагьирил («Ахакь», «Зодил багьадур», «Ахты», «Дие херлъи- зе заман гьечIо»); Багьавудин Астемировасул («Пири», «БагIараб рогьел», «Милъиршодул кечI», «БагIарав партизан»); Гъазияв ГIалил («ХъахIаб канлъи ва багIараб канлъи», «Рахьибай»); Наби Ханмурзаевасул («Чирмакъолол гIарза»); ГIабдул-Вагьаб Су- леймановасул («Дун щив?», «Жакъа»); М.Чариновасул («Инсул ВатIан», «Эркенлъи», «ГIолилазде», «НагIана»); Багьавудин Ми- таровасул («Дур сурат», «Балагье, гьудулзаби»)** творчество.

**1946-1990 соназда Дагъистаналъул миллияб адабият (обзор)**

Совет улкаялда социализм бергьин, гьелъул кьучIалда Дагъиста- налъул миллатазул культурияб гIумру тIегьай, литература цебетIей. Гьеб хIалуцараб гIуцIарухъанлъиялъул заман хъвадарухъабаз жидерго аса- ралъ бихьизаби. Къокъаб заманалда жаниб революцияб цебетIеялъул нухда халкъалъ росарал чIахIиял бергьенлъаби.

Дагъистаналъул хъвадарухъабазул **II, III, IV, V** съездал, миллияб литература цебетIеялъе гьезул кIвар.

Дагъистаналъул халкъазул литература цебетIеялъе миллиял мацIазда газетал ва журналал рахъизе байбихьи, гьелъул кIвар.

Дагъистаналъул миллияб литература халкъалъул гIумруялде гIагарлъи, ВатIан хиралъиялъул, рекъел цIуниялъул, социалистияб гIуцIарухъанлъиялъул, эркенаб захIматалъул темаялда батIи-батIияб тайпаялъул (жанралъул) асарал хъвай, гьезда жаниб советияв чиясул рухIияб дуниялги захIматалъул бергьенлъабиги рагьи.

Рагъул соназ Совет халкъалъ бихьизабураб бахIарчилъиялъул, гьунаразул хIакъалъулъ асарал. Гьезда жаниб рагъулаб борч тIубаялъул, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи-вацлъи щулалъиялъул, ВатIан хиралъ- иялъул тема гIатIидго рагьи.

**Расул ХIамзатовасул «Россиялъул солдатал», «Вацасул хоб», МухIамад Сулимановасул «Рагъул нухазда», Фазу ГIалиевалъул «18 их», М. Гъайирбековалъул «РакIалъ цIа гIолеб буго» ГI. Хачаловасул «Лъукъараб кечI», Т. Таймасханова- сул «Ральдал багьадур», МухIамад Атабаевасул «Бикъараб хвел».**

Рагъул темаялда хъварал къисаби. **М.МухIамадовасул «РикIкIадал мугIрузда», Т. Таймасхановасул «КIилкIазе биун тIураб гулла».**

Дагъистаналъул литератураялда жанир къисаби, романал цIикIкIин ва гьезул тематикаялъул бечелъи. ВатIаналъе гIоло къеркьо- лаго ва хIалтIулаго, цIияб гIелалъул рухIияб дунял бечелъулеб, саха- ватаб гIамал-хасият лъадарулеб куц бихьизаби. Рагъулъ ва хIалтIулъ бергьенлъаби росараб куц гъваридго рагьи. **(М.Сулимановасул «Огниялда», Манаф Шамхаловасул «Чирахъчай расалъуда», М. МухIамадовасул «Къисас», «Бакъдасел», Къияс Меджидовасул «ХъахIаб расалъул тохтир»).**

**Ф.ГIалиевалъул** къиса **«Кьолбол мугьру».** Халкъалъ нахъа тараб революцияб нух художествиял асаралъ бихьизаби. ГIелалъ гIелалъухъе къеркьеялъул ва гIуцIарухъанлъиялъул бечедаб хIалбихьи ирсалъе кьей. **(Асадула МухIамаевасул «МагIарулай», М.-С. ЯхIяевасул «Лъабго бакъ»,**

**ГӀабасил МахӀамадил «ЛъабцӀул гьавуна», АхӀмадхан Абу- Бакарил къисаби, МухӀамад-Расулил «Бертадаса хадуб»).**

Лирикиял кучӀдузул тематика гӀатӀилъи. ТӀабигӀияб, политикияб лирика цебетӀей. Эркенаб захӀматалъул, гӀадамазул рухӀияб бечелъиялъул, захӀматалъул инсанасул тӀадегӀанлъиялъул, ВатӀаналде, халкъалде, чӀужугӀаданалде бугеб рокьул бечелъиялъул ва гъварилъ- иялъул хӀакъалъулъ кучӀдул. Шагь-ГӀамир Мурадовасул, ГӀалирза СагӀидовасул, Ибрагьим ХӀусеновасул, Юсуп Хаппалаевасул, Бадави Рамазановасул, Сулейман Рабадановасул, Газимбег Багандовасул, Ра- шид Рашидовасул, Анвар Аджиевасул, МухӀамад Атабаевасул, ГӀабасил МахӀамадил, ГӀумар-ХӀажи Шахтамановасул, ХӀажи Гъазимирзаевасул тӀаса рищарал кучӀдул.

Умумуз нахъа тараб тарихияб нух художествиял асараздалъун бихьизабиялъул мурад **(Р. ХӀамзатовасул «Хочбарги ханзабиги», «Кавказалъул къиса», М. Шамхаловасул «Буран»).**

## 8. АДАБИЯТАЛЪУЛ ТЕОРИЯ

Фольклоралъул хӀакъалъулъ баян. Маргьаби ва гьезул тайпаби.

Микьго гьижаялъул кочӀолаб гӀуцӀи. Хабарияб ва шигӀруяб калам. КочӀол чвахи, аллитерация.

Хабарияб ва шигӀруяб каламалъул хӀакъалъулъ баян гъварид гьаби.

Рифма ва чвахи — кочӀолаб каламалъ- ул пасихӀлъиялъул форма. КочӀол 7 ва 8 гьижаялъул роцен.

Адабиял маргьабазул хӀакъалъулъ бичӀчӀи. Халкъияздаса гьезул батӀалъи.

Эпитеталъул хӀакъалъулъ баян.

Дандекквеялъул рахъалъ баян гъварид гьаби. РагӀул хъвалсараб магӀнаялъул хӀакъалъулъ бичӀчӀи гӀатӀид гьаби.

Асаралъул теория. Асаралъул темаялъул ва аслияб пикруялъул хӀакъалъулъ авалияб баян.

Дандекквей такрар гьаби, гьелъул кIвар кочIолъ рагьи.

Адабияв багьадурасул хIакъалъулъ авалияб баян. Гаргар ва авторасул калам рекъонккеялъул кIваралъул бичIчIи гIатIид гьаби.

Хабаралъул хIакъалъулъ баян. Хабаралъул хIакъалъулъ баян.

Халкъиял кIалзул асаразул аслиял тайпаби (маргьаби, кучIдул, кицаби, абиял, бицанкIаби) такрар гьари.

ГIажаибал маргьабазул хIакъалъулъ баян гIатIид гьаби. Гиперболаялъул ва кидагосел эпитетазул хIакъалъулъ баян.

Кидагосел эпитетал. Халкъиял маргьабаздаги хъвадарухъабаз ургъараздаги гьоркьоб батIалъи.

КочIол къотIелалъул (строфа) хIакъалъулъ авалияб баян.

Метафоралъул хIакъалъулъ авалияб баян. Баснялъул хIакъалъулъ баян. Аллегория- лъул хIакъалъулъ бичIчIи.

Метафораялъул хIакъалъулъ бичIчIи жеги гъварид гьаби.

Хабариял асаразул тайпаби. Хабар. Къиса.

Метафораялъул хIакъалъулъ бичIчIи гъварид гьаби.

Пейзажияб лирика. Очеркалъул хIакъалъулъ баян гIатIид гьаби.

Хабаралъул хIакъалъулъ баян.

Асаралъул гIуцIиялъул хIакъалъулъ баян гIатIид гьаби.

Сатираялъул хIакъалъулъ авалияб баян.

Поэмаялъул хIакъалъулъ авалияб баян.

ШигIруяб ва хабарияб каламалъул хIакъалъулъ баян гIатIид гьаби.

КочIол гIуцIи. Анкьго ва анцIила цо гьижаялъул роцен, гьезул чвахи.

Адабияб хасият-гIамалалъул хIакъалъулъ авалияб баян.

Асаралъул гIуцIиялъул (композициялъул)

хIакъалъулъ баян гIатIид гьаби.

Хабариял асаразул тайпаби такрар гьари. Романалъул хIакъалъулъ бичIчIи.

Асаралъул гIуцIиялъул хIакъалъулъ баян гIатIид гьаби.

Трагедиялъул хIакъалъулъ баян. Драматургиял асаразул хIакъалъулъ бичIчIи гъварид гьаби.

Художествияб адабияталъул баян гIатIид гьаби.

## Мисалияб тематикияб план

| Предметалъул г1уц1и (темабаздеги бикьун) | Гьарулел х1алт1абазул аслиял тайпаби |
|---|---|
| **Халкъияб к1алзул гьунар (25 саг1ат)** | |
| **Фольклориял асарал**<br>Кицаби ва абиял. Гьезул темаби.<br>Кицабазул ва абиязул хаслъи.<br>Бицанк1аби. Бицанк1аби х1алт1изариялъул хаслъаби.<br>**Маргьаби**<br>Маргьабазул тайпаби: г1ажаибал, х1айваназул бицунел, рук1а-рахъиналъул бицунел.<br>**«ГанчIил вас»**<br>ВатIан хиралъи — маргьаялъул аслияб магIна. МагIарулазул къвакIи, ВатIаналъе гIоло рухI бичизе хIадурал рукIин гьитIинав васасул мисалалдасан бихьизаби. Залимав талавурчи Тимурида ва гьесул чукъбузда тIад васас рухIияб бергьенлъи боси. ВатIан хириясе хвел букIунаро. | Халкъияб к1алзул гьунарилан щай абулебали баян кьезе.<br>Кицаби ва абиял цоцаздаса рат1арахъизе.<br>Бицанк1абазул хаслъи бихьизабизе.<br>Хъвавул ва к1алзул каламалъулъ кицаби ва абиял х1алт1изаризе.<br>Маргьабазул тайпаби цоцаздаса рат1арахъизе.<br>Маргьаялдаги биценалдаги гьоркьоб бугеб бат1алъи бихьизабизе.<br>Живго жиндаго ч1ун, ц1алараб маргьа бицине. |

| | |
|---|---|
| **«Лъабго гъунар гъабурав бахIарчи»**<br>Инсанасе бищун тIадегIанаб рухIияб бечелъи ВатIан букIин маргъаялъул аслияб магIна. Инсанасул лъикIал рахъазе рецц гъаби. ЛъикIлъиялъ квешлъи къезаби. ТIабигIат мукIур гъабизе инсанасул букIараб анищ. Маргъабалъ кколел гIажаибал ишал.<br>Маргъаялъул мацI ва гъеб гIуцIун букIунеб куц. Маргъабазул гIадатлъи ва пасихIлъи. | Халкъияб бицен пасих1го ц1ализе.<br>Аслияв героясе характеристика кьезе.<br><br>Маргъа бут1а-бут1аккун пасих1го ц1ализе.<br><br>Маргъаялъул аслиял героязе ва аслиял лъугъа-бахъиназе характеристика кьезе.<br><br>Маргъаялъул маг1на бицине.<br><br>Рич1ч1уларел раг1аби ратизе ва гъезие баян кьезе. |
| **«ХIамаги БацIги»**<br>БоцIуца гIорцIиялъ цулъарав бечедав чиясул бацIилаб гIантлъиги, бокьа-бокьараб гъабизе бегьулин ккейги, хIалтIуца чурхъарав мискинчи хIисабалда хIамил цIодорлъиги маргъадулъ бихьизабун бугеб куц. ХъантIи, зулму гъаби халкъалъ какулеб букIин. РитIухълъиялъ бергьенлъи босизе букIиналде халкъалъул хьул. | Маргъабазда, абиязда ва биценазда хурхун суалал кьезе.<br><br>Маргъабазда, абиязда, биценазда хурхун, хъван яги бицун жавабал, кьезе.<br><br>Халкъиял куч1дул пасих1го ц1ализе ва рек1ехъе лъазаризе<br><br>Халкъиял куч1дузулъ киназего г1ахьалаб пикру балагьизе. |
| **«Кьурулъ хутIарав ГIали»** | |

| | |
|---|---|
| ХъантIиялъ, бахиллъиялъ ва жахIдаялъ чиясул инсанлъи лъугIизабулеб ва гьев хIилла-рекIкIалде вачунеб куц кочIолъ бихьи- забун бугеб куц. КочIолъ хIалтIизарурал маргьаялъе хасиятал рахъал. Гаргаралъул кIвар.<br><br>**БицанкIаби**<br>БегIераб пагьмуялда, гвангъараб сипатияб нухалда халкъалъул гIакълуги берзул цIодорлъиги бицанкIабазда жаниб загьирлъи. БицанкIабазул хаслъи.<br>**Кицаби ва абиял**<br>Кицабазулъ ва абиязулъ гIагараб ракьалде рокьи, инсанасул саха-ватлъи, бахIарчилъи, гIакъиллъи, рухIияб бечелъи, гьединго хиянатлъи, макру, кIухIаллъи, чIухIи-пахрулъи, къарумлъи, кIвар гьечIолъи гван-гъун загьир гьаби. Кицаби ва абиял — халкъияб гIакълуялъул хазина.<br>Кицабазул ва абиязул хаслъи — пасихIлъи ва къокълъи. МацIалъул камиллъи ва гIужиллъи. Кицабазул битIараб ва хъвалсараб магIна.<br>**«Къайицадахъал»** | |

| | |
|---|---|
| РакI бащалъи, чехь бащалъи — гьудуллъиялъул кьучI. Хиянатчи, гьереси — гьудуллъиялъул тушман. ХIалтIуларев чиясул хIалихьалъиги, хиянатги, макруги камулареблъи царал мисалалдалъун бихьизаби. Халкъалъ чиясе къимат хIалтIухъ балагьун кьолеб букIин.<br>**«Ралъдал чу»**<br>Гьунар цIикIкIарасул цIар гьаби. ЛъикIаб чу бахIарчиясда гурони квегъизе кIунгутIи. ГьитIинав вацасул гьунарал. Ахиралде гьитIинав вац талихIавлъун вахъиналъе гIилла. ЖахIда-хIусуд какун бугеб куц. Миккиясалъул цIодорлъи. Ханасул хъантIи ва гьелъул хIасил. БахIарчилъи гьабичIого, гIолохъанчи мурадалде щунгутIи. Маргьаялда кколел гIажаибал лъугьа-бахъинал.<br><br>**«Бокьуларо, эбел, рии бачIине»**<br>ВахIшияб гIадат хIисабалда чабхъен каки. Гьелъул балагьаб хасият бихьизабизе кочIолъ хIалтIизарун ругел ресал. | |

| | |
|---|---|
| **«ХIожоги гуржиявги»**<br>Талавурчилъи, чабхъад хьвади — миллатазда гьоркьоб питна бекьи хIисабалда къисаялда какун бугеб куц. ХIожоца гуржияв лагълъун гьавичIого, васлъун теялъе гIилла. Гьелдаса бижараб гьудуллъи ва гьелъул хIалбихьи.<br>МагIарулазулги гуржиязулги рухIияб бечелъи, миллияб гIамал-хасият ХIожолги гуржиясулги сипатаздалъун загьир гьаби. Къисаялъул гIадатаб, сипатияб мацI.<br><br>**«Суфичи — хиянатчи»**<br>**(халкъияб къиса)**<br>Цо-цо диниял чагIазул чарлъи халкъалъ какулеб куц. МацIихъанлъиялъ ва бугьтанлъеялъ гIадамал балагьалде рачин. Къиса-ялъул пикру. МацIалъул сипатлъи.<br><br>**«Хочбар»** (З.ХIажиевас къачIараб)<br>Гьидерил эркенал росаби жиндирго кверщаликье рачине хундерил ханас гьабураб питна ва талавурчилъи кочIолъ каки. Лагълъиялда данде, | |

| | |
|---|---|
| эркенлъи цIунун, гьидерица гьабураб къеркьей. Гьидерил ва гьезул цевехъан Хочбарил бахIарчилъи, яхI-намусалъул кIодолъи, рухIияб бечелъи.<br>Хундерил Нуцалил гIамал-хасият. Хочбарица ханасул васал цIадаре рехиялъе гIилла. | |
| **2. Хъвадарухъабазул маргъаби ва къисаби (11 саг1ат)** | |
| **ЦIадаса ХIамзат.**<br>**«ГъалбацIги ГIанкIги»**<br>Зулмучиясул ахир хвалдалъун лъугIулеблъи — маргъаялъул аслияб пикру. Бищун хIинкъараблъун толеб ГIанкIил бахIарчилъи — гIакъилаб букIин. ГъалбацI хвеялъе гIилла — жиндаса бергьунеб жанавар бегьуларин абураб пахрулъи, къуваталда мугъчIвай. МагIирукъалъул бакIалда гIалхуда бертин гьабиялъе гIилла. Маргъаялъул хъвалсараб магIна. Маргъа хъвараб кочIолаб каламалъул чвахи, пасихIлъи, сипатлъи.<br><br>**ГIабдулмажид Хачалов.**<br>**«Шахламаз»**<br>РакIалда канлъи бихьулей бецай | Маргъаби бут1а-бут1аккун пасих1го ц1ализе.<br><br>Халкъиял маргъабиги хъвадарухъабазул маргъабиги дандекквезе.<br><br>Маргъабазул тайпаби цоцаздаса рат1арахъизе.<br><br>Маргъаялдаги биценалдаги гьоркьоб бугеб бат1алъи бихьизабизе.<br><br>Маргъаби пасих1го ц1ализе.<br><br>Живго жиндаго ч1ун, ц1алараб маргъа бицине. |

| | |
|---|---|
| ессарухъаналъул цIодорлъи, пахруяв ханасул лъавукълъи ва пахрулъи. ЗахIматчагIазул сахаватлъи, сабрулъи кIодо гъабун, тIадчагIазул магIна гъечIеб чIобогояб гIумру какун бугеб куц. Халкъияб маргъаялъул гIадатаб мацI, ритIухълъи бергьин, тIекълъи къей — гIумруялъул закон. | Аслияв героясе характеристика кьезе.<br><br>Маргъаялъул аслиял героязе ва аслиял лъугьа-бахъиназе характеристика кьезе. |
| **ГIабасил МахIамад.**<br>**«ЧIибирикъ»**<br>«БахIарчи хъабчилъ ватула» абураб кици-маргъаялъул аслияб магIна. Маргъаялъул багъадур ЧIибирикъил гIадатлъиги мискинлъиги, махсара хIалае ккун, бихьизабун бугеб куц. ЧIибирикъил гъунар. Ханасул «баркала». Ханасул ясалъ ЧIибирикъ тIасавищиялъе гIилла. Бечелъиялъе ва чилъиялъе авторас кьолеб къимат. Инсанасул талихI, бечелъиялъулъ гуреб, чилъиялъулъ букIин. Махсараялъул (юморалъул) хIакъалъулъ баян. | Маргъабазул маг1на бицине.<br><br>Рич1ч1уларел раг1аби ратизе ва гьезие баян кьезе.<br><br>Маргъабазда хурхун суалал кьезе.<br><br>Маргъабазда хурхун, хъван яги бицун, жавабал кьезе.<br><br>Авторасул кинаб бербалагьи маргъаялъул герояздехун бугебали ралагьизе.<br><br>Щиб мурадалда хъварал маргъабияли ургъизе.<br><br>Киналго маргъабазе хасиятаблъун бугеб жо балагьизе. |
| **Заирбег ГIалиханов.**<br>**«Беццаб сапар»** | Хъвадарухъабазул маргъабазулъ г1агараб Ват1ан бихьизабиялъул |

| | |
|---|---|
| Маргъаялъул багъадурзабазул гIамал-хасият. Гъезул калам. РакIбацIцIадаб гъудуллъиялъ хIилла-макруялда тIад бергьенлъи боси - маргъаялъул аслияб пикру.<br>**ГIумархIажи Шахтаманов.**<br>**«Халкъалъул ццин»**<br>ВатIаналъул хиянатчи — халкъалъул тушман. БоцIуда хъантIиялъ чи вачунеб бакI. МагIарул халкъалъул яхI-намусалъул байрахълъун ЗагIалги ГIазизги рихьизари. Чанхъи — рогьоялъул мугъру. Поэмаялъ- ул мацI. Хиянатчиясда «Чанхъи» — ян цIар теялъе гIилла. Хиянатчи халкъалъул тамихIалдаса ворчIунгутIи.<br>**«МугIрузул ГIали»**<br>Бугьтан лъей, мацIихъанлъи — инсанасул бищун квешаб гIамал. Загъруял борхьазда мацIихъаби релълъинариялъе гIилла. Лъадул яцIцIалъи, хIалимлъи, рухIгIан ГIали вокьулев вукIин бихьизабулел сипатиял рагIаби. КочIолъ гаргаралъул кIвар. ТалихIаб хъизан балагьалде тIамуразе кочIолъ кьун бугеб къимат. | хаслъаби ч1езаризе. |

| | |
|---|---|
| **3. XIX г1асруялъул адабият (33 саг1ат)** | |
| **Инхоса ГIалихIажияв.**<br>ГIалихIажияв — аваразул литературияб мацI къачIарав рагIул устар. Поэтасул гIумруялъул ва творчествоялъул хIакъалъулъ баян.<br>ГIалихIажиясул поэзиялъулъ насихIат, лирика ва сатира. ГIалихIажияс насихIатияб поэзия тIадегIанаб даражаялде бахинаби.<br>**«Бечедал чагIазде», «Рицинин цо хабарал», «Кицабиял алфазал»**<br>«ЗахIмат бихьичIого...», «КъабихIлъун чи вихьун...», «Гьерсил чода рекIарав...», «Калам дагьлъи беццараб...», «Чидае гвенд бухъани...», «Жиндийго гьавудичIев...», «Найица тIегь кванала...».<br>Чияр гъиналдалъун боцIи данде гьабурал бечедал чагIазул гIамал-хасият. Жиндирго захIматалдалъун бетIербахъи гьабулев инсанасул сахаватлъи, рекIел бечелъи. КочIол багьадураздехун жиндирго бугеб гьоркьоблъи бихьизабизе шагIирас ратарал сипатиял рагIаби. КочIол | Пасих1го пикру гьабун ц1ализе XIX г1асруялъул раг1ул устарзабазул асарал.<br>Литературияб асар бич1ч1изе, нахъг1унт1изе, гъорлъе ккун лъазе.<br>Живго жиндаго ч1ун, ц1алараб асаралъул маг1на бицине.<br>Асаралъул план г1уц1изе.<br>Асаразул аслиял героязе ва аслиял лъугьа-бахъиназе характеристика кьезе.<br>Рич1ч1уларел раг1аби ратизе ва гьезие баян кьезе.<br>Асаразда хурхун суалал кьезе.<br>Асаразда хурхун, хъван яги бицун, жавабал кьезе.<br>Авторасул кинаб бербалагьи асаразул герояздехун бугебали ургъизе. |

| | |
|---|---|
| мацIалъул пасихIлъи. | |
| **«ГIелму ва жагьлу»,** Инсанасул гIумруялда жаниб гIелмуялъ кколеб бакI. ГIелму — хвел гьечIеб хазина. Асаралъул насихIатаб хасият. | Щиб мурадалда хъвараб асарали пикру гьабизе. |
| **«Гьекъел-мехтел».** Гьакълил «баракат» — бокьун гIадаллъи; мех- талил «тIоклъи — тIутIлъун гIадан лъугьин» — кочIол аслияб пикру. | Киналго асаразе хасиятаблъун бугеб жо бугищали ралагьизе.<br><br>Аслияв героясе характеристика кьезе. |
| **«Исрапчиясде».** Щибго жо инсанас исрап гьаби кочIолъ какун бу- геб куц. НигIматалъул къадру- къимат гьабизе, гьелдехун инсаплъия- лъул бербалагьи букIине ккей. КочIол пасихIаб насихIатаб мацI. | Рич1ч1уларел раг1аби ратизе ва гьезие баян кьезе.<br><br>XIX г1асруялъул хъвадарухъабазул асаразда хурхун суалал кьезе. |
| Инсанасул цIодорлъи, рухIияб тIадегIанлъи бихьизабулел алфазал ва гьезул насихIат. | XIX г1асруялъул адабияталда хурхун, хъван яги бицун жавабал, кьезе. |
| **«Ракь».** Щивав чиясда нахъа буго хвел, гьесул ахират букIуна ра- кьулъ. Гьенир ращалъула киналго: мискинавги, бечедавги, чIухIаравги, гIакъилавги, гьудул-гьалмагъги, рос- лъадиги — кочIол философияб пикру. **«ГIакълудал ралъад», «ГIадада чIоге».** | Куч1дул пасих1го ц1ализе ва рек1ехъе лъазаризе.<br><br>Дурго пикруги х1алт1изабун, гьал асараздасан сочинение хъвазе.<br><br>Дуцаго хъвараб жоялъулъ гъалат1ал ралагьизе ва гьел рит1изариде. |
| **Лирика. «Мукъур сурмияб** | |

| | |
|---|---|
| **микки», «Балагье, йокьулей», «Гьурмада берцинлъи гIун».** ЧIужугIадан кIодо гьайи. ГIадатай магIарулалъул берцинлъи, недегьлъи, хIеренлъи, хIалтIулъ бажа- ри, хIурматалъе, гIаданлъиялъе гьунар, къохIехьей, къвакIи ГIали-хIажиясул лирикаялъулъ гвангъун бицунеб куц.<br>РекIел бечелъи, рухIияб берцинлъи лирикиял кучIдузул цIияб рахъ. Рифмаялда хъварал рокьул кучIдул — поэзиялъул цIияб форма: **«Аман ракIги угьун», «БагIарбилил хъала».**<br>**Сатира.** Чияр гьин кваналел бечедазде, мискинзаби гуккулел бу- дун-дибиразде, нигIмат исрап гьабулезде, мехтун гIадаллъулезде поэ- тас хьвагIулеб сатирияб цIал. (Цереккун малъарал сатириял асараздаса пайда босун: **«Гьекъел-мехтел», «Исрапчиясде», «Яс бечедасе кьезе бокьаразде»).**<br>ГIалихIажияв — философ. ГIумруялъул диалектикияб закон рагьу- лел философиял асарал. **«Хьул», «ХъахIаб расалде», «БухI-** | Гьал асараздаса пайдаги босун, литературияб макъала хъвазе.<br><br>Асарал ва гьезул героял данде кквезе ва гьезие къимат кьезе.<br><br>Хъвадарухъанасе, асаралъе, гьеб хъвараб къаг1идаялъе г1аммаб характеристика кьезе.<br><br>Хъвадарухъабазул х1акъалъулъ т1адеги материал бак1аризе, т1ахьазде интерноталде раккизе, бат1иял асаралги ц1ализе. |

| | |
|---|---|
| **бухIараб кьехь гIадаб».** Кицабиял алфазал.<br>ГIалихIажиясул поэзиялъул мацIалъул пасихIлъи, камиллъи, магIнаялъул гъварилъи, гIадатлъи, сипатияб рагIул гугьар.<br>19 векалъул кIиабилеб бащалъиялда авар халкъалъул тарихалда жа-<br>нир ккарал лъугьа-бахъиназ поэтасул тематикаялда кколеб бакI.<br>**Критика. Чакар Юсупова. «Алигаджи из Инхо» («Инхоса ГIалихIажияв»).**<br><br>**Элдарилав.**<br>**«Хъуру-хъара».** Инсанасул гIумруялъулъ ритIухълъи гьечIолъи шагIирас каки. ТIадчагIаз «хъуру-хъара» — ян мискинзаби инжит гьариялде данде шагIирасул гьаракь.<br>**«Росу берцин»,** ЧIужугIаданалъул берцинлъи, напс кIодо гьаби шагIирасул лирика-<br>ялъул хаслъи.<br>**«Жергъен гьартун ккана».** ГIадатал гIадамазул тIадегIанаб рухIияб бечелъи, чилъи, бацIцIадаб | |

| | |
|---|---|
| намус-яхI бецци.<br><br>**ЦIадаса ХIамзат.**<br>**«ГIакдал кечI».** БечIчIулеб гIака хвеялдалъун мискинаб хъизамалъе бачIараб къва- рилъи. МагIарулазул къо бухIараб мискинлъи ва язихълъи бихьизабун бугеб куц. КочIол пасихIлъи, мацIалъул камиллъи. ХIамзатил махсарадул хаслъи.<br>**«Дибирги ГIанхвараги».** Диниял къануналги дибирасул ишалги дандеккунгутIиялъул кьучIалда хъвараб сатирияб асар.<br>Мискинчиясул гIумру ГIанхрилалда релълъинаби — асаралъул хъвалсараб магIна. Дибирги ГIанхвараги гаргазе тIамиялъул мурад. РухIияб тунка-гIусиялда ГIанхвара бергьиналъе гIилла.<br>**«Ашбазалде».** ГIадамал гуккун, боцIи данде гъабизе лъугьа- рал даранчагIазда велъулаго, ХIамзатица кьабулеб сатирикияб цIал. ХIажиясул хъантIи бихьизабизе шагIирас хIалтIизарурал эпитетал.<br>МацIалъул гIадатлъи, пасихIлъи, | |

| | |
|---|---|
| бечелъи, кицабаздаса махщалида пайда боси.<br><br>**МахIмуд.**<br>МахIмудил гIумру ва творчество.<br>Диналъ, шаригIаталъ гьукъараб чIагояб гIумруялъул рохел, ава-данлъи, инсанасул рухIиял тIалабал, хIасрат, къеркьей цIунулеб ярагъ хIисабалда МахIмудица лирикияб кечI цебетIезаби. Рокьуе гурони лагълъи гьабизе ккунгутIи кочIолъ ахIи.<br>**«РекIелъ ияхI бугев...», «ХъахIилаб зодихъе багIарбакъул нур», «Рокьул конторалъул кавуги рагьун», «Почтовой кагътиде керенги чучун»**<br>Чияр захIмат кваналел макруял чагIазул къасдал къватIир чIвазарун ругеб куц. ЦIияб гIумру тIаде щолеб букIин бихьизабизе шагIирас хIалтIизарулел ругел сипатиял рагIаби. КочIол сатирикияб мацI. Эпи- теталъул кIвар.<br>МахIмудил поэзиялъул тIадегIанлъи, кIодолъи, пасихIлъи. Лирикиял багьадуразул сипатал. | |

| | |
|---|---|
| ГІишкъуялъул хІалуцин. Рокьиги кьалги. Йокьулей рикІкІалъанагІан ракІ гьелъухъе цІалеб куц.<br>ШагІирасул асаразул мацІалъул камиллъи, каламалъул гІадатлъи.<br><br>**«Макьу», «Эбел-яс», «Почтовой кагътиде», «ГІишкъул цІеца»,**<br>**«Марям», «РекІел гьаваялъул гьундул рихханин».** МахІмудил поэзиялъул цІилъи, магІнаялъул гъварилъи, мацІалъул пасихІлъи. КочІолъ пикруялъулги хІасраталъулги хІалуцин. РекІел хІал борцине тІабигІаталъул берцинлъиялдаса пайда боси. МахІмудил лирикаялъул художествияб камиллъи, магІнаялъул бечелъи. Халкъияб лирикаялъул бечедал формабазул кьучІалда, МахІмудица пасихІлъи бахинабураб борхалъи. Аваразул литературияб мацІ цебетІезабиялъулъ поэтас лъураб бутІа.<br>**Критика.** ЦІ.ХІамзат. **«ХъахІабросулъа МахІмуд».**<br><br>**ЧІикІаса МухІамад.** | |

**«Имам ГъазимухIамад чIваялде»**

Имам ГъазимухIамадие кочIолъ кьолеб бугеб къимат. МагIарулазул рахъ борхизабун, кIодо гьабун, кочIолъ бихьизаби.

Генуб росулъ ккараб рагъул сурат. Тушманзабазул гIалхулаб тIабигIат къватIиб чIвазаби, гьезул гIамал-хасияталъе къимат кьей.

КочIол аслияб пикру. МацIалъул бечелъи ва пасихIлъи.

## ЧIанкIа.

ЧIанкIал гIумруялъул ва творчествоялъул хIакъалъулъ баян. Инса-

насул рухIияб гъварилъуде, чиясул напсалде кIвар кьеялъе гIилла. Гьеб заманалъ социалияб цебетIей. Капитализмалъул махI магIарухъеги бахин. Империалистиял рагъазулъ (1905-1917 соназда) дагъистанияз гIахьаллъи гьаби. Революциялъул идея Дагъистаналда тIибитIи.

**«Сайгидул БатIалиде».** КочIол хIакъикъияб аслу. Мухьдахъ япони-язул рагъде ритIарал дагъистаниязул къисмат. МагIарул гIолохъабазул

| | |
|---|---|
| бахIарчилъи, къо хIехьей, гьезда гьоркьов ШапигIиласул васасул чилъи. Щибго магIна гьечIеб рагъда холел бахIарзазул гIумруялда шагIир ба- рахщи. Гьезул хвел пачаясул хIукуматалда чIвалеб гIайиб букIин.<br><br>МагIуялъул бакIалда пасихIаб баллада. Камилаб сипатияб мацI. ШапигIиласул сабру ва къвакIи бихьизабулел эпитетал.<br><br>**«ТIалхIатиде».** Вокьулев вихьизе ясалъул хьул-анищ. Гьелъ- ул рекIел хIал, рокьул гIишкъу загьир гьабизе шагIирасул гьунар, мацIалъул бечелъи.<br><br>**«ТIаде магIарухье», «Гулишатиде», «ГьаракIунисей», «Шумайсат»** абурал кучIдузулъ магIарулалъул образ. РухIияб бечелъи, гIишкъул гьайбатлъи, мацIалъул пасихIлъи. Лирикияб кочIода ЧIанкIаца лъураб цIияб рухI.<br><br>Рокьи — тIабигIаталъ инсанасе кьураб тIадегIанаб асар.<br><br>**Инхелоса Къурбан.**<br><br>**«Борхатаб магIарда», «ГIенекке, йокьулей», «Бахъа, къалам»** | |

| | |
|---|---|
| **«Наибзаби хIелун».** Наибзабаз гуккун, япониязул рагъде ритIун арал магIарул гIолохъабазул рекIел хIал, гьезул яхI-намус, бахIарчилъи бихьизабизе шагIирасул бажари. КочIол пикру, мацIалъул пасихIлъи. <br> **Рокьул лирика.** Къурбанил рокьул лирикаялъул хаслъи. ГIидра тIегьалда, бакъ-моцIалда, цIвабзазда, алжанул хIурулгIиналда йокьулей релълъине гьайи. Къецалъул, диалогалъул къагIидаялда кучIдул гIуцIи. МагIарулалъе эркенлъиялде нух рагьизе шагIирас бахъулеб бугеб хIаракат. | |
| 4. **ХХ г1асруялъул адабият (т1оцебесеб бут1а) (71 саг1ат)** | |
| **ЦIадаса ХIамзат.** <br> **«Гьудуллъи лъилгун кквелеб?»** <br> КочIол насихIатаб хасият. Гьудуллъиялъул хIакъалъулъ шагIирасул пикраби. МацIалъул пасихIлъи ва сипатлъи. <br> **«Шамил».** Халкъияв багьадурасде бугьтанал лъей, кьучI гьечIел чIорал, рагIи рехи — мекъаб иш бугин абураб шагIирасул пикру кочIолъ загьирлъи. | ХХ г1асруялъул хъвадарухъабазул асарал пасих1го ц1ализе. <br> Литературияб асар бич1ч1изе, нахъг1унт1изе, гъорлъе ккун лъазе. <br> Живго жиндаго ч1ун, ц1алараб асаралъул маг1на бицине. <br> Асаралъул план г1уц1изе. |

| | |
|---|---|
| Шамилил бахIарчияб тарихалъе къимат кьезе, гьелъул кIвар рагьизе ХIамзатица хIалтIизарурал сипатиял рагIаби.<br>**«Чоде».** Жиндирго хъахIаб чол хIакъалъулъ ХIамзатил кучIдул. КочIохъанасул махсара, чода бадир чIваял, ва гIайибал гьари. Гьел гьариялъе гIилла. МацIалъул пасихIлъи.<br>**«Пилги ЦIунцIраги».** Жиндирго къуваталде мугъчIвайги гьабун, чIухIи бихьизабураб Пилалъул мисалалдасан шагIирас гIадамасулъ рекъечIеб пахруяб чIухIи какулеб куц.<br>Баснялъул насихIат.<br>**«Маймалакги цIулал устарги».** Баснялъул аслияб магIна жиндир гуреб иш тIаде босарав чи сурулеб куц бихьизаби. Маймалакалъул гIамал бугел гIадамазда гвангъараб мисалалдалъун ХIамзатица речIчIулеб сатираялъул чIор. Кколареб ва жинда лъалареб иш гьабулев чиясул гIамал жиндаго багъи.<br>Баснялъ кьолеб гIакълу.<br>**«Айдемир ва Умайгьанат».** | Асаразул аслиял героязе ва аслиял лъугьа-бахъиназе характеристика кьезе.<br>Рич1ч1уларел раг1аби ратизе ва гьезие баян кьезе.<br>Асаразда т1асан суалал лъезе.<br>Асаразда т1асан лъурал суалазе жавабал кьезе (хъван яги бицун).<br>Авторасул кинаб бербалагьи асаразул герояздехун бугебали ургъизе.<br>**Щиб мурадалда хъвараб асарали пикру гьабизе.**<br>Киналго асаразе хасиятаблъун бугеб жо бугищали ралагьизе.<br>Аслияв героясе характеристика кьезе.<br>Рич1ч1уларел раг1аби ратизе ва гьезие баян кьезе.<br>ХХ г1асруялъул байбихьуда рук1арал хъвадарухъабазул асаразда т1асан |

| | |
|---|---|
| КІигьумерчилъи, цІогь, хІилла-макру, гІадан хІакъир гьави гІадал инсанасул квешал рахъал къватІир чІвазари. Аслиял сипатал, гьезул хаслъи. Жаниса турарал Асмаги, ясги, гьезул хъатикь вугев Гъазиги жал цІакъал чагІилъун хІазе лъугьиналъ ккеза- бураб комедияб хІал. | суалал лъезе. XX г1асруялъул адабияталда т1асан лъурал суалазе жавабал кьезе (хъван яги бицун). Куч1дул пасих1го ц1ализе ва рек1ехъе лъазаризе. |
| Каламалъул хаслъиялдалъун багьадуразул хасият-гІамал рагьизе авторасул махщел. Асиятил, Умайгьанатил, Айдемирил сипатал. | Пикруги х1алт1изабун, гьал асараздасан сочинение хъвазе. Хъвараб жоялъулъ гъалат1ал ралагьизе ва гьел рит1изаризе. |
| **«ГІумруялъул дарсал»** (къокъ гьабураб). ЦІадаса ХІамзатил устар-лъи халкъияб кІалзулаб гьунаралда бухьараб букІин. Поэмаялъулъ ин-санасул рухІияб дунялалъе, гІамал-хасияталъе ва хьвада-чІвадиялъе къимат кьей. Лъималазе ва гІолилазе лъай ва тарбия кьеялъул ра- хъалъ аза-азар соназ халкъалъ хІалтІизарурал кицабаздаса, абияздаса, гІакъилал пикрабаздаса ва малъа-хъваяздаса шагІирас гІатІидго пайда боси. | Асараздаса пайдаги босун, литературияб макъала хъвазе. Асарал ва гьезул героял дандекквезе ва гьезие къимат кьезе. Хъвадарухъанасе, асаралъе, гьеб хъвараб къаг1идаялъе г1аммаб характеристика кьезе. |
| Поэма — магІарул халкъалъул адабияб ва гІадилияб хьвада | XX г1асруялъул байбихьуда рук1арал хъвадарухъабазул асаразе хасиятаб пикру кинаб бук1арабали ургъизе. |

| | |
|---|---|
| чIвадиялъул бечедаб хIалбихьи загьир гьабураб асар. **«Балагьалъул гъамас»** Меседгун гIарцуца халкъ хвалде цIаялъе гвангъараб мисал. Бечелъи-ялъ гIадамазул гIамал-хасият хисизабулеб куц. Жидер захIматалдалъун, гIурхъулъа ун, гIадан бечелъизе рес гьечIолъи. Бечелъиги намус-яхIги цадахъ хIебтIунгутIи, гьезул цоялъ цояб чIвай — гIумруялъул закон букIин авторас кIудияб махщалида бихьизаби. Жакъасеб гIумруялъул матIулъун гьеб трагедия букIин. ЦIадаса ХIамзат — аваразул советияб литератураялъе кьучI лъурав рагIул устар. ГIумру ва творчество. Революциялда цересел асарал. (Анализалъе росила цереккун малъарал **«Ашбазалде», «Дибирги ГIанхвараги», «ГIакдал кечI»** ва гь.ц.). Поэтасул асаразул тематикаялъул цIилъи ва героязул хаслъи. ЦIадаса ХIамзат — кIудияв сатирик. Революцияб нухда цIияб | Хъвадарухъабазул х1акъалъулъ т1адеги материал бак1аризе, т1ахьазде, интернеталде раккизе, гьезул бат1иял асаралги ц1ализе.<br><br>Асараздасан пасих1ал раг1аби, гъваридал мухъал рат1а гьарун хъвазе, рек1ехъе лъазаризе.<br><br>Асаразул сюжетал ва персонажал дандекквезе.<br><br>Ц1адаса Х1амзатил, Мух1амад Шамхаловасул, Мух1амад Сулимановасул, Расул Х1амзатовасул творчествоялъул ва гьезул биографиялъул лъаларел баянал т1адеги ралагьизе ва лъазаризе. |

| | |
|---|---|
| чIаголъи гIуцIизе квалквал гьабулебщинаб поэтас гIужие гъей.<br>**«ГIадатазул жул», «МагIарул мискинзабазде», «ХIамабагьадурльи»,**<br>**«Багъизе гьве хьихьи», «Эбел, яс ва базарган», «Гьидерил гIадат».**<br>Поэтасул политикияб лирика ва гьелъул хаслъи. **«Барка».**<br>ЦIадаса ХIамзатил рагъул кучIдузулъ ВатIан хиралъиялъул асар.<br>**«Къисас»** абураб тIехь. **(«Рахъа дида хадур»** — (малъараб), **«ГIемер лъадахъ ани», «Дунял гьаргьадулеб», «ГьитIинай ПатIиде»),**<br>ХIамзатил драматургия. **(«Айдимер ва Умайгьанат» —** (малъараб), **«Хьитазул устар» —** (класстун къватIибехун цIалараб).<br>**«ГIисинил гьвел кечI»** — 15 сонил гIумруялда ХIамзатица хъвараб кIиабилеб асар. БачIинахъего гьеб лъугьин какун беццулеб, беццун какулеб шагIирасул сатираялъул аслияб мугьрулъун. Гьимиги | |

| | |
|---|---|
| (ирония), тӀадвелъиги (юмор), хъачӀго какиги (сарказм), гьеб асаралда жаниб гӀатӀидго хӀалтӀизабун бугеб куц. ГьитӀинаб, гьадингояб жо кӀодо гьабун. кӀудияб гӀад-хочӀ гьабун, жамгӀиял гӀузраби къватӀир чӀвазари. Херлъун бода сурараб гьведе кочӀодалъун кӀалъай — ХӀамзатил адаби- яб хӀаракаталъул цӀилъи.<br>ХӀакъикъияб лъугьа-бахъинги кьочӀое босун, хӀакъикъиял гӀадамазул цӀаралги рехсон, жамгӀиял гӀузраби понцӀон рихьизари.<br>Халкъалда рагӀизабун, къватӀибе бахъараб тӀоцебесеб кӀиябго кечӀалъ **(«ГӀалибегил гьве» ва «ГӀисинил гьвел кечӀ»)** аваразул кӀудияв шагӀир вахъун вукӀиналъе нугӀлъи гьабула гьвел бетӀергьанас автор чанцӀулго судалде кьеялъ. МацӀалъул бечелъи, роцӀин, пасихӀлъи, мегафоразул, дандекквеязул кутак.<br>**«Советазде щал рищизе кколел?»** абураб кечӀ халкъалъе ритӀухълъиялъул нухбихьизабилъун | |

| | |
|---|---|
| букIин. Гьанжесеб гIумруялда гьелъул кIвар. ХIамзатил гIакълу гIадахъбосичIолъиялъ кьолел кьогIал хIасилал.<br>**«ХIамабагьадурлъи».** ГIиси-бикъинаб, гьадингояб жоги кIодо гьа- бун, ццин балъаргъиналъ ва гьелъие бокьараб гьабиялъ, гIантаб чIухIиги кьолон, кьалде лъугьиналъ балагьалде цIалеб куц. «ГIакълу — цебе, ццин — нахъе», — ян абураб халкъияб кициялъул сан гьабичIолъиялъ кьолеб хIасил ва ХIамзатил насихIат.<br>**«Москваяльул гIунгутIаби»** какун бецциялъул гвангъараб мисал, ХIамзатил юморалъул хаслъиялъул нугI.<br>ХIамзатил юморалъул (махсараялъул) хаслъи, мацIалъул пасихIлъи, бегIерлъи, гIадатлъи.<br>Аваразул советияб литература ва культура гIуцIиялъулъ ва цебетIезабиялъулъ ЦIадаса ХIамзатица лъураб бутIа.<br><br>**МухIамад Шамхалов.**<br>**«Зурмихъабазул нохъоде»** | |

| | |
|---|---|
| ГIисалги Расулилги гьудуллъиялъул щулалъи. ГIиял гьой Игитги лъималги. Расулилги ГIисалги захIматалдехун бугеб бербалагьи. Хъва- дарухъанас ГIисаеги, Расулиеги, Игиталъеги кьолеб къимат.<br>**«Тамашаяв гьобол»**<br>Асаралъул аслияб тема — революциялда цересел соназда МахIач Дахадаевасул хIаракатчилъи. ГIолохъанго МахIачил букIараб гьунар ва, макъратIисалъ махх гIадин, гIадамал жиндехунго цIалеб рагьараб ритIухълъи.<br>МахIачил сипат рагьизе авторас хIалтIизарурал сипатиял рагIаби ва гьезул кIвар.<br>**. «Вац»**<br>Ригьнада гьоркьор хутIарал басриял гIадатал цIияб гIелалъ хIатIикь лъолел рукIин — хабаралъул тема. Яцалъул талихIаб къисматалъе гIоло вацас рагIи аби гIад гьабулеб гIадат МухIамадица хвезаби.<br>МухIамадил ва Алипатил цоцаздехун бербалагьи. Алипатил цIодорлъи, намуслъи, адаб буголъи, | |

| | |
|---|---|
| жиндирго талихIалъе гIоло къеркьей.<br><br>**МухIамад Сулиманов.**<br>**«ХIинкъараб сапар»**<br>ЦIияб гIумруги гIагараб ракьги Самиеги Набиеги хирияб букIиналъе нугIлъи гьабулел гьезул ишал. Набилги Самилги гьудуллъи. Мекъалде- ги битIаралдеги лъималазул бербалагьи ва гьелъул хIасил. Лъималазул бахIарчилъи.<br>**«Васигат»**<br>ЦIаруйго берцин рихьарал ясал хъами, цогидал хIинкъизарун, питна балагьизе рахъин гIадинал инсаплъи хварал некIсиял гIадатал по- эмаялда каки.<br>БахIарчияй ясалъул сипат. Гьей магIарул ясалъул бахIарчияб намусяхIалъул гIаламатлъун йихьизайи.<br>Бидулас хъачагълъи рехун теялъе гIилла. Ярагъ ракьулъ букъиялъул магIна.<br>Поэмаялъул мацIалъул пасихIлъи, чвахиялъул дуруслъи.<br><br>**Расул ХIамзатов.** | |

| | |
|---|---|
| **«Вера Васильевна».** Халкъазда гьоркьоб гьудуллъи щулалъи ва цебетIей — кочIол аслияб пикру. ГIурус чIужугIаданалъ магIарулазе гьабураб ракIбацIцIадаб кумек. Миллатазда гьоркьоб рагъульги хIалтIульги тIегьан бачIараб щулияб гьудуллъи — къуват.<br>**«Маша».** Рагъда лъадарараб гьудуллъи-вацлъи хадубккунги тIегьай.<br>«Маша» абураб цIар лъеялъе гIилла. КочIол рохалилаб ва пашманаб бакъан. Лъималазде бугеб кIудияб ва хIеренаб рокьи загьир гьабизе шагIирас хIалтIизабураб махсара, сипатиял рагIаби. Дандекквеялъул ва эпитеталъул кIвар.<br>**«Россиялъул солдатал».** Поэмаялъе кьочIое босараб хIакъикъат. Халкъазда гьоркьоб гьудуллъи. ГIадамазе ВатIаналъул хиралъи. Рагъ- ухъабазул бахIарчилъи, рухIияб бечелъи, тушманасдаса бергьун гуро- ни, къун чIезе кIунгутIи. ГIабдулманаповасул рухIияб бечелъи | |

| | |
|---|---|
| рагьизе шагІирас хІалтІизарурал сипатиял рагІаби. Гаргаралъул кІвар.<br>**«Къункъраби».** ВатІаналъул намус-яхІ цІунун рагъарал, хІалтІарал бахІарзазе сайгъат гьабураб кечІ. ГІадан хиралъиялъул тІадегІанаб асар загьир гьабун, авторасда ратарал сипатиял рагІаби.<br>**«Эбелалъ дир кинидахъ», «Дагъистаналъул рохьал», «МагІарулал»**<br>ГІумруялъул ицц — эбелалде гІурхъи гьечІеб рокьи шагІирас кочІолъ загьир гьабураб куц. Эбелалъул рокьиялъ лъимадул чи лъугьи- нави, гьелъухъ лъимап улбузда цере даим налъулаллъун хутІи хІеренаб, пасихІаб, сипатияб мацІалъ бицунеб куц.<br>МагІарулазул яхІ-намусалъул, рухІияб бечелъиялъул, тІабигІаталъул, гІагараб ВатІаналде гьезул бугеб рокьул кІодолъиялъул бицунел **«МагІарулал», «Дагъистаналъул рохьал»** абурал кучІдул. Жиндирго ВатІаналдаса ва гьелъул миллаталдаса шагІирасул чІухІи. | |

| | |
|---|---|
| КучIдузул магIнаялъул гъварилъи, мацIалъул сипатлъи, формаялъул рекъонккей.<br>**«Дир ракI мугIрузда буго».** Поэмаялда жанир шагIирас жин- дирго халкъалъул хасияталъул лъикIал рахъал загьир гьари: къвакIи, гIадатлъи, рекIел гIатIилъи, захIмат бокьи, гIадан хиралъи. Поэмаялъул аслияб пикру — шагIирасул хIасратаб, жив халкъгун вугин, гьелъулгун жиндир бухьен тIун гьечIин абураб калам.<br>**«Дир Дагъистан».** Асаралъул хIакъалъулъ цебергIи. Жинде щвезегIан лъиданиги батун букIинчIеб хIикматаб жанр Расулица бижи- заби. «Дир Дагъистан» — инсанасул ва дунялалъул хIакъалъулъ пик- рабазул тIехь.<br>**«Эбелалде».** Лъималазде эбелалъул рокьул кIодолъи ва гъварилъи, гьезул ургъалида ва рухIалида гIумру унел улбузда цере лъимал кидаго налъулаллъун хутIи. Эбелалъул сипаталда ва цIаралда цеве шагIирасул недегьлъи ва рекIел тIеренлъи. | |

| | |
|---|---|
| **«Авар мацI».** Рахьдал мацI гьечIони, гьечIо миллат, гьелъул маданият, рухIияб бечелъи. Умумуз ирсалъе тараб гьеб хазина наслабазе цIуничIони, цIунуларо халкъ. КочIол каламалъул хIалуцин. Лирикияв багьадурасул монолог.<br>**«Милъиршаби».** МагIарул тIабигIаталъул ва гIадамазул рукIарахъиназул сурат кIудияб рокьиялда ва махщалида бихьизабун бугеб куц. Сипатиял рагIабазул кIвар.<br>**«Инсулгун гара-чIвари»** — поэтасул программияб асар. Поэзиялъул кIвар, шагIирасул борч, — кидаго тIекълъигун, мекълъигун рагъда вукIин. Авторасул аслияб пикру рагьизе инсул каламалъул ва тIабигIиял сипатазул кIвар.<br>Расулил лирикаялъул хаслъи, цIилъи. ЦIиял тайпабаздалъун (жанрабаздалъун) миллияб адабият бечед гьаби.<br>**«Хъулбузул хIакъалъулъ», «Гъудулзаби цIуне», «КечIали щайгурин, щибаб рагIиги...», «Дихъе рокьи бачIана».** МацIалъул пасихIлъи, метафоразул бечелъи, | |

| | |
|---|---|
| магІнаялъул гъварилъи.<br>ВатІаналъул ва тІолабго дунялалъул къисматалъул тІалабалда хъварал асарал. Инсул тІалъиялъул ва тІолго дунялалъул шагІирин цІар кьеялъе гІилла. **«ГІумруялъул гьоко», «Руччабазул чІинкІиллъи», «Концерт»** гІадал асаразул тематика ва гьезул кІвар.<br>Расул ХІамзатовасул творчествоялъул цІилъи. Поэт Пачалихъ- аялъулаб ва Ленинилаб премиябазе мустахІикълъи, Социалистияб ЗахІматалъул БахІарчи абураб цІар кьей.<br>**«Инсулгун гара-чІвари», «Васигат», «Хъулбузул хІакъалъулъ», «Гьудулзаби цІуне», «КечІали щайгурин, щибаб рагІиги...», «Дихъе рокьи бачІана».**<br>Поэтасул асаразул аслиял темаби: эбелаб ракь, хІасратаб рокьи, гІагараб халкъалъул къисмат, дунялалъе рекъел, инсанасул рухІияб бе- челъи.<br>Халкъазул гьудуллъи, вацлъи кІодо гьабун ахІарал кучІдул **(«Цо рукъалъул лъимал», «КІудияв** | |

| | |
|---|---|
| **вац», «Вера Васильевна», «Маша»).** | |
| **5. XX ГIАСРУЯЛЪУЛ АДАБИЯТ (к1иабилеб бут1а) (42 саг1ат)** | |
| **ГIабдулмажид Хачалов.**<br>**«ТIаса лъугьа, гьалмагъ майор»**<br>ВатIанияб рагъда гIадамазул таваккал, къвакIи, бахIарчилъи ва туш- манасде ццин загьир гьабун бугеб куц. Саша Горбуновасул цIодорлъи. бахIарчилъи, къвакIи, тушманасде гьалагаб ццин. Майор Горбуновасул гIамал-хасият. ГIурусав Горбуновасулги, магIарулав Гъазихъовасулги, гуржиясулги рагъда лъадарараб гьудуллъи.<br>**«Хваразул цIаралдасан»**<br>КIудияб ВатIанияб рагъда халкъалъ бихьизабураб бахIарчилъи, къвакIи, къохIехьей. Гьеб кинабго бачIунеб гIелалда кIочене бегьунгутIи.<br>Халкъалъе гIоло рухI кьурал<br>гIадамал хвел гьечIеллъун лъугьин<br>—<br>поэмаялъул аслияб пикру.<br>Поэмаялъул гIуцIиялъул хаслъи, мацIалъул пасихIлъи.<br>Хвараздехунги чIагояздехунги | XX г1асруялъул к1иабилеб бут1аялъул хъвадарухъабазул асарал пасих1го ц1ализе.<br><br>Литературияб асар бич1ч1изе, нахъг1унт1изе, гъорлъе ккун лъазе.<br><br>Живго жиндаго ч1ун, ц1алараб асаралъул маг1на бицине.<br><br>Асаралъул план г1уц1изе.<br><br>Асаразул аслиял героязе ва аслиял лъугьа-бахъиназе характеристика кьезе.<br><br>Рич1ч1уларел раг1аби ратизе ва гьезие баян кьезе.<br><br>Асаразда т1асан суалал кьезе.<br><br>Асаразул текстазда т1асан лъурал суалазе жавабал кьезе (хъван яги бицун). |

| | |
|---|---|
| авторасул бербалагьи.<br><br>**Фазу ГIалиева.**<br>**«Рии тIадбан буго дир тIалъиялда»**<br>Гьавураб ва гIураб ракьалъул тIабигIат ккола ВатIаналде рагьулеб рокьул каву. Гьелдасан байбихьула эбелаб ракьалде рокьул асар тIирщизе. ГIазизаб тIалъиялъул тIабигIаталъ шагIиралъе гьабураб асар. Гьелде бугеб жиндирго хIасрат загьир гьабизе шагIиралда рата- рал сипатал.<br>**«ЦIад»** балеб мехалъ мугIрузул тIабигIат хисулеб куц, ЧIагояб тIабигIат гьелдаса бохиялъул сипат. Лъималазе гьелъ гьабураб асар. ЦIад тIабигIаталъе ва гIадамазе рахIматлъун букIиналдаса шагIиралъул рохел.<br>**«Дир рахьдал мацI»**<br>МацI гьечIони, гьечIо миллат. Миллат тIагIарал къавмал — рухIияб ицц къараб къулгIа. Рахьдал мацIалде магIарулаз мугъ рехулеб букIин бихьарай шагIиралъул рекIел бухIи, | Авторасул кинаб бербалагьи асаразул герояздехун бугебали ургъизе.<br><br>Кьураб темаялда рекъон литературиял асаразул текстаздаса циатал рат1аросизе.<br><br>Киналго асаразе хасиятаблъун бугеб жо бугищали балагьизе.<br><br>Аслияв героясе характеристика кьезе.<br><br>Рич1ч1уларел раг1аби ратизе ва гьезие баян кьезе.<br><br>XX г1асруялъул к1иабилеб бут1аялда рук1арал хъвадарухъабазул асаразда т1асан суалал кьезе.<br><br>XX г1асруялъул адабияталда т1асан лъурал суалазе жавабал кьезе (хъван яги бицун).<br><br>Куч1дул пасих1го ц1ализе ва рек1ехъе лъазаризе.<br><br>Дурго пикруги х1алт1изабун, гьал |

| | |
|---|---|
| гьеб рухIияб хазина цIунеян балеб ахIи.<br>**«МугIрузул закон»** — азарил соназ магIарулаз жидеда рекъон гIумру гьабурал гьайбатал гIадатал. Цо хъизанлъун, росдал жамагIаталъ гъункун гIумру гьабизе гьезул бугеб рухIияб кIвар. Гьел хъвачIел законазул гIорхъи бахарав чи жамагIаталъ рикIкIунгутIи, гьев гIадамазул берзукьа ворти рогьо-ничлъун букIин.<br>**«Эбелалда гьикъе»** — эбелалъул рухIияб кIодолъи кочIолъ ахIи. Эбелалъул рекIеда бикIун букIуна щибаб жиндир лъимадул лъугьа-бахъинги, рохел-пашманлъиги, гьел гIурал куцги. КIочарабщинаб абула эбелалда гьикьеян. Даимал налъулаллъун лъимал эбелалъе хутIи.<br>**«Кини»**<br>МагIарул чIужугIаданалъул гIакъиллъи, сабруялъул кIодолъи. Гьелъул рухIияб дунялалъул камиллъи. Васасдехун, йикIинесей нусал- дехун, цогидаздехун Халунил бербалагьи. Закарил ва Меседул | асараздасан сочинение хъвазе.<br>Дуцаго хъвараб жоялъулъ гъалат1ал ралагьизе ва гьел рит1изаризе.<br>Асарал ва гьезул героял дандекквезе ва гьезие къимат кьезе.<br>Гьал асараздаса пайдаги босун, литературияб макъала хъвазе.<br>XX г1асруялъул байбихьуда рук1арал хъвадарухъабазул асаразе хасиятаб пикру кинаб бук1арабали ургъизе.<br>Хъвадарухъанасе, асаралъе, гьеб хъвараб къаг1идаялъе г1аммаб характеристика кьезе.<br>Хъвадарухъабазул х1акъалъулъ т1адеги материал бак1аризе, т1ахьазде, интернеталде раккизе, гьезул бат1иял асаралги ц1ализе.<br>Асараздасан пасих1ал раг1аби, гъваридал мухъал рат1а гьарун хъвазе, рек1ехъе лъазаризе. |

| | |
|---|---|
| сипатал.<br>Рагъул магъалоялъул бакIлъи. Гаргаралъул, сипатиял рагIабазул кIвар.<br>**«Кьолбол мугьру».** Жакъасел магIарулазул гIумруялъул ва рукIарахъиналъул гIатIидаб сурат цебечIезабулеб куц. Умумузул ирсилаллъун кколел гIолилазул рухIияб дунялалъул гIатIилъи, бечелъи. Эркенаб захIматалда куцарал устарзабазул рекIел бечелъи, сахаватлъи, гIадамасул къадру борцунеб роценлъун хIалтIудехун бугеб бербалагьи лъугьин.<br>**«ЛъагIалил свери»** — жалго жидедаго чIун цIализе ва анализалъе цадахъ къазе.<br><br>**МухIамад ГIабдулхIалимов.**<br>**«Инсул мина»**<br>Эбел-инсул адаб-хIурмат гьабизе ккола, гьел чIаго рукIаго. Инсул рокъове Ибрагьим тIадвуссиналъе гIилла. Ибрагьимидаги гьесул вас Сапиюладаги гьоркьоб ккараб гарачIвари, гьелъул магIна ва кIвар.<br>**«Госпиталалъул вас»** | Асаразул сюжетал ва персонажал дандекквезе. |

| | |
|---|---|
| ХIамзатилги Сахратилги гьудуллъи ккей. Лъукъарал солдатаз ХIамзатил эбелалъул хIурмат гьаби. Дзгуевас васасе орден кьей. Ка- питан Симоновги ХIамзатги. Эбел фронталде иналъе гIилла. Орден бикъи. Эбелалъул кагъат бачIин. ХIамзат фронталде лъути.<br>ВатIаналъе хилиплъи — кIудияб такъсир — къисаялъул аслияб пикру.<br><br>**Заид ХIажиев.**<br>**«ХIанчIикIкIал».** Эркенаб цадахъаб захIмат талихI-рохелалъул кьучI букIин хIор бахъарал хIанчIазулги хIалтIудаса нахъе кIанцIараб Гагулги мисалалда бихьизабун бугеб куц. ЦIодораб тIинчI хIанчIалъе ин ва цадахъ хIалтIиялдаса щвараб рохел. Гагул макрулъи. ХIанчIазул эр- кенаб захIматги Гагул пахрулъиги бихьизабизе шагIирас хIалтIизарурал сипатиял рагIаби.<br>ТIабигIаталъул сурат цебечIезабизе шагIирасул махщел.<br>**«Цакьуги Циги».** РекIелъ чаран букIин чилъиялъул аслияб шартI | |

| | |
|---|---|
| кколеблъи Цакьулги Цилги мисалалдалъун шагIирас загьир гьаби.Цилги Цакьулги хасият-гIамал рагьулел сипатиял рагIаби. Баснялъул насихIат.<br>Заид ХIажиев аваразул советияб поэзиялъе кьучI лъуразул цояв ва авар мацIалда тIоцересел драмаялъул асаразул автор. ГIумруялъул ва творчествоялъул хIакъалъулъ къокъаб баян.<br>ВатIаналде Заид ХIажиевас ахIарал кучIдул **«ТIогьол магIдан»,**<br>**«Тушманасе хвел», «ЩIияб гIел»** — (цебеккун малъараб).<br>Поэтасул сатира. **(«Лъадаве щив инев?», «Цакьуги Циги»** — (цереккун малъарал), **«ЧIагояб экран»).**<br>Поэзиялъул кIваралъул ва поэтасул борчалъул хIакъалъулъ пикраби **(«Къебелъухъ»).**<br>Заид ХIажиевасул кочIол мацIалъул дуруслъи, пасихIлъи.<br><br>**Ражаб Дии-МухIамаев.**<br>**«Хиянатчи»** | |

| | |
|---|---|
| ВатIаналде къо ккараб мехалъ, нахъе къан чIарав чиясул рогьояб гIумру ва гьелъул кколеб инжитаб ахир. ВатIаналъе хилиплъарав чияс жиндирго гIагарлъи, йокьарай яс учузго ричулеб куц. Хиянаталде МухIамадил нух. Хъвалис ХIамзат — жанисел тушбабазул цо тайпа. Багьадураздехун ва гьезул ишаздехун авторасул бугеб бербалагьи эа- гьир гьарулел эпитетал, дандекквеял, метафорал ва гьезул кIвар.<br><br>**ХIусен ХIажиев.**<br>**«ГIалибегил къулгIа»**<br>ГIалибегилги гьесул чIужу Айизалги гIаданлъи, рекIел сахаватлъи, адаб-хIурматгун инсан кIодо гьави. ГIадамазе жив хIажатав вукIиналдаса ГIалибегил чIухIи. Херав магIаруласул гIамал-хасият. Сверухъ бугеб тIабигIаталдехун гьесул бугеб рокьи ва тIалаб. ГIалибегица чанил цIцIе хвасар гьаби. Иццуда «ГIалибегил къулгIа» абураб цIар лъеялъе гIилла.<br>Харбил пикруялъул гъварилъи. | |

| | |
|---|---|
| **Багъатар.**<br>**«Дихъ ралагьун чIа, мугIрул»**<br>МагIарул хъизамалда ва школалда захIматалде рокьи базаби ва гьеб бечелъилъун рикIкIин. ГIадамазе, гIаммаб магIишаталъе пайда гьабиялдаса къисаялъул багьадуразул чIухIи ва рохел. Къисаялъул аслиял багьадуразул сипатал. ГIисиназдаги чIахIияздаги гьоркьоб гьудуллъи. Къисаялъул хIеренаб сипатияб мацI. Аслиял багьадураздехун автора- сул бербалагьи загьир гьарулел сипатиял рагIаби.<br>**«Чадил кесек»** Инсанасул гIумруялда жаниб чадица кколеб бакI. Кванидехун хIурмат гьаби — асаралъул пикру. Хабаралда авторас рорхун ругел суалал.<br>**«Севералда бугеб дир милъиршо».** Жакъасел анищал, къасдал. Миллатазул рухIияб бечелъи. Къисаялъул аслиял багьадурал, гьезул си- патал. Эбел-инсудехун, чIахIияб гIелалдехун гIолилазул гьоркьоблъи.<br>Автор — къисаялъул багьадур. | |

| | |
|---|---|
| Лъугьа-бахъин аслияв багьадурасул цIаралдасан бициналъе гIилла.<br><br>Багьадуразул рекIел хIал, къасдал рагьиялъе мугIрузул тIабигIаталъул, Каспий ралъдал суратазул кIвар.<br><br>**«ЦIадакьа бахчулеб дир чанил бурутI».** МагIарул гIолилазул гIумру-хасияталъул тема. ГIолилазул цIали, анищ, къасдал, рокьи ав- торас махщалида рихьизари. Циноевасул кIигьумерчилъи. Месей — гIадатай магIарул яс. Месейил гъалатI ва жинцаго жиндиего гьабураб тамихI. Гьимат — яхI, намус, гIишкъу цIунизе лъалел гIолилазул це-вехъан.<br><br>Къисаялъул гIуцIиялъул хаслъи. МацIалъул пасихIлъи. РакIал-дещвеязул, монологазул кIвар.<br><br>**Асадулагь МухIамаев.**<br><br>**«МагIарулай» (гьелдаса кIиго кесек): «АхIмад тIадвуссин», «Миккикъор»**<br><br>Лъалареб хIалалъ ругъназул согIаз хисарав АхIмад рагъдаса вачIун эбел-инсуда рещтIин. ЛъазегIан ккараб гара-чIвариялда фронталдаги | |

| | |
|---|---|
| тылалдаги къеркьарал гIадамазул рухIияб бечелъи, тIадегIанлъи.<br><br>**МухIамад Хуршилов.**<br>**«ГIандалал»**<br>Къисаялъул хIакъикъияб аслу. Гьеб хъваялъул мурад ва заман. ВатIан хиралъиялъул асар ва гьеб цIунизе рухI кьун рагъарал умумузул ирс цIунизе ккей — асаралъул тема. МагIарулазул чилъи борцунеб роцен — таваккал, бахIарчилъи, къвакIи. Херав ХIасанил, Чупаласул ва цогидалги багьадуразул сипатал.<br>Надир-шагь инжитго къеялъе гIилла.<br>**«Сулахъалъ нугIлъи гьабула»** **(«Кьода нус», «Боркьараб рагъ»)**<br>**Романалъул хIакъалъулъ баян.** Кьода батараб носол балъголъи. Хъаравуласул хабар. БоцIуе гIоло бечедаз гьабулеб вахIшилъи. Мискиназдаги бечедаздаги гьоркьоб тушманлъи цIикIкIиналъе гIилла.<br>ГIумарил нухмалъиялда гьоркь мискинхалкъалъ гьабураб боркьараб рагъуе нугI — Сулахъ. | |

| | |
|---|---|
| **Муса МухIамадов.**<br>**«Инсул гьалбал»**<br>Гьоболасул адаб-хIурмат гьаби — магIарулазул гьайбатаб гIадат букIин. Гьалбал хирияв ГIабдулагьил ва гьесул лъадул рухIияб бечелъи.<br>ЛъикIаб гIадат, цоцахъе кьолаго, рухIияб хазиналъун наслабаз цIунизе ва бечед гьабизе ккей — хабаралъул аслияб пикру. Аслиял багьадуразул сипатал. Асаралъул пикру рагьизе тIабигIаталъул сураталъул бугеб кIвар.<br>**«Манарша» (къокъ гьабураб)**<br>МагIарул гIолилазул гIуцIарухъанлъи ва рухIияб дунялалъул гIатIилъи. ХIайдарил, Манаршал, ПатIиматил сипатал. Манар- шал гIумруялда жаниб эбел Гулжагьаница ва херай Катуралъ кколеб бакI Манаршаги мугIалимги. Манаршал рухIияб дунял гIатIилъизе мугIалималъ лъолеб бутIа.<br>**«Къисас».** Тема, идея, аслиял образал. Революциялъул нухда магIарулазул гIакълу-лъай цIубараб ва гIумру цIилъараб куц. (ГIаммаб лъай-хъвай). | |

| | |
|---|---|
| **«Бакъдасел».** Къисаялъул идея, аслиял образал. Жакъасел магIарулазул гIумруялъул ва рукIарахъиналъул гIатIидаб сурат. Советиял гIадамазул рухIияб бечелъиялде ва берцинлъиялде авторас кьолеб кIвар. Къисаялъул гIуцIиялъул хаслъи.<br><br><br>**ХIажи Гъазимирзаев.**<br>**«Васасде», «Гъудуласде», «Лъалхъуге, дир барти»**<br>ШагIирасул гIумру ва адабияб хIаракатчилъи.<br>Умумузул гIамал-хасият, гIагараб ракь, магIарул халкъ, миллияб мацI — шагIирасул адабияб гьунаралъул аслияб-тема.<br>Гъазимирзаевасул кучIдузул пасихIлъи, мацIалъул бечелъи, пикра-базул гъварилъи.<br><br>**Машидат Гъайирбекова.**<br>**«Эбелалъул ракI», «Эбелалъул кечI», «КочIолъ батана дир рухI»**<br>ШагIирапъул гIумру ва адабияб хIаракатчилъи. | |

| | |
|---|---|
| МагIарул чIужугIаданалъул къадру, намус, захIмат, гьелъул напс ва тIадегIанлъи кIодо гьаби — Машидатил асаразул аслиял темабазул цояб. Лирикияб сипат гIуцIизе шагIиралъул бугеб махщел ва бажари.<br><br>**ГIабасил МухIамад.**<br>**«Анлъжугьаби»**<br>Халкъияв шагIирасул гIумру ва адабияб хIаракатчилъи. Авар адабияталда ХIамзатил Расулица гIатIидаб нух рагьана рагIаби дагьаб, магIна гъваридал анлъго мухъил къокъал кучIдузе. Гьеб форма берцин бихьарав ГIабасил МухIамадица цIикIкIун кIвар кьуна анлъжугьабазе.<br><br>**ГIумар-ХIажи Шахтаманов.**<br>**Лирика: «Къаралазул гIор», «РачIа, гьудулзаби», «ГIандадерил хIор»**<br>Шахтамановасул лирикаялъул хIакъалъулъ баян. Гьелъул философия, хаслъи.<br>ВатIан, гIагараб халкъ хиралъи, | |

| | |
|---|---|
| инсанасул намус-яхI, гIамал-хасият, шагIир ва заман, шагIир ва поэзия Шахтамановасул лирикаялъул аслиял темаби.<br><br>**ГIарип Расулов.**<br>**«Хазина»**<br>Хъвадарухъанасул гIумру ва адабияб хIаракатчилъи. Хабаралда жаниб хIакъикъияб ва гьересияб цоцада данде тунки. Инсанасул гIумру — даимаб чвахи.<br>Жиндирго намусалда, гIумруялда, тIабигIаталъ кьураб пагьму-гьунаралда цебе унго-унгояв устарасул ритIухълъи ва жавабчилъи — ха- баралъул аслияб пикру.<br><br>**МухIамад АхIмадов.**<br>**Лирика: «Дие бокьун буго», «Сардалги къоялги къацандулелъул...», «Гьале гIазу балеб...», «ЧIужугIадан»**<br>АхIмадов — авар поэзиялъул цIияб наслуялъул вакил. ШагIирасул гIумру ва адабияб хIаракатчилъи.<br>ВатIан, гIумру, гIадамал, жакъасеб къоялъул рохелги ургъелги, мил- | |

| | |
|---|---|
| лияб тарих — чIужугIаданалъул къисмат, заманалда цебе шагIирасул жавабчилъи — АхIмадовасул лирикаялъул аслияб тема.<br>Рахьдал мацIалдаса пайда босизе, гьеб махщалида хIалтIизабизе шагIирасул бугеб гьунар.<br><br>**МухIамад Гунашев.**<br>**«ЩIадулал соназул учитель».** Жиндиего бокьун, КIудияб ВатIаниб рагъде арав учителасул къис- мат. Поэмаялъул хIакъикъияб кьучI. Рагъул авлахъалда бохги тун, школалде тIадвуссарав учителасул рухIияб бечелъи. Жиндир цIулал бох букIинцин лъазе течIого, окопазул форма хисичIого, гулбуз борлъ- борлъараб шинелалда гъорлъ, бергьенлъиялъул къо бачIинегIан гьев хьвадарав куц. Фронталда улбул ругел лъималазе эменлъиги учитель-лъиги цадахъ гьаби. Жиндирго мукъсанаб квен ракъарал цIалдохъабазе кьун, кIудияб яхI-намусалда вукIин.<br>Учителасул камилаб сипат гIуцIизе шагIирас хIалтIизарурал | |

| | |
|---|---|
| дандекквеял, метафорал, эпитетал ва гьезул кIвар. | |
| 6. **Дагъистаналъул халкъазул адабияталдаса (63 саг1ат)** | |
| **ЛъарагIазул халкъияб кечI «Янгъизасул кечI».**<br>**Табасараназул халкъияб кечI «Мискинлъи».**<br>**Даргиязул халкъияб кечI «Рагъ рикIкIад бугониги...».**<br><br>**Сулейман Стальский.**<br>**«Бечедал чиновниказде», «Маллаязде»,**<br>**«Эркенлъи», «Октябралъул революция», «ХIалтIухъан»,**<br>**«Нилъер къуват».**<br>Лезгиязул советияб литератураялъе кьучI лъурав шагIир — Сулейман Стальский. Поэтасул гIумру (цебеккун малъараб жиндирго хIакъалъулъ хабарги гъорлъе бачун). Бакуялъул нартихъабазулгун хурхен. КучIдул гьаризе байбихьараб куц. Цересел тIадчагIи ва рухIаниял кучIдузулъ каки. (**«Бегавуласде»** — (малъараб), **«Бечедал чиновниказде», «Маллаязде»).**<br>Социалистиял гIуцIарухъабазул | Халкъияб к1алзул гьунарилан щай абулебали баян кьезе.<br><br>Халкъияб кеч1 пасих1го ц1ализе.<br><br>Аслиял героязе характеристика кьезе.<br><br>Асаразул аслиял героязе ва аслиял лъугьа-бахъиназе характеристика кьезе.<br><br>Рич1ч1уларел раг1аби ратизе ва гьезул маг1на баян гьабизе.<br><br>Халкъиял куч1дул пасих1го ц1ализе ва рек1ехъе лъазаризе<br><br>Халкъиял куч1дузулъ киназего г1ахьалаб пикру балагьизе.<br><br>Литературияб асар бич1ч1изе, нахъг1унт1изе, гъорлъе ккун лъазе. |

| | |
|---|---|
| хIакъалъулъ кучIдул (**«ХIалтIу-хъан», «Нилъер къуват», «Комсомол»).** | Живго жиндаго ч1ун, ц1алараб асаралъул маг1на бицине. |
| Лезгиязул советияб литература цебетIеялъе Сулейманил асаразул кIвар. | Асаралъул план г1уц1изе. |
| **М.Горькица** поэтасе кьураб къимат. | Рич1ч1уларел раг1аби ратизе ва гьезул маг1на баян гьабизе. |
| **ГIазиз Иминагъаев** | Асаразул текстазда т1асан суалал лъезе. |
| ГIазиз Иминагъаевасул литературияб хIаракатчилъи. Нек1сиял гIадатал гIужие гъезе, рухIаниязул рухIияб хъарцинлъи, хъантIи къватIир чIвазаризе (**«Муллаги ясги»),** хIалтIухъанасул букIараб кьогIаб къисмат рагьизе (**«НекIо хIалтIухъанасул гIумру»)** поэтасул гьунар. | Асаразул текстазда т1асан лъурал суалазе жавабал кьезе (хъван яги бицун). |
| КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи нилъехъ букIиналда ракI чIезабун, ГIазизица ахIарал кучIдул: «Тушман тIагIинавизин», «Бергьенлъи нилъехъ букIин». | Авторасул кинаб бербалагьи асаразул герояздехун бугебали ургъизе. |
| | **Щиб мурадалда хъвараб асарали пикру гьабизе.** |
| | Киналго асаразе хасиятаблъун бугеб жо бугищали ралагьизе. |
| **«ХIалтIухъанасул гIумру»** | Аслияв героясе характеристика кьезе. |
| НекIо хIалтIухъабазул букIараб кьогIаб къисмат кочIолъ гван-гъун бихьизабун бугеб куц. Гьеб асар | Рич1ч1уларел раг1аби ратизе ва гьезул маг1на баян гьабизе. |

| | |
|---|---|
| пачаясул хIукуматалда чIвалеб гIайиблъун букIин.<br>ШагIирас хIалтIухъаби эркенлъи тIалаб гьабиялде кантIизари.<br><br>**Эффенди Капиев.**<br>**«ГанчIида накъищал» (обзор), «Поэт» («Гуч» абураб бетIер)**<br>ГIумруялъул ва литературияб хIаракатчилъиялъул хIакъалъулъ къокъаб баян.<br>Дагъистаналъул миллияб литератураялъул хазина данде бакIаризе (**«ГанчIида накъищал»** абураб тIехь), хъвадарухъаби куцазе Э. Капиевас бахъараб жигар.<br>**«Поэт»** абураб къисаялъул хаслъи — гIумруялъул ритIухълъи.<br>**«Гуч»** абураб бутIаялъул идея, образал.<br>Дагъистаналъул миллияб литература цебетIеялъулъ Э. Капиевас лъураб бутIа ва гьелъул кIвар.<br>**«МагIарухъ чвахунцIад».** МагIарул тIабигIаталъул берцинлъи. Хабаралъ рекIее гьабулеб аваданаб асар. ГIагараб ракьалде авторасул | Пикруги х1алт1изабун, гьал асараздасан сочинение хъвазе.<br><br>Хъвараб жоялъулъ гъалат1ал ралагьизе ва гьел рит1изаризе.<br><br>Асараздаса пайдаги босун, литературияб макъала хъвазе.<br><br>Бат1и-бат1иял миллатазул асарал ва гьезул героял дандекквезе ва гьезие къимат кьезе.<br><br>Дагъистаналъул цогидал миллатазул ва авар адабияталъул хъвадарухъабазе ва асаразе хасиятаб пикру кинаб бук1арабали ургъизе.<br><br>Хъвадарухъанасе, асаралъе, гьеб хъвараб къаг1идаялъе г1аммаб характеристика кьезе.<br><br>Хъвадарухъабазул х1акъалъулъ т1адеги материал бак1аризе, т1ахьазде, интернеталде раккизе, гьезул бат1иял асаралги ц1ализе. |

| | |
|---|---|
| бугеб рокьи бихьизабизе сипатиял рагIабазул кIвар.<br>**«Разведчикал».** Хъвадарухъанасул асаразулъ КIудияб ВатIанияб рагъул тема.<br>Рагъулаб тIадкъай тIубазе тушманасул тылалде арал разведчиказул къвакIи, таваккал ва гъунки. Тушманасдаса рецIел босизе бугеб гIишкъу. ИсмагIиловасул сипат.<br>**«Сабаб».** Очеркалъе кьочIое босараб хIакъикъияб лъугьа-бахъин. Рагъда лъадарун рахъарал бахIарзал. Разведчиказул командир ХIажи Ибрагьимовасул сипат. Бергьенлъиялъул ицц — халкъазул гъункараб цолъи, ВатIаналде гъваридаб рокьи. Рагъда хвалдаса цIунулеб сабаб — цIодорлъи, бахIарчилъи, хIинкъи лъангутIи.<br><br>**АбутIалиб Гъафуров.**<br>Поэтасул гIумруялъул ва адабияб хIаракаталъул хIакъалъулъ гIатIидаб баян. Анализалъе пайда босила цебеккун малъараб **«Дир гIумру»** абураб асаралдаса ва **«Квешлъиялъе** | Асараздасан пасих1ал раг1аби, гъваридал мухъал рат1а гьарун хъвазе, рек1ехъе лъазаризе.<br><br>Асаразул сюжетал ва персонажал дандекквезе. |

| | |
|---|---|
| **квешлъи»** (6 кл) малъ- изе: **«Баси», «Дида бичIчIана», «ДугIа», «ГIакъилал рагIаби», «МугIрул», «Катил хIеж».** РагIуе бакI къварибаб, магIна бечедаб халкъияв поэтасул асаразул камиллъи. **«Дир гIумру»** НекIо магIарулазул мискинзабазул букIараб кьогIаб, язихъаб гIумруялъул сурат. Бечедал устарзабаз ругьун гьаризе ккун рукIарал лъималазул гъин кваналеб букIараб куц. Чалабил сипат. Гьесул вахIшилъи, къарумлъи, рухIияб мискинлъи. Мискинав васасул рухIияб бечелъи, эркенлъиялде цIайи ва гьелде батараб нух. **«Квешлъиялъе квешлъи».** ЛъикIлъи гьабуразе лъикIлъи, квешлъи гьабуразе квешлъи батулеб гIумруялъул закон рагьизе шагIирасда батараб тема. Гьабураб квешлъи кида-къадги жиндаго речIчIулеблъи бихьизабун бугеб куц. АбутIалибил насихIатиябгун философияб магIна. РагIабазул гIадатлъи, магIнаялъул | |

| | |
|---|---|
| гъварилъи, гIакълуялъул камиллъи.<br><br>**Абулмуслим Жафаров.**<br>**«Куркьбал ругеб хъачагъ»** (гьелдаса кIиго бетIер**), «Вехьасул хабар», «ГьацIул кьураби», «ЧIагоял рукъуларо».**<br>Табасараназул советияб литератураялъе кьучI лъурав **Абулмуслим Жафаровасул** гIумруялъул ва творчествоялъул хIакъалъулъ къокъаб баян.<br>Эркенаб захIматалъул, цIияб гIумруялъул гIуцIарухъанлъиялъул темаялда кучIдул, харбал, пьесаби хъвазе поэтасул букIараб гьунар.<br>**«Куркьбал ругеб хъачагъ»** (цебеккун малъараб **«СихIираб ци»** абулеб бутIаги дандекъан, анализ гьабила). **«ЧIагоял рукъуларо»** абураб поэмаялда рагъул тема рагьиялъул хаслъи. Асаралъул идея, образал.<br>**«СихIираб ци».** ГIалхул жанаварал — гIагараб тIабигIаталъул берцинлъи. ТIабигIат цIуни — инсанасул налъи. МутIрузул тIабигIаталъул сипат-сурат | |

| | |
|---|---|
| цебечIезабизе хъвадарухъанасул бугеб махщел. Ци чIвачIого теялъе гIилла.<br><br>**АхIмадхан Абу-Бакар.**<br>Хъвадарухъанасул гIумруялъул ва творчествоялъул хIакъалъулъ къокъаб баян, **«Даргиязул ясал».**<br>**«ХъахIаб сайгак»** абулеб къисаялда борхулеб аслияб суал — тIабигIат, гъелъул берцинлъи ва бечелъи цIуни. Аслиял образал. Къи- саялъул художествияб хаслъи. Гъанжесел рухIиялгун-инсанлъиялъул суалал рагьизе АхIмадханил махщел. Даргиязул хабариял асарал церетIезариялъулъ хъвадарухъанас лъураб бутIа.<br>**«Магьидул хъалиян», «КIиго херлъи».** Халкъазда, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи-вацлъи. КIиго батIияб улкаялъул вакилзабазда гьоркьоб гьудуллъиялъул асар бижи хабаралъ- ул аслияб пикру. Даниялъул ччугIихъабазул образал. Кубачи росдал су- рат, гъелъул машгъурал устарзабазул сипатал.<br>**«КIиго херлъи».** Инсанасул | |

| | |
|---|---|
| рухIияб бечелъи захIматалда бухьараб букIиналъул хIакъалъулъ авторасул пикраби. Сахаваталлъун, гурхIел- цIоб бугеллъун рукIин - гIумруялда нур базаби.<br>ГIумругун къеркьеялъ чиясул рекIелъ рухIияб чаран лъей, жиндир-го черх куцаялъ, гIакълу лъадариялъ инсан камил гьави - хабаралъул аслияб магIна. Инсанги тIабигIатги дандекквей.<br><br>**Аткъай Аджаматов.**<br>**«Дун чIухIула», «РитIучIил лълъурдул» (обзор) (3 сагIат)**<br>Поэтасул гIумруялъул ва творчествоялъул хIакъалъулъ къокъаб<br>баян.<br>**«Дун чIухIула»** абураб къисаялъул идея ва аслиял образал. Рагъдаса хадуб Аткъайил кочIолаб гьунар цIубай. **«РитIучIил лълъурдул»** абураб поэмаялъул идея ва аслиял образал.<br><br>**МутIалиб Митаров.**<br>**«Чагуралъул къиса».** Поэмаялъул | |

| | |
|---|---|
| тема ва идея. Жиндирго къагIидаялъ рагъул тема рагьизе поэтасда ратарал ресал. Аслияб об- разал.<br>**«Устар» (къокъ гьабураб).** ШагIирасул гIумруялъул хIакъалъулъ къокъаб баян. Поэмаялъул гIуцIи ва аслияб пикру.<br>Махщел тIокIай ессарухъан Перил сипат. Гьелъул махщалие халкъалъ кьолеб къимат. Поэмаялъул пикру рагьиялъе тIабигIаталъул сипатазул кIвар.<br><br>**Хизгил Авшалумов.**<br>**«Вас», «Дербенталдаса Шими» (цо-цо харбал)**<br>**«Дир мадугьал - дир тушман.** Хъвадарухъанасул гIумру ва адабияб хIаракатчилъи.<br>МацIихъанлъи ва базарганлъи гьабулел чIукIнабазда авторас кьабулеб сатирияб цIал.<br>Гамбарил сипат. ЧIукIнаяс какулев Сары-Самад - ракIбацIцIадав инсан.Сатириял сипатал рагьизе авторасул бугеб махщел.<br><br>**Кадрия.** | |

| | |
|---|---|
| **«Дир льимерлъиялда хиял букIана»**<br>ШагIиралъул гIумруялъул хIакъалъулъ къокъаб баян. ГIагараб хал-<br>къалъе хъулухъ гьаби, гьелда цебе щивав чияс жиндирго налъи тIубай - кочIол аслияб пикру.<br><br>**Кочхюралдаса СагIид.**<br>**«Милъиршо», «АхIе кучIдул, ашуг»**<br>ТIабигIаталъул берцинлъи — милъиршо. Ихдал бачIунеб, хаслихъе унеб эркенаб хIанчIида шагIирасул бахиллъи. Живги эркенлъиялде цадахъ вачеян милъиршоялда гьари.<br>**«АхIе кучIдул, ашуг»** — машгьурав лезгияв ашугасул программи- яб асар. Жиндир тIолабго шигIрияб гьунар гIадатал гIадамазул ракIал гIатIид гьаризе ва гьезул пашманлъи тIаса босиялде кочIохъаби ахIи.<br>**«Мурсал ханасе нагIана», «Дир къисматалъул гьоко»**<br><br>**Батирай.** | |

| | |
|---|---|
| **БахIарчиясул кучIдул «Жамав ханасул илхъи цо ду- цаго хъамулев...», «Варакъалъул жалги ккун...», «Рагъ-кьал тIаде бачIани...», «БахIарчияв инсуе...», «ЧIаго таги бахIарчи...», «ЦIар рагIарав бахIарчи...»**<br>ШагIирасул гIумруялъул ва кочIохъанлъиялъул хIакъалъулъ баян. Батирайил заманаялъ ВатIан цIуниялъул букIараб цIарги кIварги.<br>Нусгоясде данде цохIо живго вагъулев бахIарчиясул романтикияб сипат ва гьелъул кIвар.<br>Батирайил кочIолаб каламалъул гъварилъи, гIадатлъи ва къокълъи.<br>19 гIасруялъул ахиралде Дагъистаналъул поэтаз инсанасул эркенаб гIишкъуялъул тема тIасабищи ва, рухIаниязул ахираталде хIадурлъиялъул тIалабазда данде чIун, дунялалъул, чIагояб гIумруялъул гьайбатлъи кочIолъ ахIи. Дуниял гIуцIизе, гьелъул тIагIам босизе гьукъулеб рухIаниязул идеологиялда кIал гьикъун, инсанасул гIишкъуялъул, гIумруялъул берцинлъиялъул кочIолъ | |

| | |
|---|---|
| ахIулезул цояв - **ГIумарил Батырай.**<br>Батырайил гIумруялъул ва творческияб нухалъул хIакъалъулъ баян. БахIарчилъиялъул хIакъалъулъ кучIдул. Батырайил кучIдузулъ ритIухълъиялъе гIоло къеркьолев бахIарчиясул романтикияб хасия-<br>талъул образ.<br>**Рокьул кучIдул.** Батырайил лирикиял кучIдузулъ асаралъул хIалуцин, гIишкъуялъул нухда дандчIвалел захIмалъаби, чIужугIадан кIодо гьайи — дунялалъул кеп босизе гьукъулеб диналда данде къеркьейлъун букIин. КигIан гьитIинабги гIишкъул гугьар гвангъун загьир гьабизе поэтас хIалтIизарурал художествиял рагIабазул бечелъи ва хаслъи.<br>Мискинзабазул би цIулеб обществияб гIуцIи Батырайил кучIдузулъ какун бугеб куц. **«Дир бадиб хьухь лъугьана», «Доб борхатаб магIарда», «Огь, кин дица кечI ахIилеб», «Дица кечI ахIулаан», «Векьарухъанасде», «Бечедасде», «Алмасалъ цIер** | |

| | |
|---|---|
| **гIадинан», «Рохьор гIаркьелаздаса гIемер гьудулзаби дир».**<br><br>**Ахтиса ХIажи.**<br>**«Мискинас гIакълу кьуни»,** гьесухъ гIинтIамунгутIи, гIадгьави. Бечедасул гьури-мучI гъваридаб пикрулъун тей — ращалъи гьечIеб жамгIияталда билълъараб закон. Мискинчи — хIалтIуда, хIалихьат-— тахида.<br>**«Цо кагъат битIе»**— Бакуялда кигIан хIалтIаниги, кодобе жо щоларого вугев шагIирасул чара бухIи. Кибго мискинчиясул тIом ччукIи рекIеда захIмалъи. СихIирги саяхъги бетIералда, мискинзаби гьезул зулмуялда гъоркь гIазаб чIамулел.<br><br>**Йирчи Гъазахъ.**<br>ШагIирасул гIумруялъул ва гьесул заманаялъул хIакъалъулъ къо- къаб баян.<br>**«Икъбал».** Бечелъиялде балагьун, чиясул къадру борцунеб социа-<br>лияб гIуцIиялде авторас гIунтIизабулеб гIайиб.<br>БахIарчилъиялде, гьунаралде, | |

| | |
|---|---|
| гIакълу-лъаялде балагьичIого, гIарац цIикIкIарасул цIар гьабулеб букIиналдаса шагIирасул пашманлъи.<br>**«Сибиралдаса кагъат».** ВатIанги тезабун, Сибиралде ритIарал дагъистаниязул кьогIаб гIумруялъул сурат цебечIезабун бугеб куц. Тус-нахъ къотIаразул рижараб ракьалъухъ урхъи.<br>Зулмуяб хIукуматалде дандечIеялъул бакънал кочIолъ загьирлъи.<br>**«Векьарухъанасул кечI»**<br>Чияда цеве хIалтIизе ккарав мискинав векьарухъанасул угьди-зига- ра — кочIол тема. Мискинзаби инжит гьаризе рес кьолеб социалияб гIуцIиялде шагIирас гьабулеб гIайиблъун кечI букIин.<br>**Йирчи Гъазахъил** кучIдузулъ мискинзабазе бугеб зулмуялъул, гье-зул гьин бечедаз цIцIуялъул тема рагьи. **«Векьарухъанасул кечI»**, цебе малъараб.<br>I9 гIасруялъул бащалъиялда гIурус пачаяс лъарагIлъиялъул ракьалда кверщел гьаби ва гьелдаго цадахъ | |

| | |
|---|---|
| Дагъистаналъул гIодоблъиялда капитализмалъул гьоркьорлъаби тIиритIи. Гьелда бан лъарагIлъиялъул росабалъ некIсиял обществиял гьоркьорлъаби хвезе лъугьин гьеб заманалъул кучIдузулъ загьирлъи.<br>Пачаясул туснахъазда бугеб хIалалъул хIакъикъат рагьулел Сибиралдаса ритIарал кучIдул: **«Сибиралдаса кагътал».**<br>КьогIаб гIумруялъул, рухIияб бечелъиялъул хIакъалъулъ кучIдул:<br>**«ГIакъиласул сабру», «Бихьинчи кинав вукIине кколев?», «БатIияб мех», «Асхар-тау».**<br>Хадубккунги лъарагIазул реалистияб поэзия цебетIеялъе Йирчил кучIдузул кIвар.<br><br>**Кьуркълиса Шаза.**<br>**«Саву ккана каранда», «Къваридаб хIараялъуб къараб гулла киниги...». «КIанцIи хехаб мугIрул чан...»**<br>Шазал гIумруялъул хIакъалъулъ къокъаб баян. | |

| | |
|---|---|
| Бечедав вукІиналъ жиндие щоларев васас, ячинилан гуккун, рехун тарай ясалъул кьогІаб къисмат, рокьул гІазаб, рухІияб бечелъи рагьизе кочІохъаналъул бугеб гьунар.<br>**«Дир хирияв хъергъу!», «Къваридаб хІараялъуб къараб гулла кинигин», «ГІидрадал гІуруялда кенчІолеб гІазу».**<br><br>**Къалухъа Мирза.**<br>**«Ханасе жаваб», «ТалихІаб булбул»**<br>ШагІирасул гІумруялъул хІакъалъулъ къокъаб баян.<br>**«Ханасе жаваб».** Ханзабазул, бегзабазул рахІму гьечІолъи, хал-къалъе зулму гьаби кочІолъ какун бугеб куц. Рубас жаниблъиялда квер-щел гьабурав, хъантІарав ханасе халкъалъул рахъалдасан Мирзаца кьолеб жаваб.<br>Гьидалъа Хочбарилги Мирзалги ханзабазе кьолеб жавабалъул гІамлъи букІиналъе гІилла.<br>**«ТалихІаб булбул».** ТалихІ къарал мискинзабазулгун гІумру дан-деккун, Мирзаца ахІараб кечІ. | |

| | |
|---|---|
| ТІугьдул магІилъ ччурал, хер бечІан гІодоб чІварал гІадамазул къварилъи бигьалъизе бакъан тІамеян, бул- булалде хитІаб гьабун, ракІчучи.<br><br>Мирзаца булбулалда жиндир талихІаб бацилан абиялъе гІилла.<br><br>ХъантІарал, вахІшиял ханзаби какарал, эркенлъиялде, цолъиялде халкъ ахІарал Мирзал кучІдул. **«Ханасе жаваб»** (цебеккун малъараб анализалъе), **«Айгъиралде», «ГІашикъаб булбул», «Халкъалде ахІи бай».** ГІумруялъул кьогІаб хІакъикъат рагьун бихьизаби, тІекълъиялде рокьукълъи, эркенлъиялде цІайи, ВатІан хиралъиялъул асар гвангъун бихьизаби — Мирзал кучІдузул хаслъи.<br><br>**Ятим Эмин.**<br><br>**«Васият», «КъватІул харбал цІалкІулел херал руччабазде».**<br><br>ШагІирасул гІумруялъул хІакъалъулъ къокъаб баян.<br><br>**«Васият».** Бечедаздаги мискинзабаздаги гьоркьоб шагІирас | |

| | |
|---|---|
| чIвалеб рухIияб гIурхъи. Жив хвараб мехалъ, жинцаго гIадин, гIазабалъул лълъар гьекъарал мискинзаби гурони, вукъизе чагIи рачIунгеян васият гьабиялъе гIилла. **«КъватIул харбал цIалкIулел херал руччабазде».** МацI гьабуге-ян херал руччабаздехун Эминил гьари. КъватIул харбаз, мацIихъабаз шагIирасул гIумру хвезаби. МацIихъабазе къимат кьезе, гьезул гIамал- хасият рагьун бихьизабизе кочIолъ хIалтIизарун ругел сипатиял рагIаби, эпитетал. **«Ле, халкъ», «Гьудулзабазде», «Огь, нилъер гIумру».** Миллияб эр-кенлъиялъе гIоло гьабураб къеркьеялъулъ къеялда ва жанисеб зулму цIикIкIиналда бан, Эминил кучIдузулъ ахирал соназда дунялалдаса ракI буссарал пашманал бакънал рагIизе лъугьин. **«Васият, «Огь, па- наяб дунял». «Дир ракI батизе гьабулезде», «Эминил васигат».** **Ятим Эминил** гIумру ва творческияб нух. Ашугазулаб поэзиялдаса литератураялде вачIин. | |

| | |
|---|---|
| Азербайджаназул классияб поэзиялъ Эминил творчествоялъе гьабураб асар (Вагиф, Видади).<br>Обществияб гIуцIи ва халкъалъе бугеб гIазаб какулел асарал. (цебе малъараб).<br>**Ятим Эминил заманалъул лезгиязул поэтал (2 сагIат)**<br>Мискинзаби зурулеб обществияб гIуцIи какулел, бечедаздехун классияб рокьукълъи загьир гьабулел, рес къотIиялъ бетIербахъиялъе къватIире рахъине ккарал мискинзабазул угьди-зигара загьирлъулел **Мазали ГIалил («ВатIан», «Мискинлъи», «Ханасде»), Ахтыялдаса ХIажил («ХIалтIухъанасул кагъат», «Бице», «Баку»)** кучIдул.<br>Дагъистаналда киналго миллатазул мискинзабазул къисмат цого букIиналъе гьез гьабулеб нугIлъи.<br><br>**Мунги АхIмад.**<br>**«КъатIра ритIухълъи гьечIеб, панаяб дунял», «Шамилил суд»**<br>ШагIирасул гIумруялъул хIакъалъулъ къокъаб баян. | |

| | |
|---|---|
| **«КъатIра ритIухълъи гьечIеб, панаяб дунял».** РитIухълъи гьечIеб гIумру мискинзабазе гIазаблъун букIин кочIолъ ахIун бугеб куц. Цебе- себ социалияб гIуцIиялъе шагIирас кьолеб бугеб нагIана.<br>Жидер кьогIаб къисматалда тIад мискинзаби ургъизе тIами - кочIол аслияб мурад.<br>**«Шамилил суд».** КочIолъ бодул цевехъанасул тохлъиялъул багьа. Тохлъи биччарасе Шамилица гьабураб тамихI.<br>Рогьо чуризе рес кьей - кьалда рагъухъаби лъадариялъул цо къагIида. БахIарчиясул цIар хехго тIибитIиялъе гIилла.<br><br>**Манай ГIалибегов.**<br>Пачаяс тIад тарал цIиял хIакимзабазул инжитаб гIадлу- низам, чамгIалаб рукIа-рахъин, хъантIи, рухIияб язихъ- лъи къватIир чIвазарулел кучIдул: **«Нижер тIадчагIи», «ХIакимазул ишал», «Аксаялдаса ясазул гIарза».**<br><br>**ЗайнулгIабид Батырмурзаев.** | |

| | |
|---|---|
| Эркенлъи босизе, революцияб къеркьеялде ахIи бан хъварал кучIдул: **«Халкъалъе гIоло къеркьолесде», «Къокъа ана», «Рогьалил цIва».**<br><br>**ХIасан Гузунов.**<br>**«ГIункIкIги цIулакьоги».** Свин гьечIеб, талихI кьечIеб рокьул, магIарулалъул кьогIаб гIумруялъул, гIадамазул рекIкIалъул хIакъалъулъ.<br><br>**СагIид Габиев.**<br>**«Анищ», «Мурад».**<br><br>**Гьарун СагIидов.**<br>**«Партизаназул кечI»** (цебеккун малъараб — анализалъе), пьеса **«ГъалайчагIи».**<br><br>**МухIамад-Султан ЯхIяев.**<br>**«Питна».** Лъималазул гьудуллъи-вацлъи. Гьезда гьоркьоб питна бекьулев ягъзин. Гьудулзаби рагьизе тIами ва гьелъул хIасил. КIиялго рекъон, питнадулав вухи.<br>**«ГIурул ханал»** — гьалмагъзаби | |

| | |
|---|---|
| гуккун, цIар босизе къваригIарав цIалдохъанасул къухьаб гIамал. ХIарам кида-къадги тIатинчIого хутIунгутIи. Лъималазда гьоркьоб хIалихьалъи бегьунгутIи.<br>МацIалъул бечелъи. Диалектиял (бакIалъул) рагIаби. Басралъарал рагIаби. Сипат-сурат цебечIезабиялъул ва лъугьа-бахъиназул хIакъалъулъ баян.<br><br>**Хашагиса Беццав Къурбан.**<br>**«Мискинав Шахул яс». Авар мацIалъулгун бухьен**<br>МацIалъул бечелъи. Диалектикиял (бакIалъул) рагIаби. Басралъарал рагIаби. Сипат-сурат цебечIезабиялъул ва лъугьа-бахъиназул хIакъалъулъ баян.<br>**Къияс Мажидов.**<br>**«МугIрузул цIумазе хвел букIунадай».** Хъвадарухъанасул гIумру ва адабияб хIаракатчилъи.<br>Къисаялъул тема ва пикру. Радал гIужалъе хъвадарухъанас гьабураб сипат-сурат. ГIадарие Нурали-бабаца кьураб къимат. ГIолохъанав чанахъанасе херас рагьараб | |

| | |
|---|---|
| балъголъи. Нурали-бабал сипат.<br>Хабаралъулъ хIалтIизарун ругел сипатиял рагIабазул бугеб кIвар. Къияс Мажидовасул асаразул мацIалъе хасиятал рахъал.<br><br>**Багьавудин Митаров.**<br>**«Бице гьудулзабазда».** ШагIирасул гIумруялъул хIакъалъулъ къокъаб баян.<br>Рокъобе кагъат хIисабалда хъвараб кочIол пикру — Советияб Армиялъ бергьенлъи босиялда ракIчIей ва гьелдаса чIухIи.<br>ВатIаналде къо ккараб мехалъ, керен кьун, гьеб цIунулезда гьорлъ вукIине щвей шагIирас талихIлъун рикIкIин.<br>Фронталъулги тылалъулги цолъи, рухIияб гъунки загьир гьабизе шагIирас хIалтIизабураб кочIол форма.<br><br>**ГIалирза СагIидов.**<br>**«ГIазул тIаргъал», «РачIа гьудулзаби».** КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босиялдаса чIухIиялъул асар загьир гьабизе | |

| | |
|---|---|
| тIабигIияб сипаталдаса пайда бугеб куц. ХитIабияб къагIидаялда кечI гIуцIиялъ рекIел асар гIатIидго рагьизе кьолеб рес.<br>**«РачIа, гьудулзаби».** Дагъистаналда гьудуллъиги вацлъиги бищун тIадегIанаб рухIияб бечелъи букIин кочIолъ загьир гьабун бугеб куц. ВатIан хиралъиялъул, гьелдаса чIухIиялъул асар шагIирасда кьезе кIун бугеб куц ва гьелъие ратарал ресал.<br><br>**МухIамад-Расул.**<br>**«Эбелалъул рахIму».** Васасдехун эбелалъул бугеб кIудияб рокьи ва божилъи сабураб гIорхъода чIезабизе Насибатил цIодораб махщел.<br>ГьитIинлъиялъ ва гIанчIлъиялъ Алмасил ккарал гъалатIал. Квешлъиялдаса вас цIунизе эбелалъул божилъиялъул бугеб кIвар.<br>Щивав багьадурасе авторас кьолеб къимат загьирлъулел сипатиял рагIаби.<br><br>**Анвар Аджиев.** | |

| | |
|---|---|
| **«БахIарчиясул куркьби».** ШагIирасул гIумру ва адабияб хIаракатчилъи. Заман аниги, дунял хисаниги, халкъалъе гIоло гIумруги рухIги кьурав бахIарчиясе хвел гьечIо. Гьесул цIарги ишалги думалъго хутIизе руго халкъалъул рекIелъ, шагIирзабазул кучIдузулъ.<br><br>**Юсуп Хаппалаев.**<br>**«Оцбай», «Халкъияб кечI».** Халкъияв шагIирасул гIумру ва адабияб хIаракатчилъи.<br>**«Оцбай».** МагIарухъ ихдалил оцбаялъул байрам бихьизабун бугеб куц. НекIсияб гIадаталда цIияб рухI лъей. Ракьул рухIги махIги лъалев машгьурав векьарухъанасул захIматалъе шагIирас гьабулеб рецц.<br>**«Халкъияб кечI»** — миллаталъул рухI. Гьелъулъ загьирлъула хал-<br>къалъул тарихги, гIамал-хасиятги, рохелги, пашманлъиги ва къисматги.<br><br>**Нурадин Юсупов.**<br>**«Гьавураб къо» (поэма).**<br>ШагIирасул гIумруялъул | |

| | |
|---|---|
| хIакъалъулъ къокъаб баян.<br>ЗахIмат бокьулев чи кидаго жиндирго мурадалде щола. ХIалтIуца гурони инсан берцин гьавуларо, гьесул магIишат цебетIезабуларо - поэмаялъул пикру.<br>Маргьа шигIруяб къагIидаялда хъван букIин — гьелъул хаслъи.<br><br>**Феликс Бахшиев.**<br>**«Минаялда тIад бомба».** РакIбацIцIадго хIалтIулев, гьунар тIокIав хирургасул намус-яхI гIарцул сайигъатаз чурун, чучлъулеб куц, жиндаго лъачIого, гьесул гIамал-хасият хисулеб, ракIалда кьаву чIвалеб, гьелъ хъизаналда жанибгицин гьуинаб гьоркьоблъи бикьулеблъи ва гьеб закон букIин авторас бихьизабун бугеб куц. Марат ГIалихановичасул, лъади Мариял сипатал. Сайгъатилан ришват боси — советияб заманальго гIадатияб жолъун лъугьин. Гьанже кIалгьикъун гьеб бахъулеб бугеблъи — рухIияб асар гIарцухъ хисиялъул хIасил. | |

<table>
<tr><td>

**Ибрагьим ХIусейнов.**

**«Имам Шамилги ягьудияв Юсупги».**

ШагIирасул гIумруялъул хIакъалъулъ баян. Гьесул поэзиялъул хаслъи. Шамилил хIаракаталъе шагIирас кьолеб къимат. Эркенлъи цIунулеб халкъ — камилаб халкъ — поэмаялъул аслияб пикру.

**АхIмад Жачаев.**

**«ГъотIоркIо», «ГьитIинав чанахъан».** ГIисинлъималазул гIумру ва гьезул рухIияб дуниял бихьизабизе авторасул бугеб гьунар. Гьезул кIарчанлъиялъ ва пикрабаз шагIирасе кьолеб рухIияб лазат.

</td><td></td></tr>
<tr><td colspan="2" align="center">

**7. ОБЗОРАЛ (113 саг1ат)**

</td></tr>
<tr><td>

**XVIII-XIX гIасрабазда хъвавулаб адабият (обзор)**

Кочхюралдаса СагIидил, Къалухъа Мирзал литературияб хIаракатчилъи. **«Мурсалханасе нагIана», «Ханасе Мирзал жаваб».**

ГъаракIуниса СагIид, ГIаймакиса Абубакар. Къудукьа МухIамад, Кудалиса ХIасан — авар мацIалда

</td><td>

XVIII-XIX г1асруялъул хъвадарухъабазул асарал пасих1го ц1ализе.

Литературияб асар бич1ч1изе, нахъг1унт1изе, гъорлъе ккун лъазе.

Живго жиндаго ч1ун, ц1алараб асаралъул маг1на бицине.

</td></tr>
</table>

| | |
|---|---|
| хъвавулаб литератураялъе кьучIлъурал чагIи. Гьезул насихIат— кучIдул.<br>ГIарабазул хIарпал авар мацIалъе рекъезари ва хъвавулаб литерату-<br>ра цебетIеялъе гьелъул кIвар.<br>Дагъистан Россиялъул кверщаликье ин ва гьелъул пайда. Эркенлъиялъе ва жалго жидедаго чIеялъе гIоло магIарулаз гьабураб къеркьей. Дагъистаналда лъугьараб обществиябгун-политикияб ахIвал-хIал.<br>XIX гIасруялъул литература. Гьеб заманалъул литератураялда жаниб эркенлъиялъе гIоло къеркьеялъул тема.<br>Дунялалъул тIалаб гьабичIого, ахираталде хIадурлъизе ахIулеб тIарикъатчагIазул квачIикьа рорчIиялъе нугIлъи гьабулеб лирикияб ва социалияб гIуцIиялъул гIунгутIаби какулеб поэзия цебетIей. Диналда- са тIун, халкъалъул рухIияб эркенлъи кучIдузулъ загьир гьаби.<br>ГIурусазде ва гьезул культураялде гIагарлъи, гьелъул кIвар. (А. С. Пушкин, В. Г. Белинский, М. Ю. | Асаралъул план г1уц1изе.<br><br>Асаразул аслиял героязе ва аслиял лъугьа-бахъиназе характеристика кьезе.<br><br>Рич1ч1уларел раг1аби ратизе ва гьезие баян кьезе.<br><br>Асаразда т1асан хурхун суалал кьезе.<br><br>Асаразда хурхун, хъван яги бицун, жавабал кьезе.<br><br>Авторасул кинаб бербалагьи асаразул герояздехун бугебали ургъизе.<br><br>Щиб мурадалда хъвараб асарали пикру гьабизе.<br><br>Киналго асаразе хасиятаблъун бугеб жо бугищали ралагьизе.<br><br>Аслияв героясе характеристика кьезе. |

| | |
|---|---|
| Лермонтов, Л. Н. Толстой, А. Полежаев, А. А. Бестужев-Марлинский, П. К. Услар). | Рич1ч1уларел раг1аби ратизе ва гьезие баян кьезе. |
| | ХХ г1асруялъул байбихьуда рук1арал хъвадарухъабазул асаразда т1асан суалал кьезе. |
| **ГIалихIажиясул заманалъул аваразул поэтал (обзор)** <br> **ГIанхил Марин.** РухIияб эркенлъиялъе гIоло поэтессаялъ гьабураб къеркьей. Бечелъиялъухъ гIишкъу бичун босулезда, рокьуе хилипазда гьелъ чIвалеб гIайиб. | ХХ г1асруялъул адабияталъул асаразда т1асан лъурал суалазе жавабал кьезе (хъван яги бицун). |
| **Хьаргабиса Бегиласул** асаразулъ мискинлъиялъул ва эркенлъиялъе гIоло къеркьеялъул тема. | Куч1дул пасих1го ц1ализе ва рек1ехъе лъазаризе. |
| Пачаясул зулму какарал Сугъралъа МуртазагIалихIажиясул кучIдул. | Лирикаялъе баян кьезе. |
| **ЧIикIаса МухIамадил** лирика. **«МутагIилзабиги гIухьбиги».** **Ругъжаса Элдариласул** лирика. ЧIужугIадан кIодо гьайи, рухIияб эркенлъи бецци. ЧIужугIаданалъул берцинлъиялъе, цIодорлъиялъе, гIишкъуялъе бетIер къули — бищун тIадегIанаб дин. **«Аваданай гьудул», «Нур балеб чирахъ».** Бечедазул вахIшилъи, намус тIагIин каки **(«Хъуру-хъара», «Жергъен гьартун ккана»).** | Ц1алиялъул ва г1умруялъул рахъалъ щвараб жиндирго х1албихьиги х1исабалде босун, литературияб материалалда т1асан сочинение хъвазе. <br> Жиндирго хъвавул х1алт1абазулъ гъалат1ал ралагьизе ва гьел рит1изаризе. <br> Асараздаса пайдаги босун, литературияб макъала хъвазе. |

| | |
|---|---|
| **ЧIанкIал ва МахIмудил заманалъул поэтал (обзор)**<br>XIX гIасруялъул ахиралда аваразул обществияб гIумру ва рукIа- рахъин **Этил ГIалил («Билараб гIакдаде», «Гъудуласде»), Кьохъа МухIамадил («РагIи кIодо, кIал гIемер», «Эркенлъи»), Инхелоса Кьурбанил («Рокьул кьо», «Кундуховасде»)** асаразулъ загьирлъулеб куц.<br>Язихъаб гIумруялъул сурат, эркенлъиялде цIайи.<br><br>**1917-1945 соназда Дагъистаналъул советияб адабият (обзор)**<br>Дагъистаналъул миллатазда цIияб рухI лъезе, канаб чIаголъиялъул нухде лъугьине, жагьиллъиялдаса рорчIизе КIудияб Октябралъул рево- люциялъул кIвар. Социалияб гьумер хисиялъе халкъалъул гIумруялда культурияб революция тIобитIизе гьелъ рагьарал нухал.<br>Миллияб литература социалистияб реализмалъул нухде лъугьине гьел | Асарал ва гьезул героял дандекквезе ва гьезие къимат кьезе.<br><br>Хъвадарухъанасе, асаралъе, гьеб хъвараб къаг1идаялъе г1аммаб характеристика кьезе.<br><br>XIX г1асруялда авар адабияталъул асаразе хасиятал темаби, образал ва инсан вихьизавиялъул къаг1идаби загьир гьаризе.<br><br>Хъвадарухъабазул х1акъалъулъ т1адеги материал бак1аризе, т1ахьазде, интернеталде раккизе, гьезул бат1иял асаралги ц1ализе.<br><br>Асараздасан пасих1ал раг1аби, гьваридал мухъал рат1а гьарун хъвазе, рек1ехъе лъазаризе.<br><br>Асаразул сюжетал ва персонажал дандекквезе.<br><br>Инхоса Г1алих1ажиясул, Бакьайч1иса Ч1анк1ал, Хъах1аб росулъа Мах1мудил, Сулейман |

| | |
|---|---|
| лъугьа-бахъиназ рагьараб каву.<br>Хъвадарухъаби ва поэтал данде ракIари ва гьезул тIалаб-агъаз гьаби. Республикаялда хъвадарухъабазул Союз гIуцIи, халкъиял поэтазулгун гьабураб хIалтIи.<br>Дагъистаналъул литературиял къуватал щулалъиялъе, гIеялъе **А.М. Горькил** квербакъи. Дагъистаналъул хъвадарухъабазул тIоцебесеб съезд. Хъвадарухъабазул тIолгосоюзалъул съездалда Дагъистаналъул делегациялъ гIахьаллъи гьаби ва гьелъул кIвар.<br>Дагъистаналъул миллатазул литератураялъул цоцадехун хурхен ва идейнияб гIагарлъи. Дагъистаналда хабариял ва драмалъул асарал раккиялъе ва церетIеялъе гIурус литератураялъул ккараб сабаб. **(Э. Каписв «Поэт», М. Хуршилов «Сулахъалъ нугIлъи гьабула». 3. ХIажиев «Къиямасеб къо», «ХIаскъил ва Шамил», Ражаб Дин-МухIамаев «Хъабчилъ бахIарзал», Рабадан Нуров «Зулму»,**<br>**«ГIайшат гIадатазул квачIикь»,** | Стальский, Эфенди Капиевасул творчествоялъул ва гьезул биографиялъул лъаларел баянал т1адеги ралагьизе.<br><br>Цо программаялда бугеб асаралъул реализмалъул хаслъиялъул х1акъаълъулъ учителасул нухмалъиялда гъоркь х1алт1и хъвазе.<br><br>Цо художественнияб асар бич1ч1ун ц1ализе, ц1алалъул х1акъалъулъ пикру загьир гьабизе.<br><br>Асаралъул тема ва идея баян гьабизе.<br><br>Асаралъул г1аммаб маг1на бицине, персонажазе къимат кьезе.<br><br>Асаралъул тарих, хъвараб къаг1ида ва хаслъи бицине.<br><br>Асаралда т1асан гьит1инаб конспект яги макъала хъвазе.<br><br>Литературиял асаразда т1асан |

| | |
|---|---|
| **«КъватIив чIвазаврав щайих», Алим-Паша Салаватов «БагIарал партизанал», «Айгъази», М. Ча- ринов «ХIабибат ва ХIажияв», «Шумайсат», «Шагалай».)** <br> Дагъистаналъул советияб литератураялъе къучI лъурал рагIул устарзаби: **Сулейман Стальский, ЦIадаса ХIамзат, Заид ХIажиев, Эффенди Капиев, АбутIалиб Гъапуров, Рабадан Нуров, ГIабдула МухIамадов, Гъазияв ГIали, Абулмуслим Жафаров, Аткъай Аджа- матов, ГIазиз Иминагъаев.** <br> Революциялъул нухда цIияб чIаголъи гIуцIи, социалистияб ВатIан цIунизе, бецIал гIадатаздаса рорчIизе, цIияб гIумру гIуцIулезул жигарчилъи - гьел соназул Дагъистаналъул литератураялъул аслияб тема. <br> Дагъистаналдаги социализм бергьин, гьелъул хIасилалда советияб миллияб литература цебетIей. <br> Граждан рагъазул темаялда хъварал асарал. <br> **(М. Хуршилов «Сулахъалъ нугIлъи гьабула», Алим-Паша Салаватов «БагIарал пар- тизанал»,** | рецензиял, отзывал, аннотациял хъвазе. |

| | |
|---|---|
| **Ражаб Дин-МухIамаев «Хъабчилъ бахIарзал», Аяв Акавов «Аздагьо чIвараб гIужрукь»).**<br>ХIалтIухъабазул класс бижиялъул ва цIубаялъул хIакъалъулъ асарал.<br>**(ГI. ФатахIов «Ударник ХIасан»).**<br>Дагъистаналъул миллатазул поэзия цебетIей ва тIегьай: **Хурюгалдаса ТIагьирил («Ахакь», «Зодил багьадур», «Ахты», «Дие херлъизе заман гьечIо»); Багьавудин Астемировасул («Пири», «БагIараб рогьел», «Милъиршодул кечI», «БагIарав партизан»); Гъазияв ГIалил («ХъахIаб канлъи ва багIараб канлъи», «Рахьибай»); Наби Ханмурзаевасул («Чирмакъолол гIарза»); ГIабдул-Вагьаб Сулеймановасул («Дун щив?», «Жакъа»); М.Чариновасул («Инсул ВатIан», «Эркенлъи», «ГIолилазде», «НагIана»); Багьавудин Митаровасул («Дур сурат», «Балагье, гьудулзаби»)** творчество.<br><br>**1946-1990 соназда Дагъистаналъул миллияб адабият** | |

| | |
|---|---|
| **(обзор)**<br>Совет улкаялда социализм бергьин, гьелъул кьучIалда Дагъистаналъул миллатазул культурияб гIумру тIегьай, литература цебетIей. Гьеб хIалуцараб гIуцIарухъанлъиялъул заман хъвадарухъабаз жидерго асаралъ бихьизаби. Къокъаб заманалда жаниб революцияб цебетIеялъул нухда халкъалъ росарал чIахIиял бергьенлъаби.<br>Дагъистаналъул хъвадарухъабазул **II, III, IV, V** съездал, миллияб литература цебетIеялъе гьезул кIвар.<br>Дагъистаналъул халкъазул литература цебетIеялъе миллиял мацIазда газетал ва журналал рахъизе байбихьи, гьелъул кIвар.<br>Дагъистаналъул миллияб литература халкъалъул гIумруялде гIагарлъи, ВатIан хиралъиялъул, рекъел цIуниялъул, социалистияб гIуцIарухъанлъиялъул, эркенаб захIматалъул темаялда батIи-батIияб тайпаялъул (жанралъул) асарал хъвай, гьезда жаниб советияв чиясул рухIияб дуниялги захIматалъул бергьенлъабиги рагьи. | |

| | |
|---|---|
| Рагъул соназ Совет халкъалъ бихьизабураб бахIарчилъиялъул, гъунаразул хIакъалъулъ асарал. Гъезда жаниб рагъулаб борч тIубаялъул, миллатазда гъоркьоб гъудуллъи-вацлъи щулалъиялъул, ВатIан хиралъ-иялъул тема гIатIидго рагьи.<br>**Расул ХIамзатовасул «Россиялъул солдатал», «Вацасул хоб», МухIамад Сулимановасул «Рагъул нухазда», Фазу ГIалиевалъул «18 их», М. Гъайирбековалъул «РакIалъ цIа гIолеб буго» ГI. Хачаловасул «Лъукъараб кечI», Т. Таймасхановасул «Ралъдал багъадур», МухIамад Атабаевасул «Бикъараб хвел».**<br>Рагъул темаялда хъварал къисаби. **М.МухIамадовасул «РикIкIадал мугIрузда», Т. Таймасхановасул «КIилкIазе биун тIураб гулла».**<br>Дагъистаналъул литератураялда жанир къисаби, романал цIикIкIин ва гьезул тематикаялъул бечелъи. ВатIаналъе гIоло къеркьо- лаго ва хIалтIулаго, цIияб гIелалъул рухIияб дунял бечелъулеб, саха- ватаб гIамал-хасият лъадарулеб куц бихьизаби. | |

| | |
|---|---|
| Рагъулъ ва хIалтIулъ бергьенлъаби росараб куц гъваридго рагьи. **(М.Сулимановасул «Огниялда», Манаф Шамхаловасул «Чирахъчай расалъуда», М. МухIамадовасул «Къисас», «Бакъдасел», Къияс Меджидо-васул «ХъахIаб расалъул тохтир»).** **Ф.ГIалиевалъул** къиса **«Кьолбол мугьру».** Халкъалъ нахъа тараб революцияб нух художествиял асаралъ бихьизаби. ГIелалъ гIелалъухъе къеркьеялъул ва гIуцIарухъанлъиялъул бечедаб хIалбихьи ирсалъе кьей. **(Асадула МухIамаевасул «МагIарулай», М.-С. ЯхIяевасул «Лъабго бакъ», ГIабасил МахIамадил «ЛъабцIул гьавуна», АхIмадхан Абу- Бакарил къисаби, МухIамад-Расулил «Бертадаса хадуб»).** Лирикиял кучIдузул тематика гIатIилъи. ТIабигIияб, политикияб лирика цебетIей. Эркенаб захIматалъул, гIадамазул рухIияб бе-челъиялъул, захIматалъул инсанасул тIадегIанлъиялъул, ВатIаналде, халкъалде, чIужугIаданалде бугеб | |

| | |
|---|---|
| рокьул бечелъиялъул ва гъварилъиялъул хIакъалъулъ кучIдул. Шагь-ГIамир Мурадовасул, ГIалирза СагIидовасул, Ибрагьим ХIусеновасул, Юсуп Хаппалаевасул, Бадави Рамазановасул, Сулейман Рабадановасул, Газимбег Багандовасул, Рашид Рашидовасул, Анвар Аджиевасул, МухIамад Атабаевасул, ГIабасил МахIамадил, ГIумар-ХIажи Шахтамановасул, ХIажи Гъазимирзаевасул тIаса рищарал кучIдул.<br>Умумуз нахъа тараб тарихияб нух художествиял асараздалъун би-хьизабиялъул мурад **(Р. ХIамзатовасул «Хочбарги ханзабиги», «Кав- казалъул къиса», М. Шамхаловасул «Буран»).** | |
| **8. Адабияталъул теория (34 саг1ат)** | |
| Фольклоралъул хIакъалъулъ баян. Маргъаби ва гьезул тайпаби.<br>Микьго гьижаялъул кочIолаб гIуцIи. Хабарияб ва шигIруяб калам. КочIол чвахи, аллитерация.<br>Хабарияб ва шигIруяб каламалъул хIакъалъулъ баян гъварид гьаби.<br>Рифма ва чвахи — кочIолаб | Метафораялъе баян кьезе.<br>Тексталъулъ художествиял образал (инсанасул образ, т1абиг1аталъул образ, лъаг1алил заманазул образ, рух1ч1аголъиялъул образ, лъугьа-бахъиналъул образ, предметалъул образ) рихьизаризе. |

| | |
|---|---|
| каламалъ- ул пасихIлъиялъул форма. КочIол 7 ва 8 гьижаялъул роцен. | Халкъияб ва литературияб фольклоралъул хаслъи бихьизабизе. |
| Адабиял маргьабазул хIакъалъулъ бичIчIи. Халкъияздаса гьезул батIалъи. | Бат1и-бат1иял жанразул литературиял асаразулъ фольклориял г1аламатал ратизе. |
| Эпитеталъул хIакъалъулъ баян. | |
| Дандекквеялъул рахъалъ баян гъварид гьаби. РагIул хъвалсараб магIнаялъул хIакъалъулъ бичIчIи гIатIид гьаби. | Лирикаялъулъ авторасул ва лирикияв героясул образал рат1арахъизе. |
| Асаралъул теория. Асаралъул темаялъул ва аслияб пикруялъул хIакъалъулъ авалияб баян. | Авар хъвадарухъабазул творчество-ялъулъ г1агараб Ват1ан бихьизабиялъул хаслъаби ч1езаризе. |
| Дандекквей такрар гьаби, гьелъул кIвар кочIолъ рагьи. | |
| Адабияв багьадурасул хIакъалъулъ авалияб баян. Гаргар ва авторасул калам рекъонккеялъул кIваралъул бичIчIи гIатIид гьаби. | Художествияб асаралъулъ метафорияб т1абиг1ат дандебачун, гьелъул к1вар ва гьелъие кьолеб къимат баян гьабизе. |
| Хабаралъул хIакъалъулъ баян. Хабаралъул хIакъалъулъ баян. | Тексталъулъ художествияб асаралъул бат1и-батиял мисалал (инсанасул сипат, т1абиг1аталъул сипат, лъаг1алил заманазул сипат, х1айваназул сипат, лъугьа-бахъиназул ва бат1и-бат1иял жанразул сипат) загьир гьаризе. |
| Халкъиял кIалзул асаразул аслиял тайпаби (маргьаби, кучIдул, кицаби, абиял, бицанкIаби) такрар гьари. | |
| ГIажаибал маргьабазул хIакъалъулъ баян гIатIид гьаби. Гиперболаялъул ва кидагосел эпитетазул хIакъалъулъ баян. | |

| | |
|---|---|
| Кидагосел эпитетал. Халкъиял маргьабаздаги хъвадарухъабаз ургъараздаги гьоркьоб батIалъи.<br>КочIол къотIелалъул (строфа) хIакъалъулъ авалияб баян.<br>Метафоралъул хIакъалъулъ авалияб баян. Баснялъул хIакъалъулъ баян. Аллегориялъул хIакъалъулъ бичIчIи.<br>Метафораялъул хIакъалъулъ бичIчIи жеги гъварид гьаби.<br>Хабариял асаразул тайпаби. Хабар. Къиса.<br>Метафораялъул хIакъалъулъ бичIчIи гъварид гьаби.<br>Пейзажияб лирика. Очеркалъул хIакъалъулъ баян гIатIид гьаби.<br>Хабаралъул хIакъалъулъ баян.<br>Асаралъул гIуцIиялъул хIакъалъулъ баян гIатIид гьаби.<br>Сатираялъул хIакъалъулъ авалияб баян.<br>Поэмаялъул хIакъалъулъ авалияб баян.<br>ШигIруяб ва хабарияб каламалъул хIакъалъулъ баян гIатIид гьаби.<br>КочIол гIуцIи. Анкьго ва анцIила цо гьижаялъул роцен, гьезул чвахи. | Бат1и-бат1иял халкъазул мифологиял пикрабазулъ, бат1и-бат1иял халкъал рижиялъул х1акъалъулъ, т1абиг1аталъул г1уц1иялъул х1акъалъулъ, ва г1адамазул х1акъалъулъ г1аммал рахъал ва бат1алъи балагьизе.<br><br>Классикияб ва гьанжесеб адабияталда мифологиял сипатазулъ гьезул функциял рихьизаризе.<br><br>Раг1ул искусствоялъул к1иябго г1аркьелалъулъ – фольклорияб ва адабияталъулаб, хаслъи ва гьел раккиялъул бат1алъи х1исабалде босизе.<br><br>Бат1и-бат1иял жанразул адабияталъул асаразулъ фольклоралъул хасиятал загьир гьаризе ва гьездехун ругел т1алабал рич1ч1изе.<br><br>Художествияб асаралъул хаслъи, такрарлъи гьеч1олъи ва рух1ияб къуват х1исабалде босизе. |

| | |
|---|---|
| Адабияб хасият-гӀамалалъул хӀакъалъулъ авалияб баян.<br>Асаралъул гӀуцӀиялъул (композициялъул)<br>хӀакъалъулъ баян гӀатӀид гьаби.<br>Хабариял асаразул тайпаби такрар гьари. Романалъул хӀакъалъулъ бичӀчӀи.<br>Асаралъул гӀуцӀиялъул хӀакъалъулъ баян гӀатӀид гьаби.<br>Трагедиялъул хӀакъалъулъ баян. Драматургиял асаразул хӀакъалъулъ бичӀчӀи гъварид гьаби.<br>Художествияб адабияталъул баян гӀатӀид гьаби. | Рокьул асаразул героясул ва авторасул, хабар хъвалесул ва гьелъул авторасул, асаразулъ гьезул образазул бат1алъи бихьизабизе.<br><br>Мифологиялъул ва дунялалъулго адабияталъул асаразулъ абадиялъего г1аммал рахъал рихьизе ва художественнияб асаралъул бицунаго, гьел асаразул аслияб сипат баян гьабизе.<br><br>Лъугьа-бахъиназул цебет1еялъул бут1аби рат1арахъизе лъазе ва лъугьа-бахъиназда хурхинч1ел бак1азул маг1на бич1ч1изе.<br><br>Асаралъул художественнияб дунялалъул г1аммаб хасият кьезе ва асаралъулъ даг1ба-раг1иялъул хасият бат1абахъизе ва гьелъул хадусеб цебет1ей бихьизе.<br><br>Асарлъул тематика бат1абахъизе жамг1ияталъе к1вар бугеб лъугьа-бахъиназул хаслъи загьир гьабизе, гьединалго цогидал асаразулгун хурхен бихьизе. |

| | |
|---|---|
| | Асаралъул идеялъулабгун эмоционалияб х1алуциналъе къимат кьезе ва хъвадарухъанасе босизе бокьараб ва нахъ ч1вазе бокьараб жо бат1абахъизе лъазе.<br><br>Коч1ол г1уц1иялъул чвахи ва гьелъул ритмико-метрическиял хаслъабазе къимат кьезе.<br><br>Малъулеб адабияталъул асаралъе гьеб кинаб жанралъул бугебали къимат кьезе.<br><br>Асаразулъ лирикиял ва лиро-эпическиял хаслъаби лъазе.<br><br>Романтикиял куч1дузул асарал пасих1го ц1ализе ва романтизмалъул ва классицизмалъул асаразулъ гьел ц1алиялъулъ бат1алъи лъазе.<br><br>Цо программаялда бугеб асаралъул реализмалъул хаслъиялъул х1акъаълъулъ учителасул нухмалъиялда гъоркь х1алт1и хъвазе. |

| | |
|---|---|
| | Цо художественнияб асар бич1ч1ун ц1ализе, ц1алалъул х1акъалъулъ пикру загьир гьабизе.<br><br>Асаралъул тема ва идея баян гьабизе.<br><br>Асаралъул г1аммаб маг1на бицине, персонажазе къимат кьезе.<br><br>Персонажазул хасиятал данде кквезе, даг1бадулал суалал ратизе ва аслиял ишазул цебет1еялъул болъаби (этапал) рихьизе.<br><br>Хъвадарухъанасул мац1алъул хаслъи бихьизе.<br><br>Художественнияб текст берцинго ц1ализе, рек1ехъе лъазабизе. Литературияб асар сценаялда бихьизабизе ва ролаздалъун х1аялъулъ г1ахьаллъизе.<br><br>Жанралъул хасиятги х1исабалде босун, асар берцинго ц1ализе.<br><br>Информациялъулгун лъай кьеялъул |

| | |
|---|---|
| | бут1аялда щиб киб бугебали лъазе, энциклопедиял, словарал справочникал ва хасаб литература х1алт1изабизе.<br><br>Интерneталъул системабаздасан, библиографиялъул ва библитекабазул каталогаздасан пайда босизе.<br><br>Ц1ех-рехалъулал х1алт1аби (живго жиндаго ч1ун яги цогидазда цадахъ) х1адур гьаризе къвариг1арал т1ахьаздасан конспектал ва рефератал хъвазе. |
| | |